

KOHESI LEKSIKAL ING NOVEL LARA LAPANE KAUM REPUBLIK
ANGGITANIPUN SUPARTO BRATA

SKRIPSI

Dipunaturaken dhumateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Kangge Njangkepi Salah Satunggaling Sarat
Minangka kangge Pikantuk *Gelar* Sarjana Pendidikan



dening:

Hilma Oktaviana Fajrin

NIM 09205241073

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2013

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Kohesi Leksikal Ing Novel Lara Lapane
Kaum Republik Anggitanipun Suparto Brata* menika saged dipunujekaken awit
sampun pikantuk palilah dening *pembimbing*.



Yogyakarta, 28 Juni 2013

Pembimbing I,

Drs. Hardiyanto, M.Hum.

NIP 19561130 198411 1 001

Yogyakarta, 28 Juni 2013

Pembimbing II,

Drs. Mulyana, M.Hum.

NIP 19661003 1992 1 002

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Kohesi Leksikal Ing Novel Lara Lapane Kaum Republik Anggitanipun Suparto Brata* menika sampun dipunandharaken ing pendadaran wonten sangajenging *Dewan Penguji* ing tanggal 9 Juli 2013 saha dipuntetepaken lulus.

DEWAN PENGUJI

Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Dr. Suwardi, M.Hum.	Ketua Penguji		17/7-13
Drs. Mulyana, M.Hum.	Sekretaris Penguji		17/7-13
Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum	Penguji I		17/7-13
Drs. Hardiyanto, M.Hum.	Penguji II		18/7-13

Yogyakarta, Juli 2013

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,



Prof. Dr. Zamzani, M.Pd.

NIP 19550505 198011 1 001

WEDHARAN

Ingang tandha tangan wonten ing ngandhap menika, kula:

Nama : **Hilma Oktaviana Fajrin**

NIM : 09205241073

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa


Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih *karya ilmiah* menika damelan kula piyambak. Samangertos kula, *karya ilmiah* menika wosipun boten dipunserat dening tiyang sanes, kajawi bab-bab tartamtu ingkang kula pendhet minangka *acuan* kanthi adhedhasar tata cara saha etika nyerat *karya ilmiah* ingkang umum.

Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukten bilih wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggul jawab kula pribadi.

Yogyakarta, 28 Juni 2013

Panyerat,



Hilma Oktaviana Fajrin

SESANTI

Njaluk warah supaya weruh, yen wis weruh andum warah.

PISUNGSUNG

Kanthi raos syukur dhumateng Allah SWT. *karya ilmiah* menika kula
pisungsungaken dhateng Bapak saha Ibu ingkang sampun paring
panyengkuyung saha donga.

PRAWACANA

Alhamdulillah wa Syukurillah konjuk dhumateng Allah SWT ingkang tansah paring lumubering rahmat, barokah, saha hidayah dhateng panyerat, saengga skripsi kanthi irah-irahan “*Kohesi Leksikal Ing Novel Lara Lapane Kaum Republik Anggitanipun Suparto Brata*” menika saged kaimpun kanthi nir ing sambekala. Skripsi menika kaserat kangge njangkepi salah satunggaling sarat pikantuk *gelar* sarjana pendidikan.

Skripsi menika saged pungkasan anggenipun nyerat amargi awit sampun dipunsengkuyung saking mapinten-pinten *pihak*. Awit saking menika, panyerat ngaturaken agunging panuwun kanthi tulus dhateng.

1. Bapak Prof. Dr. Zamzani, minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni ingkang sampun paring kalodhangan anggen kula nyerat skripsi menika.
2. Bapak Dr. Suwardi, M. Hum. minangka Pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring panyengkuyung supados nyekapaken skripsi menika.
3. Bapak Hardiyanto, M. Hum. saha Bapak Mulyana, M. Hum. minangka *pembimbing* ingkang tansah kanthi sabar saha tlatos maringi bimbingan tumrap panyerat.
4. Bapak Dr. Purwadi, M. Hum. minangka *Pembimbing Akademik* ingkang sampun maringi bimbingan saha pandom salebeting kula sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
5. Bapak Ibu Dosen Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh mawarni-warni ingkang murakabi saha staf administrasi jurusan PBD ingkang sampun biyantu babagan administrasi tumrap panyerat.
6. *Dewan penguji* sadangunipun Ujian Tugas Akhir Skripsi ingkang sampun paring pitedah saengga anggen kula damel skripsi saha ujian saged katampi.
7. Bapak, Ibu, saha sadaya kulawarga ingkang sampun paring panyengkuyung kaliyan donga tumrap panyerat.
8. Mega, Kiki, Nelinda, Linda, Endry, Ari, Hana, kanca-kanca Pendidikan Bahasa Daerah sarta sadaya pihak ingkang boten saged kula sebataken

setunggal mbaka setunggal ingkang sampun paring donga saha panjurung tumrap panyerat saengga skripsi menika saged kaimpun.

Temtu kemawon skripsi menika dereng saged kawastanan sae, jangkep, menapa malih sampurna. Pramila saking menika sadaya pangandikan menapa dene panyaruwe ingkang tumuju murih langkung sae, jangkep, saha sampurnaning skripsi menika, tansah katampi kanthi bingahing manah saha atur agunging panuwun. Wasana kanthi raos andhap asor panyerat gadhah pangajap mugi-mugi skripsi menika saged murakabi tumrap pamaos saha panyerat.

Yogyakarta, 28 Juni 2013

Panyerat,



Hilma Oktaviana Fajrin

WOSING ISI

	Kaca
IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN	ii
PANGESAHAN	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA	vii
WOSING ISI	ix
DHAFTAR <i>TABEL</i>	xii
DHAFTAR GAMBAR	xiii
DHAFTAR <i>LAMPIRAN</i>	xiv
DHAFTAR TETENGER	xv
DHAFTAR CEKAKAN	xvi
SARINING PANALITEN	xvii
BAB I PURWAKA	
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Perkawis	3
C. Watesaning Perkawis	3
D. Wosing Perkawis	3
E. Ancasing Panaliten	4
F. Paedahing Panaliten	4
G. Pangertosan	4
BAB II GEGARAN TEORI	
A. <i>Deskripsi</i> Teori	6
1. Wacana	6
2. <i>Keutuhan</i> Wacana	7
a. <i>Kohesi</i>	8

b. <i>Koherensi</i>	10
3. <i>Jinis-Jinis Kohesi</i>	11
a. <i>Kohesi Gramatikal</i>	12
1) <i>Referensi</i>	12
2) <i>Substitusi</i>	13
3) <i>Elipsis</i>	14
4) <i>Konjungsi</i>	14
b. <i>Kohesi Leksikal</i>	15
1) <i>Repetisi</i>	16
2) <i>Sinonimi</i>	19
3) <i>Kolokasi</i>	20
4) <i>Hiponimi</i>	21
5) <i>Antonimi</i>	23
6) <i>Ekuivalensi</i>	24
4. <i>Fungsi Kohesi Leksikal</i>	25
1) <i>Repetisi</i>	26
a) <i>Fungsi Repetisi</i> <i>Wetah kangge Nedahaken Perkawis</i> <i>Inkang Wigatos</i>	26
b) <i>Fungsi Repetisi</i> <i>Wetah kangge Nyethakaken</i> <i>Satunggaling Perkawis</i>	27
c) <i>Fungsi Repetisi</i> <i>Saperangan kangge Efisiensi</i> <i>Tembung</i>	28
2) <i>Sinonimi</i>	29
a) <i>Fungsi kangge Variasi</i> <i>ing Teks</i>	29
b) <i>Fungsi kangge Nedahaken Tingkat Kebenaran</i> <i>utawi</i> <i>Raos inkang Trep</i>	30
3) <i>Kolokasi</i>	31
a) <i>Fungsi kangge Nuntasaken Topik</i>	31
b) <i>Fungsi kangge Nedahaken Pasangan Tembung</i>	32
4) <i>Fungsi Hiponimi</i> <i>kangge Ngraketaken Gegayutan</i> <i>Panguwaosing Tembung saha Peranganipun</i>	33

5) Fungsi <i>Antonimi</i> kangge Nyethakaken Gegayutan Makna Kosok Wangsulipun.....	34
6) Fungsi <i>Ekuivalensi</i> kangge Nedahaken Sesambetan <i>Kesepadanan</i>	35
5. Novel.....	36
B. Panaliten ingkang Jumbuh	38
C. Nalaring Pikir	39
BAB III CARA PANALITEN	
A. Jinising Panaliten	41
B. <i>Data</i> lan Sumber <i>Data</i>	41
C. Caranipun Ngempalaken <i>Data</i>	42
D. Pirantining Panaliten	42
E. Caranipun Nganalisis <i>Data</i>	43
F. Caranipun Ngesahaken <i>Data</i>	45
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN	
A. Asiling Panaliten	48
B. Pirembagan	52
BAB V PANUTUP	
A. Dudutan	99
B. Implikasi	100
C. Pamrayogi	101
DHAFTAR PUSTAKA	102
LAMPIRAN	104

DHAFTAR TABEL

	Kaca
<i>Tabel 1: Fungsi Kohesi Leksikal</i>	36
<i>Tabel 2 : Jinis lan fungsi kohesi leksikal ing novel LLKR</i>	48

DHAFTAR GAMBAR

	Kaca
Gambar 1: <i>Format Kartu Data</i>	43
Gambar 2 : <i>Format Tabel Analisis Data</i>	44

DHAFTAR LAMPIRAN

	Kaca
<i>Lampiran 1: Tabel Analisis Kohesi Leksikal wonten ing Novel Lara Lapane Kaum Republik mliginipun Jinis saha Fungsi.....</i>	98

DHAFTAR TETENGER

Tetenger	Teges
d	dipunwaos d dipunwaos dh
dj	dipunwaos j
nj	dipunwaos ny
t	dipunwaos t
tj	dipunwaos c dipunwaos th
=	tandha <i>sinonimi</i> tandha <i>hiponimi</i>
><	tandha <i>antonimi</i>

DHAFTAR CEKAKAN

- A : *Antonimi*
E : *Ekuivalensi*
H : *Hiponimi*
K : *Kolokasi*
LLKR : *Lara Lapane Kaum Republik*
No. : *nomer*
Rs : *Repetisi Saperangan*
Rw : *Repetisi Wetah*
S : *Sinonimi*

KOHESI LEKSIKAL ING NOVEL LARA LAPANE KAUM REPUBLIK ANGGITANIPUN SUPARTO BRATA

Dening Hilma Oktaviana Fajrin
NIM 09205241073

SARINING PANALITEN

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken jinis *kohesi leksikal* ingkang dipunginakaken ing novel *Lara Lapane Kaum Republik* anggitanipun Suparto Brata. Kejawi saking menika ing panaliten menika ugi dipunandharaken fungsi *kohesi leksikal*ipun.

Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif*. *Data* ing panaliten menika *satuan lingual* awujud tembung, frase, saha klausa ingkang ngemu *kohesi leksikal*. Sumber *data* ing panaliten inggih menika novel *Lara Lapane Kaum Republik* anggitanipun Suparto Brata. Panaliten menika dipuntliti kanthi analisis *deskriptif*. Cara ingkang dipunginakaken kangge ngempalaken *data* wonten ing panaliten inggih menika metode maos saha nyerat. *Data* dipunanalisis ngginakken *teknik deskriptif* inggih menika panaliti ngandharaken jinis saha fungsi *kohesi leksikal* ingkang sampun dipunkempalaken. Kangge ngesahaken *data* ing panaliten menika ngginakaken *validitas semantik*, lajeng kangge manggihaken *reliabilitas data* ngginakaken *reliabilitas intrareter* saha *interrater*.

Asiling panaliten menika *kohesi leksikal* ing novel *Lara Lapane Kaum Republik* gayut kaliyan bab jinis saha fungsi. Jinis menika kaperang dados enem inggih menika *repetisi* ingkang kaperang dados *repetisi* wetah saha *repetisi* saperangan, *sinonimi*, *kolokasi*, *hiponimi*, *antonimi*, saha *ekuivalensi*. Wondene fungsipun inggih menika *repetisi* wetah kangge nedahaken perkawis ingkang wigatos ing paragraf saha nyethakaken satunggaling perkawis, *repetisi* saperangan kangge *efisiensi* tembung; *sinonimi* kangge ndadosaken *variasi* ing teks saha nedahaken raos ingkang trep; *kolokasi* kangge nuntasaken topik saha nedahaken pasangan tembung; *hiponimi* kangge ngraketaken gegayutan panguwaosing tembung saha petanganipun; *antonimi* kangge nyethakaken gegayutan makna kosong wangsulipun; saha *ekuivalensi* kangge nedahaken sesambetan *kese padanan*.

BAB I

PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Wacana inggih menika tataran paling inggil ing *hierarki* basa ingkang kasusun mawi ukara-ukara ingkang gegayutan setunggal kaliyan sanesipun sarta ingkang gembleng. Wacana ingkang gembleng ketingal saking struktur lair utawi wujud ingkang sipatipun kohesif (*saling berhubungan*), saha saking struktur batin utawi makna ingkang sipatipun koheren (gembleng). Kohesi saha koherensi saged mujudaken gayutipun ukara ingkang setunggal kaliyan ukara sanesipun kangge ndadosaken wetahipun saha manunggaling unsur-unsur ing wacana.

Salah satunggalipun wujud wacana inggih menika novel. Novel minangka asil karya ingkang *imajiner* ingkang nyuguhaken perkawisipun manungsa lan pagesanganipun dening panganggit. Anggenipun nyuguhaken kasebat dipunandharaken mawi wujud tembung-tembung ingkang salajengipun dipunronce dados ukara-ukara. Ukara-ukara kala wau salajengipun dipunsusun dados paragraf-paragraf ingkang gayut satunggal lan sanesipun pramila mujudaken alur cariyos. Awit saking menika nedahaken bilih novel inggih menika salah satunggaling wujud wacana ingkang dipunbuktekaken kanthi wontenipun ukara-ukara ingkang gegayutan lan gembleng pramila ndadosaken alur cariyos.

Ukara-ukara ingkang gegayutan satunggal lan sanesipun dados novel menika minangka satunggaling wacana ingkang wetah. Wetahipun wacana ndadosaken alur cariyos ing novel saged dipunpahami kanthi sae dening pamaos.

Kangge damel paragraf dados wacana ingkang sae, dipunbetahaken piranti ingkang dipunginakaken kangge ngasilaken gembelngipun wujud (*kohesi*). Salah satunggalipun *kohesi* ing wacana inggih menika *kohesi leksikal*. Wontenipun wujud *kohesi leksikal* ndadosaken wacana novel menika wetah.

Novel ingkang badhe dipuntliti inggih menika *Lara Lapane Kaum Republik* (ingkang salajengipun dipunserat LLKR). Novel menika dipunwedalaken taun 1966 ingkang nyariyosaken para kaneman ingkang berjuwang kangge kepanggih kulawarga mliginipun bapak saha ibunipun ingkang kapisah amargi wonten ing suasana perang.

Novel LLKR wigatos dipuntliti saking unsur wacananipun, langkung-langkung *kohesi leksikal*ipun amargi ukara-ukara ingkang dipunginakaken ing novel LLKR menika *kohesif* saha *kohesi leksikal*ipun *variatif*. *Variatif*ipun *kohesi leksikal* ing wacana ingkang kalebet karya sastra awujud novel LLKR menika gadhah fungsi *kebahasaan* ingkang cetha saha endah. Adhedhasar anggenipun nyemak sawetawis ing novel LLKR menika wonten variasi *kohesi leksikal*ipun, kirang langkung antawisipun *repetisi (pengulangan)*, *sinonimi (padan kata)*, *kolokasi (sanding kata)*, *hiponimi (hubungan atas bawah)*, *antonimi (lawan kata)*, lan *ekuivalensi (kesepadanan)*. Gegayutan *kohesif* ingkang dipundamel adhedhasar aspek *leksikal* kanthi milih tembung ingkang selaras, saged damel gegayutan makna utawi *relasi semantik* antawisipun *satuan lingual* ingkang setunggal lan *satuan lingual* sanesipun ing wacana novel. Awit saking menika, kanthi nliti *kohesi leksikal*ipun kaajab saged nggampilaken anggenipun paham *kesatuan* wosipun novel.

B. Underaning Perkawis

Saking dhasaring panaliten ingkang sampun kaandharaken, woten perkawis ingkang dipunpanggihaken. Underaning perkawis antawisipun.

1. Jinising *kohesi leksikal* ing novel LLKR anggitanipun Suparto Brata.
2. *Frekuensi kohesi leksikal* ing novel LLKR anggitanipun Suparto Brata.
3. Jinising *kohesi gramatikal* ing novel LLKR anggitanipun Suparto Brata.
4. *Frekuensi kohesi gramatikal* ing novel LLKR anggitanipun Suparto Brata.

C. Watesaning Perkawis

Saking underaning perkawis dipunpanggihaken perkawis ingkang warni-warni. Supados panaliten menika *fokus* lan ancasing panaliten saged kalampahan kanthi sae, pramila prelu dipunwatesi perkawisipun. Wonten ing kajian menika, watesanipun perkawis inggih menika.

1. Jinising *kohesi leksikal* ing novel LLKR anggitanipun Suparto Brata.
2. Fungsi *kohesi leksikal* ing novel LLKR anggitanipun Suparto Brata.

D. Wosing Perkawis

Saking watesaning perkawis ing nginggil, pramila wosing perkawis ingkang badhe dipuntliti inggih menika.

1. Menapa kemawon jinising *kohesi leksikal* ing novel LLKR anggitanipun Suparto Brata?
2. Menapa kemawon fungsi *kohesi leksikal* ing novel LLKR anggitanipun Suparto Brata?

E. Ancasing Panaliten

Panaliten menika dipuntindakaken kanthi ancas kangge ngandharaken kados ing ngandhap menika.

1. Jinising *kohesi leksikal* ing novel LLKR anggitanipun Suparto Brata.
2. Fungsi *kohesi leksikal* ing novel LLKR anggitanipun Suparto Brata.

F. Paedahing Panaliten

Paedahing panaliten menika saged kaperang dados kalih, inggih menika paedah teoritis lan praktis. Kanthi teoritis, paedahing panaliten menika kaajab saged kangge nambah sumbangan ing ngelmu babagan kajian wacana mliginipun analisis *kohesi leksikal* ing novel. Wondene paedah praktis, paedahing panaliten menika kaajab saged dipunginakaken minangka tuladha ing pasinaon bab analisis wacana mliginipun babagan *kohesi leksikal*. Kejawi menika, asiling panaliten menika kaajab saged minangka acuan kangge panaliten sanes ing bidang kajian analisis wacana sanesipun.

G. Pangertosan

1. *Kohesi*

Kohesi inggih menika gemblengipun *satuan lingual* ingkang setunggal kaliyan *satuan lingual* sanesipun ingkang gegayutan kalihan aspek wujud kangge ndamel satunggaling wacana ingkang wetah.

2. *Kohesi Leksikal*

Kohesi leksikal inggih menika sesambetan *leksikal* antawisipun *satuan lingual* satunggal kaliyan *satuan lingual* sanesipun kangge mujudaken struktur ingkang serasi kanthi *kohesif*.

3. Novel Lara Lapane Kaum Republik (LLKR)

Novel inggih menika asling karya sastra awujud *fiksi* ingkang kalebet wacana seratan, adatipun nyariyosaken gesangipun manungsa ingkang kasusun saking episode-episode. Novel LLKR minangka salah satunggaling karya sastra gancaran basa Jawi anggitanipun Suparto Brata. Novel LLKR menika sampun nate kapacak ing Panjebar Semangat, kaowahan mawi irah-irahan Djiwa Republik. Anggenipun macak amargi panjurung saking cariyos ingkang pikantuk bebana I ing sayembara nganggit cariyos sambung ingkang dipunwontenaken dening Panyebar Semangat taun 1958. Salajengipun cariyos menika dipundamel wujud novel. Novel menika kawedalaken ing taun 1966, awit saking menika ejaan ingkang dipunginakaken inggih menika ejaan *lama*. Panaliti tetep ngginakaken cara nyerat ingkang dipunginakaken ing novel kasebat, amargi panaliten menika panaliten deskriptif ingkang ngandharaken kanthi menawa wontenipun.

BAB II

GEGARAN TEORI

A. Deskripsi Teori

1. Wacana

Wacana minangka perangan basa ingkang paling *kompleks* saha paling jangkep. Kridalaksana (1983:179) ngandharaken bilih wacana inggih menika perangan basa ingkang jangkep, dipunwujudaken kanthi karangan ingkang wetah, paragraf, ukara utawi tembung ingkang ngemu wosing pakarti. Chaer (1994:267) ugi ngandharaken bilih wacana minangka perangan basa ingkang jangkep pramila ing *hierarki gramatikal* minangka *satuan gramatikal* ingkang paling inggil utawi ageng. Wacana dipunwastani jangkep menawi ngandhut konsep, gagasan, pamikiran, utawi *ide* ingkang wetah ingkang saged dipunpahami dening pamaos utawi pamireng.

Minangka perangan saking *hierarki kebahasaan* ingkang paling inggil, wacana saged dipunperang adhedhasar sarananipun, inggih menika wacana seratan saha wacana lisan. Wacana seratan arupi teks-teks seratan, wondene wacana lisan inggih menika perangan basa ingkang paling jangkep lan paling ageng ing nginggilipun ukara utawi klausa kanthi *kohesi* saha *koherensi* inggil ingkang sesambetan ingkang wonten wiwitan lan pungkasanipun kanthi nyata dipunandharaken kanthi lisan (Tarigan, 1987:122). Wacana lisan utawi seratan menika boten namung kasusun saking ukara-ukara kanthi acak, ananging wonten gegayutanipun saha gembleng. Djajasudarma (1994:6) ugi ngandharaken bilih wacana ingkang wetah kedah nengenaken segi isi utawi informasi ingkang

koheren, wondene wacana ingkang gembleng kedah nengenaken *kohesi* sesambetanipun ukara setunggal lan sanesipun.

Alwi (1998:419) ngandharaken bilih wacana ingkang sae inggih menika ingkang ngginakaken ukara-ukara kanthi *kohesif* saha *koheren antarproposisi*. Wacana dipunwastani *kohesif* menawi sesambetanipun perangan satunggal saha sanesipun menika serasi pramila nuwuhaken pangertosan ingkang sae saha *koheren*. Caranipun nyusun wacana ingkang sae, ingkang *kohesif* saha *koheren* inggih menika ngginakaken piranti wacana antawisipun aspek *gramatikal* utawi aspek *semantik* (Suladi, 2000:2). Pamanggih menika selaras kaliyan pamanggihipun Tarigan (1987:70) bilih wacana ingkang ideal inggih menika wacana ingkang ngandhut *proposisi* ingkang gegayutan kangge ngasilaken raos ingkang gembleng utawi raos *kohesi*. Kejawi menika ugi dipunbetahaken kerapian susunan ingkang nuwuhaken raos *kohesi*. Ing kasunyatan boten sedaya penutur basa paham aspek-aspek kasebut satemah kadhang kala dipunpanggihaken wacana ingkang boten kohesif. Saking pamanggih para ahli ing nginggil saged dipunandharaken bilih wacana inggih menika perangan basa ingkang paling jangkep, ingkang *kohesif* saha *koherensif*, dipunandharaken kanthi lisan utawi seratan ingkang ngawrat informasi.

2. Keutuhan Wacana

Mulyana (2005:25) ngandharaken bilih wacana ingkang wetah inggih menika wacana ingkang jangkep, tegesipun inggih menika ingkang ngandhut aspek-aspek ingkang gembleng saha nyawiji. Aspek wetahipun *wacana* menika

antawisipun *kohesi*, *koherensi*, topik wacana, aspek *leksikal*, aspek *gramatikal*, aspek *fonologis*, sarta aspek *semantis*.

Wetahipun *wacana* saged dipunrunut adhedhasar ukara ingkang wonten ing ngajengipun utawi ukara ingkang wonten ing wingkingipun ing wacana. Ukara ingkang sepisan ndadosaken wontenipun ukara ingkang kaping kalih, ukara ingkang kaping kalih ndadosaken wontenipun ukara ingkang kaping tiga, lan salajengipun. Ing satunggaling cariyos, reroncening ukara menika ndadosaken wontenipun paragraf.

Paragraf inggih menika perangan saking karangan utawi tuturan ingkang kasusun saking ukara-ukara ingkang ngandhut informasi (Ramlan, 1993:1). Wontenipun informasi ingkang dipunandharaken ing ukara satunggal sesambetan kaliyan informasi ingkang wonten ing ukara sanesipun, ateges informasi-informasi ingkang dipunandharaken ing ukara-ukara ingkang nyusun dados paragraf menika wonten sesambetanipun utawi gembleng. Gembleng menika minangka sarat nyusun paragraf (Ramlan, 1993:9). Gembleng kaperang dados kalih inggih menika gembleng babagan wujud ingkang dipunwastani *kohesi* saha gembleng babagan makna ingkang dipunwastani *koherensi*.

a. *Kohesi*

Kohesi sejatosipun perangan saking ngelmu bidang IPA mliginipun fisika. Ing fisika, *kohesi* tegesipun gaya *tarik-menarik* antawisipun molekul ingkang sami ingkang dipunpangribawani dening *kerapatan* saha jarak antawisipun molekul setunggal kaliyan sanesipun (Wikipedia, 2013). Awit saking menika, ngelmu bab *kohesi* ing fisika menika dipunadopsi ing bidang linguistik. Rani, dkk (2006:88)

ngandharaken bilih *kohesi* inggih menika gegayutanipun perangan ing teks kanthi pratandha panganggening unsur basa. Pamanggih kala wau selaras kaliyan pamanggihipun Wedhawati (2006:604) bilih *kohesi* inggih menika gegayutan peranganing basa ing satunggaling wacana utawi teks. Dene pamanggihipun Indiyastini (2009:20) bilih *kohesi* minangka keselarasan gegayutan antawisipun unsur setunggal lan unsur sanesipun ing wacana utawi paragraf pramila tuwuh pangertosan ingkang gembleng lan *koheren*.

Konsep *kohesi* sejatosipun nengenaken ing sesambetan wujud, tegesipun inggih menika bilih perangan-perangan wacana (tembung utawi ukara) ingkang dipunginakaken kangge nyusun wacana wonten sesambetan ingkang gembleng lan wetah, tegesipun *kohesi* kalebet aspek *internal* struktur wacana (Mulyana, 2005:26). Gegayutan kaliyan pamanggih kasebat, Tarigan (1987:96) ngandharaken bilih panaliten babagan unsur *kohesi* dados perangan saking kajian aspek formal basa. Awit saking menika, *kohesi* minangka organisasi sintaksis saha minangka wadah ukara-ukara ingkang kasusun kanthi gembleng kangge ngasilaken tuturan.

Miturut pamanggihipun Alwi (1988:34), kangge pikantuk wacana ingkang sae sarta wetah, ukara-ukaranipun kedah *kohesif*. Kanthi gegayutan ingkang *kohesif* kasebat, unsur ing wacana saged dipunmaknai. Gegayutan ingkang *kohesif* ing wacana asring dipunsukani tandhan kanthi wontenipun pemarkah (pratandha) kusus ingkang sipatipun *lingual-formal*.

Saking pamanggihipun para ahli saged dipunandharaken bilih *kohesi* inggih menika gemblengipun *satuan lingual* setunggal saha sanesipun ingkang

gegayutan kaliyan aspek wujud kangge damel satunggaling wacana ingkang wetah. Awit saking menika wacana ingkang *kohesif* saged nggambangaken sesambetan perangan setunggal saha sanesipun ingkang mbangun wacana kasebat saha ndadosaken satunggaling wacana langkung gampil dipunpahami dening pamaos.

b. Koherensi

Keraf (2004:84) ngandharaken bilih *koherensi* ateges *hubungan timbal balik* antawisipun ukara satunggal kaliyan sanesipun pramila ndadosaken alinea ingkang sae saha gampil dipunpahami. Menika selaras kaliyan pamanggihipun Suladi dkk (2000:13) bilih *koherensi* minangka sesambetan semantis antawisipun unsur setunggal kaliyan sanesipun ing wacana.

Sudaryat (2008:152) ugi ngandharaken bilih koherensi inggih menika kompakipun sesambetan antawisipun ukara setunggal lan sanesipun ing wacana. *Koherensi* minangka unsur isi wacana, minangkan organisasi semantis, wadhah gagasan-gagasan kasusun ing urutan ingkang logis kangge ngandharaken maksud kanthi trep. Pamanggih ahli kala wau selaras kaliyan pamanggihipun Brwon saha Yule (lumantar Mulyana, 2005:30) bilih *koherensi* ateges gembleng saha *keterpahaman antarsatuan* ing satunggaling teks utawi tuturan. Ing struktur wacana, aspek *koherensi* dipunbetahaken sanget kawontenanipun kangge nata *pertalian batin* antawisipun *proposisi* setunggal kaliyan sanesipun kangge pikantuk kawetahan wacana. Kawetahan ingkang *koheren* kasebat dipuntandhani dening wontenipun gegayutan-gegayutan makna ingkang wonten ing perangan-perangan kanthi *semantis*. Gegayutan kasebat kadhang kala kadadosan kanthi

piranti bantu *kohesi*, ananging kadhang kala saged tanpa kabantu piranti *kohesi*. Mulyana (2005:31) nyethakaken bilih sejatosipun sesambetan *koherensi* inggih menika satunggaling rangkaian *fakta* saha gagasan ingkang kasusun kanthi logis. *Koherensi* menika saged kadadosan kanthi *implisit* amargi gegayutan kaliyan bidhang makna ingkang mbetahaken *interpretasi*. Kejawi menika, pamahaman ihwal gegayutan *koherensi* saged dipuntindakaken kanthi cara mendhet dudutan gegayutan *antarproposisi* ing wacana kasebat.

Saking pamanggih para ahli ing nginggil saged dipunandharaken bilih *koherensi* minangka gembelng saha *keterpahaman antarsatuan* ing satunggaling teks utawi tuturan ingkang kasusun urut ingkang logis. Ing ngandhap menika tuladha teks ingkang koheren saha kohesif.

- (1) Sustiwi lan bojone miwiti urip saka nol. Urip kang kanthi prihatin kadhang-kadhang sedina sok mung bisa mangan kaping siji. Nanging sanajan prihatin, dheweke uga rumangsa mulya. Bojone banget asih lan gemati marang dheweke (Wedhawati, 2006:617).

Ing teks (1) nginggil ngandharaken babagan kawontenan gesangipun Sustiwi saha garwanipun. Ing teks (1) menika *koheren* saha *kohesif*. *Koheren* amargi kanthi nalar wosing paragraf menika gampil dipunmangertosi dening pamaos saking ukara setunggal mbaka setunggalipun, wondene *kohesif* amargi dipunbuktekaken kanthi piranti *kohesi* antawisipun wontenipun tembung **dheweke** ingkang nedahaken Sustiwi (paraga sentral) ingkang sampun dipunsebataken ing ukara saderengipun. Wontenipun tembung **bojone** ingkang nedahaken garwanipun Sustiwi ugi nedahaken *kekohesifan* paragraf, saha

dipunginakaken *repetisi* tembung **bojone** saha **dheweke** ugi ngandharaken *kekohesifan* paragraf.

3. Jinis-Jinis *Kohesi*

Miturut Halliday saha Hasan (lumatar Rani dkk, 2006:94) *kohesi* kaperang dados kalih jinis, inggih menika *kohesi gramatikal* lan *kohesi leksikal*. Ing wacana, wujud utawi struktur lair wacana dipunwastani aspek *gramatikal* wacana, wondene segi makna utawi struktur batin wacana dipunwastani aspek *leksikal* wacana.

a. *Kohesi gramatikal*

Kohesi gramatikal inggih menika sesambetan antawisipun perangan basa ing teks kanthi pratandha *gramatikal* tartamtu (Wedhawati, 2006:604). *Kohesi gramatikal* menika salah satunggalipun sarana kangge nggayutaken antawisipun unsur setunggal lan unsur sanesipun ing satunggaling wacana. Halliday lan Hasan (lumantar Sumarlam, 2003:23) ngandharaken bilih adhedhasar cara sesambetanipun, *kohesi gramatikal* kaperang dados sekawan, antawisipun (1) *referensi*, (2) *substitusi*, (3) *elipsis*, lan (4) *konjungsi*.

1) *Referensi*

Ramlan (1993:12) ngandharaken bilih *referensi* inggih menika salah satunggaling jinis *kohesi gramatikal* ingkang gegayutan kaliyan anggenipun ngginakaken tembung utawi klausa kangge nunjuk tembung utawi klausa utawi satunggaling *gramatikal* sanesipun. Jinis *kohesi gramatikal referensi* kasebat kaperang dados tiga, inggih menika (1) *pengacuan persona* ingkang kanthi

pronomina persona (sesulih purusa), (2) *pengacuan demonstratif* inggih menika sesulih panuduh wekdal utawi papan (3) *pengacuan komparatif* inggih menika salah satunggaling jinis *kohesi gramatikal* ingkang mbandhingaken kalih bab utawi langkung ingkang meh sami saking segi wujud, sikap, sifat, lan sapanunggalanipun. Salah satunggaling tuladha *pengacuan demonstratif* (sesulih panuduh wekdal).

- (2) Jenis kesenian iki, miturut andharane Budi Santosa, S.Pd., ing Surakarta wiwit ana ing **taun 1853. Rikala semana** mligi diwulangake marang para buruh bathik dening Ki Tondokusumo.... (Wedhawati, 2006:606)

Paragraf ing nginggil kasusun saking kalih ukara inggih menika.

- (2a) Jenis kesenian iki, miturut andharane Budi Santosa, S.Pd., ing Surakarta wiwit ana ing **taun 1853**.
 (2b) **Rikala semana** mligi diwulangake marang para buruh bathik dening Ki Tondokusumo

Ing paragraf (2) menika kasusun saking kalih ukara. Ing ukara (2b) menika wonten sesulih panuduh wekdal inggih menika **rikala semana** ingkang ngacu ing **taun 1853** ing ukara saderengipun (2a).

2) *Substitusi*

Substitusi inggih menika proses saha asiling nggantos perangan basa dening unsur sanesipun. Anggenipun nggantos satunggaling unsur dipuntindakaken kangge pikantuk unsur ingkang beda utawi ngandharaken struktur tartamtu (Kridalaksana, 1984:100). Tuladha *substitusi* inggih menika.

- (3) Wong-wong mau padha mbisu. **Meneng wae kaya patung. Kahanan kaya mangkono** iku lumaku nganti suwe... (Wedhawati, 2006:607)

Paragraf ing nginggil kasusun saking tigang ukara inggih menika.

(3a) Wong-wong mau padha mbisu.

(3b) **Meneng wae kaya patung.**

(3c) **Kahanan kaya mangkono** iku lumaku nganti suwe.

Ing paragraf (3b) wonten klausa **meneng kaya patung** dipunsubstitusi kaliyan frasa nominal ing ukara (3c) inggih menika **kahanan kaya mangkono**.

3) *Elipsis*

Elipsis inggih menika salah satunggaling jinis *kohesi gramatikal* ingkang arupi ngicalaken utawi *pelesapan satuan lingual* tertamtu ingkang sampun dipunsebataken saderengipun (Sumarlam, 2003:30). Tuladha *elipsis* inggih menika.

(4) Dina Kemis awan sawise ngrampungake gawean aku **mulih**. Kancaku ora Ø merga isih ana tugas liya.

Paragraf ing nginggil kasusun saking kalih ukara inggih menika

(4a) Dina Kemis awan sawise ngrampungake gawean aku **mulih**.

(4b) Kancaku ora Ø merga isih ana tugas liya.

Ing paragraf (4) wonten *elipsis* ingkang arupi tembung inggih menika tembung **mulih**. Ing babagan menika, supados ukaranipun efektif, praktis, lan efisiensi basa ing paragraf pramila wonten *elipsis*.

4) *Konjungsi*

Sumarlam (2003:32) ngandharaken *konjungsi* inggih menika salah satunggaling jinis *kohesi gramatikal* kanthi cara nggayutaken perangan satunggaling saha perangan sanesipun ing wacana. Perangan ingkang dipungayutaken saged arupi tembung, frasa, klausa, ukara, lan saged ugi arupi unsur ingkang langkung ageng kadosta alinea. Tuladha *konjungsi* inggih menika.

- (5) Para panggurit mesthi wae minangka wakiling masarakat. **Mula saka iku**, panemune para panggurit uga mujudake panemune masarakat umum.... (Wedhawati 2006, 609)

Paragraf ing nginggil kasusun saking kalih kalimat inggih menika.

(5a) Para panggurit mesthi wae minangka wakiling masarakat.

(5b) **Mula saka iku**, panemune para panggurit uga mujudake panemune masarakat umum.

Ing ukara (5b) wonten **mula saka iku** minangka tuladha *konjungsi* ingkang nedahaken *hubungan kausalitas* kaliyan ukara saderengipun ing (5a) inggih menika bilih para panggurit menika mesthi kemawon wakil saking masarakat.

b. Kohesi leksikal

Gemblengipun wacana kejawi kajurung dening aspek *gramatikal* utawi *kohesi gramatikal* ugi kajurung saking aspek *leksikal* utawi *kohesi leksikal*. Mulyana (2005:29) ngandharaken bilih *kohesi leksikal* inggih menika gegayutan *leksikal* antawisipun perangan-perangan wacana kangge mujudaken struktur ingkang serasi kanthi *kohesif*. Ancasipun dipunginakaken aspek-aspek *leksikal* menika antawisipun kangge pikantuk *efek intensitas* makna basa, informasi ingkang gamblang, lan endahing basa sanesipun. Pratadha menika nuwuhaken sesambetan makna utawi relasi semantik antawisipun *lingual* setunggal kaliyan sanesipun ing wacana.

Ing perkawis menika, kangge ngasilaken wacana ingkang gembleng, pangandika utawi panyerat saged ngayahi kanthi cara milih tetembungan ingkang trep kaliyan wosing wacana ingkang dipunkajengaken sarta *kohesif*. Gegayutan ingkang *kohesif* saking aspek *leksikal* menika ateges milih tembung ingkang trep,

ngandharaken sesambetanipun makna utawi relasi semantik antawisipun *satuan lingual* setunggal kaliyan *satuan lingual* sanesipun ing wacana. Umumipun, pratandha *kohesi leksikal* arupi tembung utawi frasa bebas ingkang saged ndadosaken sesambetan *kohesif* kaliyan ukara ingkang wonten ing ngajengipun utawi ingkang wonten ing wingkingipun.

Miturut pamanggihipun Sumarlam (2003:35), jinis *kohesi leksikal* kaperang dados enem, inggih menika (1) *repetisi (pengulangan)*, (2) *sinonimi (padan kata)*, (3) *kolokasi (sanding kata)*, (4) *hiponimi (hubungan atas bawah)*, (5) *antonimi (lawan kata)*, lan (6) *ekuivalensi (kesepadanan)*. Saking pamanggih ahli ing nginggil saged dipunandharaken bilih gembelngipun wacana menika salah satunggalipun kadadosan saking jinis *kohesi leksikal* ingkang nggayutaken ukara setunggal lan ukara sanesipun.

1) *Repetisi (Pengulangan)*

Repetisi inggih menika ngambali *satuan lingual* (tembung utawi perangan ukara) ingkang dipunanggep wigatos ing satunggaling konteks ingkang jumbuh (Sumarlam, 2003:35). Pamanggihipun Alkhadiyah (1988:125) ugi ngandharaken bilih ngambali *satuan lingual* dipunraos saged damel ukara langkung cetha. Kanthi ngambali *satuan lingual* ateges wonten sesambetanipun ukara setunggal kaliyan ukara sanesipun ingkang ngewrat *satuan lingual* ingkang dipunambali kala wau. Wondene titikanipun *repetisi* inggih menika wontenipun *satuan lingual* ingkang dipunsebataken ing satunggaling ukara lajeng dipunambali ing ukara salajengipun.

Miturut pamanggihipun Indiyastini (2009:70), *repetisi* kaperang antawisipun (a) *repetisi* wetah, inggih menika ngambali *satuan lingual* kanthi wujud ingkang wetah; saha (b) *repetisi* saperangan, inggih menika ngambali *satuan lingual* kanthi ngambali saperangan saking tembung utawi frase saderengipun.

(a) *Repetisi* Wetah

Repetisi wetah ing satunggaling wacana saged arupi tembung, frase, utawi klausa. *Repetisi* wetah menika tegesipun wonten tembung, frase, utawi klausa ing satunggaling ukara lajeng tembung, frase, utawi klausa menika wau dipunambali malih kanthi wetah tanpa ngirangi peranganipun. Tuladha *kohesi leksikal repetisi* wetah inggih menika.

- (6) Nalika **Jeng Retno** ngadeg saka kursine, arep nicil dandan, tumuju marang kamar busana kewanitan, kapeksa kudu mubeng metu gang saka mburining gedhong. Trengginas **Gunarsa** uga enggal ninggal papane, nglimpat ngoyak saka ngarep nututi **Jeng Retno**. Tanduke **Gunarsa** digawe ora ngetarani, mlaku sakepenake, ngepas pethukan karo kang tansah diulatake mau, diangkah **Jeng Retno** during during kongsi mlebu kamar busana kewanitan. Nyata jitu petunge **Gunarsa**, bisa kelakon papagan karo **Jeng Retno**. Bareng rada cedhak **Gunarsa** mesem pasang aksi ... mripate nglirik ngiwo nengen, sepi ora ana wong liya, merga kabeh butuh nonton pertunjukan tari Sriwijaya ... kebeneran banget. Sapa aruhe **Gunarsa**, sajak mung bab dilalah bae, sinartan esem mawa pamrih (Sumadi, 1995:75)

Paragraf (6) ing nginggil kasusun saking enem ukara inggih menika.

- (6a) Nalika **Jeng Retno** ngadeg saka kursine, arep nicil dandan, tumuju marang kamar busana kewanitan, kapeksa kudu mubeng metu gang saka mburining gedhong.
- (6b) Trengginas **Gunarsa** uga enggal ninggal papane, nglimpat ngoyak saka ngarep nututi **Jeng Retno**.

- (6c) Tanduke **Gunarsa** digawe ora ngetarani, mlaku sakepenake, ngepas pethukan karo kang tansah diulatake mau, diangkah **Jeng Retno** during during kongsi mlebu kamar busana kewanitan.
- (6d) Nyata jitu petunge **Gunarsa**, bisa kelakon papagan karo **Jeng Retno**.
- (6e) Bareng rada cedhak **Gunarsa** mesem pasang aksi, mripate nglirik ngiwo nengen, sepi ora ana wong liya, merga kabeh butuh nonton pertunjukan tari Sriwijaya.
- (6f) Sapa aruhe **Gunarsa**, sajak mung bab dilalah bae, sinartan esem mawa pamrih.

Repetisi ing paragraf (6) inggih menika frase **Jeng Retno** ing ukara (6a) ingkang dipunambali ing ukara (6b), (6c), lan (6d). Tembung **Gunarsa** ing ukara (6b) dipunambali ing ukara (6c), (6d), (6e), lan (6f). *Repetisi* menika kalebet ngambali *satuan lingual* ingkang wetah amargi ing paragraf (6) perangan frase **Jeng Retno** dipunambali kanthi wetah ing ukara salajengipun inggih menika tetep ngginakaken frase **Jeng Retno**. Semanten ugi tembung **Gunarsa** ugi dipunambali kanthi wetah.

(b) *Repetisi Saperangan*

Repetisi saperangan tegesipun wonten *satuan lingual* (tembung, frase, utawi klausa) ing satunggaling ukara lajeng *satuan lingual* kala wau dipunambali kanthi boten wetah utawi namung peranganipun kemawon ing ukara-ukara salajengipun. Tuladha *repetisi* saperangan kados ing ngandhap menika.

- (7) **Taman Safari Prigen Pasuruhan Jawa Timur** mujudake taman safari sing anyar ora beda kaya sing ana Bogor. **Taman Safari Pigen** jembare atusan hektar, manggon ing kawasan alas pinus sing wis dientha kaya alas sing satenane. (Indiyastini, 2009:76)

Paragraf (7) menika kasusun saking kalih ukara kados ing ngandhap menika.

(7a) **Taman Safari Prigen Pasuruhan Jawa Timur** mujudake taman safari sing anyar ora beda kaya sing ana Bogor.

(7b) **Taman Safari Prigen** jembare atusan hektar, manggon ing kawasan alas pinus sing wis dientha kaya alas sing satenane.

Ing ukara (7a) menika dipunpangguhaken *satuan lingual* **Taman Safari Prigen Pasuruhan Jawa Timur**. *Satuan lingual* menika dipunambali ing ukara salajengipun inggih menika ing ukara (7b), ananging anggenipun ngambali namung saperangan kemawon, inggih menika **Taman Safari Prigen**.

2) *Sinonimi (Padan Kata)*

Sinonimi dipuntegesi nama sanes kangge satunggaling bab ingkang sami, utawi ungkapan ingkang maknanipun meh sami kaliyan ungkapan sanesipun. *Sinonimi* minangka salah setunggal aspek *leksikal* dipuginakaken kangge njurung gembelngipun wacana. *Sinonim* gadhah fungsi nuwuhaken sesambetan makna ingkang meh sami antawisipun *satuan lingual* tartamtu kaliyan *satuan lingual* sanesipun ing wacana (Sumarlam, 2003:39). *Sinonim* basa Jawi gunggungipun kathah sanget, langkung-langkung antawisipun tembung ngoko, madya, krama (Sasangka, 2001:187). Wondene titikanipun *kohesi leksikal sinonimi* inggih menika wontenipun *satuan lingual* ing satunggaling ukara lajeng wonten ugi *satuan lingual* sanes ingkang maknanipun meh sami utawi minangka *sinonim*ipun ing ukara salajengipun. Tuladha *kohesi leksikal sinonimi* inggih menika.

(8) Bambang Asri Wigati lan para panakawan wis tekan Karang Karandhan, nuli resesik awak awit badane isih gluprut lendhut. Sajrone kuwi dheweke tetep meksa menggalih sapa baya para durjana kang wani **ngincer nyawane**. Pawongan ngendi lan apa perlune dene nganti nedya **ngarah patine** (Sumadi, 1995:70).

Ukara-ukara ingkang nyusun paragraf (8) inggih menika.

- (8a) Bambang Asri Wigati lan para panakawan wis tekan Karang Karandhan, nuli resesik awak awit badane isih gluprut lendhut.
- (8b) Sajrone kuwi dheweke tetep meksa menggalih sapa baya para durjana kang wani **ngincer nyawane**.
- (8c) Pawongan ngendi lan apa perlune dene nganti nedya **ngarah patine**

Ing paragraf (8) nginggil, wonten wujud *kohesi leksikal sinonimi* ingkang arupi ing **ngincer nyawane** ing ukara (8b) saha **ngarah patine** ing ukara (8c). Kekalihipun gadhah makna ingkang meh sami inggih menika mateni. Awit saking menika, anggenipun ngginakaken tetembungan ing ukara nginggil saged dipunginakaken kangge nggatos tetembungan saderengipun kanthi makna ingkang meh sami.

3) *Kolokasi (Sanding Kata)*

Kolokasi (sanding kata) inggih menika *asosiasi* tartamtu nalika milih tembung ingkang adatipun dipunginakaken kanthi sesandhingan. Tembung-tembung ingkang *berkolokasi* menika adatipun dipunginakaken ing satunggaling *jaringan* tartamtu (Sumarlam, 2003:44). Ingkang dipunwastani satunggaling *jaringan* menika kadosta ing *jaringan* pendhidhikan, samangke dipunginakaken tembung-tembung ingkang gegayutan kaliyan bab pendhidhikan saha tiyang-tiyang ingkang kalebet ing bab menika kadosta ‘murid’, ‘guru’, ‘meja’, ‘kelas’, saha ‘buku’. Wondene titikanipun *kohesi leksikal kolokasi* inggih menika wontenipun *satuan lingual* ing satunggaling ukara lajeng wonten ugi kanthi *satuan lingual* sanes ingkang kalebet ing satunggaling *jaringan* ing ukara salajengipun. Tuladha *kolokasi* inggih menika.

(9) Sawise sawetara taun Nawangwulan nglairake anak **wadon**. Bocahe **ayu**, kajenengake Nawangsih (Sumadi, 1995:78).

Ing paragraf nginggil wonten tigang ukara. Ukara-ukara kasebut antawisipun

(9a) Sawise sawetara taun Nawangwulan nglairake anak **wadon**.

(9b) Bocahe **ayu**, kajenengake Nawangsih.

Paragraf (9) menika wonten tembung **wadon** ing ukara (9a) lan tembung **ayu** ing ukara (9b) menika minangka satunggaling domain utawi *berkolokasi*. Gegayutan tembung **wadon** lan **ayu** ing nginggil nggambaraken gembelngipun paragraf kasebut pramila pamaos saged langkung paham babagan praupan putrinipun Nawangwulan.

4) *Hiponimi (Hubungan Atas-Bawah)*

Hiponimi inggih menika *satuan lingual* (tembung, frasa, klausa) ingkang maknanipun dipunanggep perangan saking makna *satuan lingual* sanesipun (Sumarlam, 2003:45). Sasangka (2001:193) ugi ngandharaken bilih *hiponim* menika kalebet tembung ingkang tegesipun kaanggep dados peranganipun tembung sanes, utawi suraosipun tembung menika wonten ing panguwaosipun tembung sanes. Wondene titikanipun *kohesi leksikal hiponimi* inggih menika wontenipun *satuan lingual* ing satunggaling ukara lajeng dipunpanggihaken ugi *satuan lingual* sanes ingkang minangka panguwaosing *satuan lingual* ing ukara salajengipun, utawi wontenipun *satuan lingual* minangka panguwaosing *satuan lingual* ing satunggaling ukara lajeng dipunpanggihaken *satuan lingual* sanes ingkang minangka peranganipun. Tuladha *kohesi leksikal hiponimi* inggih menika.

(10) **Pihak kang wajib** ing kodya Madiun olehe nangani pelaku kasus “Penipuan Naker” katon yen alot lan durung nggambarake rasa keadilan. Nanging sanajan mangkono, wis kena dibiji nyambut gawene apik lan berprestasi. Tegese, sanajan telat, kabeh pelakune kasil diringkus lan kasuse **digawa** menyang pengadilan. Iki minangla bukti menawa **aparatus kepolisian** Madiun bener-bener mbrastha kejahatan naker (Sumadi, 1995:69).

Paragraf (10) ing nginggil kasusun saking sekawan ukara ing ngandhap menika.

- (10a) **Pihak kang wajib** ing kodya Madiun olehe nangani pelaku kasus “Penipuan Naker” katon yen alot lan durung nggambarake rasa keadilan.
- (10b) Nanging sanajan mangkono, wis kena dibiji nyambut gawene apik lan berprestasi.
- (10c) Tegese, sanajan telat, kabeh pelakune kasil diringkus lan kasuse digawa menyang **pengadilan**.
- (10d) Iki minangla bukti menawa **aparatus kepolisian** Madiun bener-bener mbrastha kejahatan naker.

Ukara (10a) wonten frase **pihak kang wajib** ingkang *berhiponim* kaliyan tembung **pengadilan** ing ukara (10c) saha frase **aparatus kepolisian** ing ukara (10d). Tembung **pengadilan** saha frase **aparatus kepolisian** menika minangka *satuan lingual* ingkang maknanipun *spesifik* utawi *hiponim*, wondene frase **pihak kang wajib** minangka *satuan lingual* ingkang maknanipun *generik* utawi minangka panguwaosing *satuan lingual*. Wontenipun *hiponimi* antawisipun tembung **pengadilan** saha frase **aparatus kepolisian** mujudaken gegayutan ingkang gembleng ing ukara-ukara menika.

5) *Antonimi (Lawan Kata)*

Antonimi tegesipun *satuan lingual* ingkang maknanipun kosok wangsulipun utawi *oposisi* kaliyan *satuan lingual* sanesipun. *Antonim* ugi dipunsebat *oposisi* makna (Sumarlam, 2003:40). Ingkang dipunwastani *oposisi* makna antawisipun saking konsep ingkang saestu kosok wangsulipun dumugi ingkang namung *kontras* makna kemawon. Wondene titikanipun *kohesi leksikal antonimi* inggih menika wontenipun *satuan lingual* ing satunggaling ukara lajeng wonten *satuan lingual* ingkang minangka kosok wangsulipun utawi *oposisi* ing ukara salajengipun. Tuladha *kohesi leksikal antonimi* inggih menika.

- (11) Sutrisna nalika iku dadi ngerti carane ngadhepi perawan ayu Kadarwati, yen ora bakal bisa klakon sedyane menawa kanthi **tanduk kang kasar**. Biyen nganti diancam nganggo glathi kae, meksa ora gelem tundhuk. Mulane Sutrisna ngempakake **tanduk kang alus** marang Kadarwati. (Sumadi, 1995:73).

Paragraf (11) ing nginggil kasusun saking tigang ukara ing ngandhap menika.

- (11a) Sutrisna nalika iku dadi ngerti carane ngadhepi perawan ayu Kadartwati, yen ora bakal bisa klakon sedyane menawa kanthi **tanduk kang kasar**.
- (11b) Biyen nganti diancam nganggo glathi kae, meksa ora gelem tundhuk.
- (11c) Mulane Sutrisna ngempakake **tanduk kang alus** marang Kadarwati.

Paragraf (11) ing nginggil ketingal wonten wujud *kohesi leksikal* ingkang arupi *antonimi*. Wujud *antonimipun* inggih menika frase **tanduk kang kasar** ing ukara (11a) saha frase **tanduk kang alus** ing ukara (11c) ingkang maknanipun kosok wangsulipun.

6) *Ekuivalensi (Kesepadanan)*

Ekuivalensi inggih menika sesambetan kesepadanan antawispun *satuan lingual* tartamtu kaliyan *satuan lingual* sanes ing satunggaling *paradigma*. Ing babagan menika, tembung-tembung asiling *afiksasi* saking *morfem* asal ingkang sami nedahaken wontenipun sesambetan *kesepadanan* (Sumarlam, 2003:46). Alkhadiyah (1988:122) nyebatake bilih *ekuivalensi (kesepadanan)* menika *kesejajaran (paralelisme)*, tegesipun ngginakaken wujud basa ingkang sami utawi kontruksi basa ingkang sami ingkang dipunginakaken ing susunan ukara. *Kesejajaran (paralelisme)* saged mbiyantu ngandharaken ukara kanthi sedayanipun (*keseluruhan*). Wondene titikanipun *kohesi leksikal ekuivalensi* inggih menika wontenipun *satuan lingual* minangka asiling proses *afiksasi* ing satunggaling ukara lajeng wonten ugi *satuan lingual* sanes ingkang tembung lingganipun sami ananging ugi minangka asiling proses *afiksasi* ingkang beda saking asiling *afiksasi* saderengipun. Tuladhan *ekuivalensi* inggih menika ing paragraf ngandhap menika.

- (12) Kanggo mesthekake bener orane, polisi njaluk terdakwa **nerangake** alibi mau kaping bola-bali kanthi wektu kang ora jinadwal. Yen kang **diterangke** siji lan sijine ora padha bisa dianggep mung apus-apus (Setiyanto, 2007:87)

Paragraf (12) ing nginggil kasusun saking kalih ukara ing ngandhap menika.

- (12a) Kanggo mesthekake bener orane, polisi njaluk terdakwa **nerangake** alibi mau kaping bola-bali kanthi wektu kang ora jinadwal.
 (12b) Yen kang **diterangke** siji lan sijine ora padha bisa dianggep mung apus-apus.

Ukara (12a) saha (12b) nyariyosaken bilih kangge mesthekaken leres menapa boten terdakwa kedah ngandharaken alibi makaping-kaping kanthi wekdal ingkang boten dipunjadwal. Menawi ingkang dipunandharaken setunggal saha sanesipun boten sami saged dipunanggep ngapusi. Ing ukara (12a) wonten asiling *afiksasi* inggih menika tembung **nerangake**. Ing ukara (12b) wonten asiling *afiksasi* inggih menika tembung **diterangake**. Kalih tembung kala wau asalipun saking tembung lingga ingkang sami inggih menika terang, awit saking menika nedahaken bilih wontenipun hubungan kesepadanan ing paragraf nginggil.

4. Fungsi Kohesi Leksikal

Paragraf minangka informasi ingkang ngandharaken *ide* pokok. Informasi ingkang dipunandharaken ing satunggaling ukara gegayutan kaliyan informasi ingkang dipunandharaken ing ukara sanes, utawi informasi-informasi ingkang dipunandharaken ing ukara-ukara ingkang wujudipun ing satunggaling paragraf menika gegayutan saha gembleng. Tanpa wontenipun gemblengipun informasi, kempalan informasi kala wau boten ngasilaken paragraf (Ramlan, 1993:9). Sesambetan kaliyan bab menika, Indiyastini (2009:70) ngandharaken bilih kangge damel paragraf ingkang *kohesif* saged kanthi cara milih tembung-tembung ingkang selaras kaliyan wosing paragraf ingkang dipunkajengaken. Kanthi ngginakaken *kohesi leksikal* ing paragraf saged mujudaken *keserasian* struktur kanthi *kohesif*. Wontenipun *kohesi leksikal* wacana gadhah fungsi piyambak-piyambak kados ing ngandhap menika.

1) *Repetisi*

a) Fungsi *Repetisi* Wetah kangge Nedahaken Perkawis ingkang Wigatos

Ingkang dipunwastani *repetisi* ing ngriki sanes minangka proses *reduplikasi* minangka salah satunggaling proses *morfologis* kadosta tembung ‘omah’ dados ‘omah-omah’ utawi ‘sepur’ dados ‘sepur-sepuran’, ananging *repetisi* menika minangka pratandha gegayutanipun ukara setunggal kaliyan ukara sanesipun ing paragraf kanthi ngambali perangan ingkang sampun dipunsebataken ing ukara sangajengipun (Ramlan, 1993:30). Ngambali *satuan lingual* ing ukara salajengipun dipunginakaken kangge nedahaken bilih *satuan lingual* ingkang dipunambali menika perangan ingkang wigatos dipunrembag ing paragraf kasebat (Sumarlam, 2003:35). Ingkang dipunwastani wigatos ing ngriki inggih menika bilih *satuan lingual* ingkang dipunambali menika kadosta nama paraga ing wacana, tumindak, utawi nama papan ingkang minangka topik wicantenan utawi topik ingkang nembe dipunandharaken ing wacana kasebat pramila wontenipun *repetisi satuan lingual* ingkang wigatos kala wau prelu dipunwontenaken kangge nggampilaken pamaos ngemut-emut bab ingkang wigatos ingkang nembe dipunandharaken kala wau. Tuladha kohesi *repetisi* wetah kangge nedahaken unsur wigatos ing paragraf inggih menika.

- (13) Biyen tugase **wanita** kuwi mung ndampingi bojo, ngopeni anak lan ngurus **omah**. Nanging saiki jamane wis owah. **Wanita** entuk kelonggaran jumangkah maju ing jaban **omah**, waton ora ninggalake tugase minangka ratu rumah tangga. **Wanita** dadi sumber daya manungsa kang gedhe, sing mbiyantu lakuning pembangunan nasional (Sumadi, 1995:77).

Ing paragraf (13) nginggil ketinggal bilih tembung **wanita** lan **omah** dipunambali ing ukara salajengipun. Wontenipun kalih tembung kala wau

nedahaken bilih paragraf ing nginggil *kohesif*. Ngambali tembung **wanita** lan **omah** menika fungsipun inggih menika nedahaken bilih tembung **wanita** lan **omah** menika wigatos ing paragraf kasebat pramila dipunambali ing ukara salajengipun. Awit saking menika nedahaken bilih wontenipun *repetisi* wetah ing paragraf menika njurung gembelengipun wacana.

b) Fungsi *Repetisi* Wetah kangge Nyethakaken Satunggaling Perkawis

Anggenipun mujudaken paragraf ingkang *kohesif* menika saged dipundamel kanthi tetembungan ing ukara setunggal dipunambali ing ukara sanesipun. Ngambali tetembungan menika kadhang kala ingkang minangka topikipun paragraf, ananging kadhang kala wonten ugi ingkang ngambali tetembungan ingkang sanes minangka topikipun. *Repetisi* ingkang kados mekaten saged dipunginakaken kangge nyethakaken satunggaling perkawis. Inggih dipunwastani satunggaling perkawis ing ngriki inggih menika bilih anggenipun ngambali *satuan lingual* menika sanes minangka nama paraganipun utawi nama papan ingkang dados topik wicantenan, pramila menawi *satuan lingual* kala wau dipunicali tetep saged dipuntampi maksud ing wacana. Wondene tuladhan *repetisi* wetah kangge nyethakaken satunggaling perkawis inggih menika.

- (14) Rujiman nangis tanpa isin, **lali** samubarang, **lali** jen lanang, **lali** jen dewasa. Rujiman mung getun amarga ora menangi nalika ibune seda, mulane nangis kanthi mbengok-mbengok.

Ing paragraf (14) nginggil dipunpanggihaken tembung **lali**. Ngambali tembung **lali** kala wau kangge nyetakaken kawontenan bilih nalika Rujiman nangis menika boten kemutan bilih piyambakipun menika jaler lan piyambakipun menika sampun dewasa. Raos getun menika ingkang ndadosaken Rujiman nangis

kanthi kesupan samubarang. Awit saking menika nedahaken bilih wontenipun *repetisi* wetah ing paragraf menika njurung gembelngipun wacana.

c) Fungsi *Repetisi* Saperangan kangge *Efisiensi* Tembung

Wujud ngambali *satuan lingual* ing ukara wonten satunggaling paragraf menika wonten ingkang ngambali kanthi wetah, ananging ugi wonten ingkang ngambali saperangan. Ngambali saperangan menika tegesipun ngambali tembung utawi frase kados ing ukara saderengipun kanthi boten wetah ananging unsuripun kemawon utawi peranganipun kemawon (Ramlan, 1993:34). Ngambali saperangan menika dipunginakaken supados *efisien* anggenipun nyerat tetembungan sinaosa tanpa ngicalaken bab ingkang wigatos ing satunggaling paragraf. Miturut KBBI (2001:284) tembung *efisien* tegesipun trep kangge nindakaken utawi ngasilaken satunggaling bab, inggih menika ngasilaken satunggaling perkawis kanthi trep saha boten mbucal-mbucal wekdal, pramila anggenipun ngambali tetembungan namung ingkang prelu kemawon. Fungsi *efisien* tembung menika namung kusus kangge *repetisi* saperangan kemawon. Tuladha *repetisi* saperangan kangge *efisiensi* tembung antawisipun.

- (15) **Taman Safari Prigen Pasuruhan Jawa Timur** mujudake taman safari sing anyar ora beda kaya sing ana Bogor. **Taman Safari Prigen** jembare atusan hektar, manggon ing kawasan alas pinus sing wis dientha kaya alas sing satenane.

Ing ukara ingkang sepisanan ing paragraf nginggil dipunpangkihaken *satuan lingual* **Taman Safari Prigen Pasuruhan Jawa Timur**. *Satuan lingual* menika dipunambali ing ukara salajengipun ananging anggenipun ngambali namung asipat saperangan, inggih menika **Taman Safari Prigen**. *Repetisi*

saperangan menika fungsipun kangge efisiensi tembung kemawon amargi ngginakaken **Taman Safari Prigen** sampun cekap lan boten ngicalaken menapa ingkang wigatos dipunandharaken.

2) *Sinonimi*

a) Fungsi kangge *Variasi ing Teks*

Miturut pamanggihipun Aritonang (2009:40) bilih aspek *leksikal* menika njurung gembelngipun wacana. Salah satunggaling aspek *leksikal* inggih menika *sinonimi* gadhah fungsi supados wonten *variasi* ing teks. *Variasi satuan lingual* ing teks menika saged dipunginakaken kangge ngambali *satuan lingual* sanes ingkang tegesipun meh sami. Menawi ngginakaken *satuan lingual* ingkang sami kanthi dipunambali makaping-kaping, samangke saged ndadosaken pamaos menika bosen anggenipun maos. Awit saking menika, *sinonimi* gadhah fungsi kangge damel *variasi* ing teks. Tuladha wontenipun *sinonimi* supados wonten *variasi* ing teks inggih menika.

- (16) Para **wanita** ing Indonesia nganti tumekane saiki isih nengahi berjuang ing babagan “emansipasi”. Yen urip ana ing kutha asiling perjuangan “emansipasi” iku wis rada bisa dirasaake. Nanging menawa ing padesan nyatane isih kaya dene bature para priya. Anggepe kang kuwasa, mung para priya, wong **wadon** mung kari kudu manut sapakone (Sumadi, 1995:71).

Ing paragraf (16) nginggil dipunpangguhaken tembung **wanita** kaliyan **wadon**. Tembung **wanita** lan **wadon** menika gadhah teges sami inggih menika tiyang estri. Anggenipun ngginakaken tembung **wanita** lan **wadon** ing paragraf nginggil fungsipun supados wonten *variasi* ing teks pramila pamaos boten bosen ngambali tembung ingkang sami ing teks. Kalih tembung kala wau

tegesipun sami pramila saged dipunginakaken kangge nggantos ing ukara sanesipun. Awit saking menika nedahaken bilih wontenipun *sinonimi* ing paragraf menika njurung gemblengipun wacana.

b) Fungsi kangge Nedahaken Raos ingkang Trep

Sinonimi menika dipunginakaken ing satunggaling paragraf kanthi ngginakaken tetembungan ing satunggaling ukara lajeng dipunpanggihaken tetembungan sanes ingkang maknanipun meh sami kaliyan tetembungan saderengipun. Miturut pamanggihipun Sasangka (2001:187) bilih *sinonimi* ing basa Jawi menika gunggungipun kathah sanget amargi wontenipun undha usuk. Undha usuk menika dipunperang antawisipun dados ngoko saha krama. Wontenipun ngoko lan krama menika dipunginakaken adhedhasar kaliyan sinten anggenipun micara, menawi matur kaliyan tiyang ingkang langkung sepuh ngginakaken basa Jawi krama wondene menawi micara kaliyan ingkang sepantaran utawi langkung enem saged ngginakaken basa Jawi ngoko. Tuladha *sinonimi* kangge nedahaken raos ingkang trep inggih menika

(17) Dik Joko **bali** seko dolan mau jam 3 sore. Nalika kuwi, bapake durung **kondur** seko kantor amarga ana pagaweyan tambahan.

Ing paragraf (17) nginggil, dipunpanggihaken tembung **bali** saha **kondur**. Kekalihipun gadhah teges ingkang meh sami inggih menika dhateng ing griyanipun amargi saking kesah. Wonten ukara saderengipun ngginakaken tembung **bali** amargi dipunjumbuhaken kaliyan sinten ingkang nindakaken. Ing ukara menika ingkang nindakaken inggih menika Dik Joko, pramila trep ngginakaken tembung **bali**. Ing ukara salajengipun ngginakaken tembung **kondur**

amargi ingkang nindakaken inggih menika bapak, pramila kangge raos kurmat dhumateng bapak, trepipun ngginakaken tembung **kondur**. Anggenipun ngginakaken tembung **bali** lan **kondur** menika nedahaken raos ingkang trep.

3) *Kolokasi*

a) **Fungsi kangge Nuntasaken Topik**

Kohesi leksikal kolokasi dipunwujudaken kanthi ngginakaken *satuan-satuan lingual* (tembung, frase, utawi klausa) ingkang sesandingan ing satunggaling paragraf menika dipunginakaken kangge nuntasaken topik (Setiyanto, 2007:95). Kanthi ngginakaken wujud-wujud *satuan lingual* ingkang wonten ing satunggaling *jaringan*, pramila informasi ingkang dipunandharaken langkung gampang dipuntampi amargi ngginakaken tembung-tembung ingkang wonten ing setunggal lingkungan. Tuladhan fungsi *kohesi leksikal* kangge nuntasaken topik inggih menika.

- (18) Kutha kadipaten Malang katon **sepi**. Hawa adhem lan pedhut lagi ngemuli **wengi**. Omah-omah sing isih pating krempel ing sawataran papan mung katon ngregemeng ing **ireng**. Sawatara lampu sing kelip-kelip mrojol ing sela-selane gedheg pating cromplong (Indiyastini, 2005: 88).

Ing paragraf (18) menika ketingal ngginakaken tembung **sepi**, **wengi**, lan **ireng**. Tembung-tembung menika minangka tembung-tembung ingkang *berkolokasi*. Tembung **sepi**, **wengi**, lan **ireng** menika fungsipun nuntasaken topik kanthi ngginakaken tembung-tembung ingkang kalebet satunggaling *domain* utawi *jaringan* inggih menika *jaringan* kawontenan ing wayah ndalu. Menika saged dipundandharaken bilih tembung **sepi** utawi sepen menawi dipungayutaken kaliyan wekdalipun inggih menika **wengi** utawi ndalu ingkang **adhem** utawi asrep

lan wonten kabut, temtu ndadosaken tiyang boten gadhah pepinginan medal griya. Awit saking menika, ingkang ketingal namung **ireng** utawi cemeng lan lampu kelip-kelip. Menawi dipungayutaken kalihan werni ing papan menika **ireng** utawi cemeng, saged dipunpahami bilih tembung **sepi, wengi, ireng** ing paragraf nginggil *berkolokasi* kangge nyethakaken topikipun inggih menika wayah ndalu.

b) Fungsi kangge Nedahaken Pasangan Tembung

Kolokasi ing satunggaling paragraf menika kejawi dipunginakaken kangge nuntasaken topik ugi kangge nedahaken pasangan tembung. Menawi ing satunggaling paragraf wonten kalih tembung utawi frase ingkang kalebet ing satunggaling *jaringan* menika nedahaken pasangan tembung lan saged njurung *kekohesifan* paragraf. Tuladhan fungsi *kohesi leksikal* kangge nedahaken pasangan tembung inggih menika.

- (19) Wayah sore Tarno krungu pawarta saka ngomahe bab **ibu** kang nembe gerah. Kejaba kuwi, **bapak** uga lagi dhines ing Sumatra.

Ing paragraf (19) nginggil dipunpanggihaken tembung ibu saha bapak. Tembung-tembung kala wau kalebet ing satunggaling *jaringan* inggih menika kulawarga pramila menika *kalebet kohesi leksikal*. Wontenipun *kohesi leksikal* menika kangge nedahaken pasangan tembung ing ukara setunggal saha ukara sanesipun kanthi pasangan tembung inggih menika tembung **ibu** saha tembung **bapak** ing ukara salajengipun. Awit saking menika wontenipun pasangan tembung ingkang *berkolokasi* ing nginggil kanthi konteks menika njurung gembelngipun wacana.

4) Fungsi *Hiponimi* kangge Ngraketaken Gegayutan Panguwaosing Tembung saha Peranganipun

Sumadi (1995:67) ngandharaken bilih *hiponimi* minangka salah satunggaling jinis *kohesi leksikal* menika nggayutaken antawisipun unsur basa ingkang maknanipun *generik* utawi minangka panguwaosipun ingkang saged dipunwastani *superordinat* saha unsur ingkang maknanipun *spesifik* utawi peranganipun. Awit saking menika, *kohesi leksikal* menika dipunginakaken kangge ngraketaken gegayutan antawisipun *superordinat* saha *hiponim* ingkang wonten ing ukara setunggal lan ukara sanesipun ing satunggaling paragraf pramila njurung gemblengipun wacana. Tuladha fungsi *hiponimi* kangge ngraketaken gegayutan panguwaosing tembung saha peranganipun inggih menika.

- (20) Lik Martareja nalika isih dadi lurah ana ing desa Bakungan, yen numpak **kendharaan** kerep gonta-ganti. Nanging saiki malah kosok baline, bareng wis ora dadi lurah lan wiwit nragati anak-anake sing meh ana perguruan tinggi dheweke yen lunga menyang ngendi wae tansah numpak **pit** (Sumadi, 1995:67).

Ing paragraf (20) nginggil dipunpangihaken tembung **pit** kaliyan tembung **kendharaan**. Tembung **pit** minangka unsur basa ingkang maknanipun *spesifik (hiponim)* lan **kendharaan** minangka unsur basa ingkang maknanipun *generik (superordinat)*. Wontenipun tembung **pit** lan **kendharaan** ing ukara saderengipun njurung gembleng antawisipun ukara setunggal lan sanesipun. Awit saking menika, *hiponimi* ing paragraf nginggil menika kangge ngraketaken gegayutan panguwaosing tembung inggih menika tembung **kendharaan** saha peranganipun inggih menika tembung **pit**.

5) Fungsi *Antonimi* kangge Nyethakaken Gegayutan Makna Kosok Wangsulipun

Paragraf ingkang gembleng saged dipunrembakakaken kanthi *antonimi*, tegesipun ngginakaken tembung-tembung utawi frase ingkang maknanipun kosok wangsulipun pramila mujudaken wetahipun wacana (Sumadi, 1995:71). Awit saking menika menawi wonten *satuan lingual* ing satunggaling ukara saha wonten *satuan lingual* sanes wonten ing ukara candhkipun saged njurung *kekohesifan* paragraf amargi nedahake bilih ukara-ukara kala wau wonten gandheng cenengipun. Tuladhan fungsi *kohesi leksikal antonimi* kangge nyethakaken gegayutan makna kosok wangsulipun inggih menika.

- (21) Bengi kuwi swara lan tandange Rangga Kuwata **sora** lan **kasar** saengga andadekake girise wong sing alaku cidra. Nanging bareng Dirja katon wedi lan ndredheg, banjur salin **lirih** lan **sareh** (Sumadi, 1995:74).

Ing paragraf (21) nginggil wonten kalih tembung ingkang maknanipun kosok wangsulipun, inggih menika tembung **sora** ingkang maknanipun kosok wangsul saking **lirih**. Kejawi menika ugi wonten tembung **kasar** ingkang gadhah makna kosok wangsulipun saking tembung **sareh**. Wontenipun *antonimi* ing paragraf nginggil menika fungsipun inggih menika kangge nyethakaken gegayutan makna kosok wangsulipun inggih menika wontenipun tembung **sora** lan **lirih**, ugi **kasar** lan **sareh**, pramila langkung cetha bilih ukara setunggal saha ukara sanesipun menika wonten gegayutanipun. Awit saking menika wontenipun *kohesi leksikal antonimi* menika kangge njurung gemblengipun makna wacana kanthi semantis.

6) Fungsi *Ekuivalensi* kangge Nedahaken Sesambetan *Kesepadanan*

Ekuivalensi antawisipun *satuan lingual* setunggal kaliyan *satuan lingual* sanesipun ing satunggaling wacana menika nedahaken wontenipun sesambetan *kesepadanan* (Sumarlam, 2003:46). *Kesepadanan* menika antawisipun kados wontenipun gegayutan makna tembung **nuku**, **nukoni**, saha **ditukoni**, sedayanipun dipunwujudaken saking tembung lingga ingkang sami inggih menika **tuku**. Tuladha *kohesi leksikal ekuivalensi* kangge nedahaken sesambetan *kesepadanan* kados ing ngandhap menika.

- (22) Wingi esuk Fatimah mlaku-mlaku weruh Mbok Soma dodol sapu nang pasar Bringharjo. Amarga mesakake, Fatimah banjur **nuku** sapu kuwi. Isa **nukoni** sapune Mbok Soma, atine Fatimah bungah banget. Kejaba kuwi, Mbah Soma uga matur nuwun amarga dodolane wis **ditukoni**.

Ing paragraf (22) nginggil wonten tembung **nuku**. Ing ukara candhakipun wonten tembung **nukoni**, saha ing ukara pungkasan wonten tembung **ditukoni**. Wontenipun tembung-tembung menika nedahaken wontenipun *ekuivalensi*. *Ekuivalensi* menika fungsipun kangge nedahaken sesambetan *kesepadanan* antawisipun ukara setunggal lan ukara sanesipun kanthi titikan wontenipun tembung-tembung ingkang asalipun saking tembung lingga ingkang sami ananging dipunwuwuhi imbuhan, inggih menika wontenipun tembung **nuku**, **nokoni**, saha **ditukoni** ing paragraf menika. Awit saking menika nedahaken bilih wontenipun *kohesi leksikal repetisi* ing paragraf menika njurung gemblengipun wacana.

Adhedhasar andharan ing nginggil kala wau, pramila fungsi-fungsi *kohesi leksikal* saged katata ing satunggaling tabel ing ngandhap menika.

Tabel 1. Fungsi kohesi leksikal

No.	Jenis kohesi leksikal		Fungsi
1.	<i>Repetisi (pengulangan)</i>	<i>Repetisi</i> Wetah	nedahaken perkawis ingkang wigatos ing paragraf
			nyethakaken satunggaling perkawis
		<i>Repetisi</i> saperangan	<i>efisiensi</i> tembung
2.	<i>Sinonimi (padan kata)</i>		ndadosaken <i>variasi</i> ing teks
			nedahaken raos ingkang trep
3.	<i>Kolokasi (sanding kata)</i>		nuntasaken topik
			nedahaken pasangan tembung
4.	<i>Hiponimi (hubungan atas bawah)</i>		ngraketaken gegayutan panguwaosing tembung saha peranganipun
5.	<i>Antonimi (lawan kata)</i>		nyethakaken gegayutan makna kosok wangsulipun
6.	<i>Ekuivalensi (kesepadanan)</i>		nedahaken sesambetan <i>kesepadanan</i>

5. Novel

Novel inggih menika asiling karya sastra ingkang awujud *fiksi*. Wacana *fiksi* tegesipun wacana ingkang ngandharaken objek lan nuwuhaken daya khayal utawi pengalaman kanthi *imajinatif*, sanes kasunyatan. Ing wacana *fiksi* saged ugi ngginakaken fakta ingkang dipunpendhet saking pagesangan, ananging fakta kasebut namung minangka bahan kemawon (Sudaryat, 2008:166).

Miturut wujudipun, novel menika kalebet wacana naratif. Menika selaras kaliyan pamanggihipun Nurgiyantoro (1995:2) bilih novel kalebet fiksi lan naratif. Wacana naratif inggih menika wacana ingkang wosipun ngandharaken satunggaling kadadosan ingkang antawisipun bab sinten paraganipun, kadospundi

tumindakipun, wonten pundi papan kadadosanipun, kapan kadadosanipun, kadospundi suasana kadadosanipun, kadospundi lelampahanipun cariyos, lan sinten juru cariyosipun (Sudaryat, 2008:170). Anggenipun nyuguhaken cariyos kasebat dipunandharaken mawi wujud tembung-tembung ingkang salajengipun dipunronce dados ukara-ukara. Ukara-ukara kala wau salajengipun dipunsusun dados paragraf-paragraf ingkang gayut satunggal lan sanesipun pramila mujudaken alur cariyos lan ndadosaken wacana novel. Ukara-ukara ingkang gegayutan satunggal lan sanesipun dados wacana novel menika minangka satunggaling wacana ingkang gembheng.

Maos novel minangka wacana ingkang gembheng saha wetah menika mbetahaken wekdal ingkang langkung kathah tinimbang cariyos cekak supados paham aluripun ingkang kasusun rinci. Kangge maos wacana novel menika kedah ngemut-emut saben aluripun pramila pamaos saged paham lampahipun cariyos. Cariyos ingkang panjang lan gembheng menika kedah kajurung *kohesi*. *Kohesi* minangka salah satunggaling unsur ingkang nyusun teks ingkang wigatos (Rani, dkk. 2006:87). Salah satunggaling jinis *kohesi* inggih menika *kohesi leksikal*. Wacana ingkang wetah awujud novel menika ngawrat *kohesi leksikal* ingkang variatif sanget pramila saged langkung gampil anggenipun paham bab wosipun novel kanthi wontenipun sesambetan antawisipun ukara setunggal lan ukara sanesipun ing cariyos kasebut pramila dados satunggaling cariyos ingkang gembheng.

Saking pamanggihipun para ahli saged dipuandharaken bilih novel inggih menika asling karya sastra ingkang awujud wacana fiksi ingkang kalebet naratif

lan gembleng. Novel minangka wacana ingkang wetah ngemu *kohesi leksikal* ingkang variatif sanget, pramila gadhah fungsi *kebahasaan* ingkang cetha lan endah saha ukara-ukaranipun sesambetan setunggal lan sanesipun. Novel adatipun nyariosaken gesangipun manungsa ingkang kasusun saking episode-episode. Salah satunggalipun tuladha novel inggih menika LLKR. Novel menika minangka salah satunggaling novel ingkang dipunanggit dening Suparta Brata. Novel LLKR kaperang dados sagang episode ingkang nyariosaken perjuwanganipun para kaneman kangge kepanggih kulawarganipun ingkang kapisah nalika wonten Walandi njajah Indonesia.

B. Panaliten Inggih Jumbuh

Panaliten ingkang jumbuh kaliyan panaliten menika sampun dipuntindakaken dening Priyo Anggoro Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia kanthi irah-irahan *Analisis Kohesi antarkalimat Kolom Tajuk Rencana Harian Suara Merdeka* (2008). Panaliten menika nлити bab *kohesi* ing kolom tajuk rencana harian Suara Merdeka. Inggih sami ing panaliten kasebut kaliyan panaliten menika bilih sami-sami nлити bab *kohesi* ananging ing panaliten menika dipunwatesi ing *kohesi leksikal*ipun. Kekalihipun sami-sami panaliten bidang kajian wacana. Kekalihipun ugi ngginakaken metode panaliten *deskriptif*, ananging sumber datanipun panalitenipun beda. Panaliten saderengipun nлити jinis-jinis *kohesi* ing kolom tajuk rencana harian Suara Merdeka, wondene panaliten menika nлити jinis saha fungsi *kohesi leksikal* ing novel.

Panaliten ingkang jumbuh salajengipun inggih menika panaliten ingkang sampun dipuntindakaken dening Kukira Januari kanthi irah-irahan *Kohesi dan*

Koerensi Wacana dalam novel Mendhung Kesaput Angin Karya AG. Suharti (2010). Panaliten menika nliiti *kohesi* lan *koherensi* ingkang wonten ing novel Mendhung Kesaput Angin. Ingkang sami ing panaliten menika bilih sami-sami nliiti bab *kohesi* ing satunggaling wacana. Kekalihipun ugi ngginakaken metode panaliten *deskriptif*. Ananging ing panaliten sadarengipun ugi nliiti *koherensinipun*, wondene ing panaliten menika dipunwatesi ing jinis saha fungsi *kohesi leksikalipun* kemawon. Asiling panaliten sadarengipun nyebataken bilih unsur *kohesi* ingkang wonten ing panaliten sadarengipun antawisipun *kohesi gramatikal, kohesi leksikal* lan *koherensi*. Dene *kohesi leksikalipun* antawisipun *repetisi, sinonimi, antonimi, hiponimi, lan kolokasi*.

Panaliten ingkang sampun dipuntindakaken dening Priyo Anggoro kanthi irah-irahan *Analisis Kohesi antarkalimat Kolom Tajuk Rencana Harian Suara Merdeka* (2008) saha panalitenipun Kukira Januari kanthi irah-irahan *Kohesi dan Koerensi Wacana dalam novel Mendhung Kesaput Angin Karya AG. Suharti* (2010) saged dipunginakaken acuan minangka panaliten ingkang jumbuh amargi sami-sami ngrembag babagan *kohesi*, ananing beda wosing perkawisipun. Awit saking menika, saking ningali asliling panaliten sadarengipun inggih menika gadhahipun Priyo Anggoro saha Kukira Januari menika minangka bukti bilih panaliten menika ancasipun boten sami kaliyan panaliten ingkang sampun nate dipuntindakaken sadarengipun (orisinil).

C. Nalaring Pikir

Wacana inggih menika perangan basa ingkang paling *kompleks* saha paling jangkep ingkang ngandhut informasi. Kangge damel wacana ingkang sae,

dipunwujudaken kanthi wontenipun perangan-perangan ingkang gembleng saha nyawiji antawisipun informasi ing ukara setunggal kaliyan informasi ing ukara sanesipun. Perangan ingkang gembleng saha *menyatu* menika kadadosan awit wontenipun *kohesi* saha *koherensi*. *Kohesi* inggih menika gemblengipun *satuan lingual* setunggal kaliyan *satuan lingual* sanesipun ingkang gegayutan kaliyan aspek wujud, wondene *koherensi* gegayutan kaliyan aspek makna.

Kohesi kaperang dados kalih inggih menika *kohesi gramatikal* saha *kohesi leksikal*. Ing panaliten menika badhe dipunandharaken babagan *kohesi leksikal*. *Kohesi leksikal* inggih menika sesambetan *leksikal* antawisipun perangan-perangan wacana kangge mujudaken struktur ingkang serasi kanthi *kohesif*. *Kohesi leksikal* menika kaperang enem, inggih menika *repetisi*, *sinonimi*, *kolokasi*, *hiponimi*, *antonimi*, saha *ekuivalensi*. *Kohesi leksikal* menika adatipun dipunginakaken ing wacana kadosta novel.

Novel minangka salah satunggaling wujud wacana ingkang ngginakaken *kohesi* mliginipun *kohesi leksikal* menika ndadosaken wacana langkung gampang dipunpahami dening pamaos. Alur cariyos ing wacana novel langkung gampang dipunmangertosi kanthi cetha awit kasusun saking ukara-ukara ingkang gegayutan setunggal lan sanesipun (*kohesif*).

BAB III

CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Jinis panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika panaliten *deskriptif*. Sudaryanto (1988:62) ngandharaken bilih panaliten *deskriptif* diputindhakaken kangge nggambaraken saha mahyakaken asiling panaliten kanthi menapa wontenipun utawi kanthi *objektif*. Wonten ing panaliten menika, panaliti njlentrehaken menapa kemawon jinis saha fungsi *kohesi leksikal* ingkang awujud *satuan lingual* (tembung, frase, utawi klausa) ing saben paragraf salebeting novel LLKR. Pramila, panaliten menika ancasipun kangge ngandharaken asiling panaliten ingkang arupi *data-data* seratan tanpa ngewahi *data-datanipun*.

B. Data saha Sumber Data

Data ing panaliten menika awujud *satuan lingual* (tembung, frase, utawi klausa) ingkang kalebet jinis *kohesi leksikal* saha fungsipun. Jinis *kohesi leksikal* kaperang dados enem antawisipun *repetisi (pengulangan)*, *sinonimi (padan kata)*, *kolokasi (sanding kata)*, *hiponimi (hubungan atas bawah)*, *antonimi (lawan kata)*, lan *ekuivalensi (kesepadanan)*.

Sumber data ing panaliten menika ngginakaken novel LLKR anggitanipun Suparta Brata. Novel menika dipunwedalaken dening Jaja Baja Surabaya ing taun 1966, awit saking menika ejaan ingkang dipunginakaken inggih menika ejaan lama. Panaliti tetep ngginakaken cara nyerat ingkang dipunginakaken ing novel kasebut, amargi panaliten menika panaliten *deskriptif* ingkang ngandharaken

kanthi menawa wontenipun. Novel menika kasusun saking pitung ndasa kaca lan kaperang dados sangang bab. Wonten panaliten menika ngginakaken novel LLKR amargi wonten *variasi kohesi leksikal* ingkang wigatos dipuntliti. Kanthi nliti *kohesi leksikal*ipun kaajab saged nggampilaken anggenipun paham *kesatuan* wosipun novel kasebut pramila patut dipuntliti.

C. Caranipun Ngempalaken *Data*

Cara ngempalaken *data* wonten ing panaliten menika ngginakaken inggih menika teknik maos saha nyerat inggih menika panaliti ngamati langsung sumber *data* panaliten kanthi cara: (1) maos ukara-ukara wonten ing sumber *data* ingkang sapun dipuntemtokaken, inggih menika wonten ing salebetipun novel LLKR; (2) nyukani tandha wonten ing *satuan lingual* (tembung, frase, utawi klausa) ingkang kalebet jinis lan fungsi *kohesi leksikal*; (3) nyerat ukara-ukara ingkang sampun dipunsukani tandha kasebat wonten ing *kartu data* kanthi jangkep trep kaliyan *data* ingkang dipunbetahaken.

D. Pirantining Panaliten

Piranti panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika *tabel analisis data* kabiyantu *kartu data*. *Tabel analisis data* menika dipunginakaken kangge nganalisis *data* ingkang gegayutan kaliyan wosing panaliten. Wondene *kartu data* dipunginakaken kangge nyerat *data* panaliten ingkang dipunpanggihaken.

Format kartu data.

No	: 36
Kaca	: 18/2
Data	: “Mas sing rada banter ben kupinge manungsa ja krungu. Jen lirih rak mung lelembut wae sing tangi iki mengko,” celatune Sukardiman gemeter karo tolah-toleh maspadakake
Jinis <i>kohesi leksikal</i>	: Antonimi
Fungsi	: nyethakaken makna kosok wangsulipun banter >< lirih

Katrangan :

36 : nomor *data*
 18/2 : kaca 18 / paragraf 2 ing novel

E. Caranipun Nganalisis *Data*

Caranipun nganalisis *data* ingkang dipunginakaken ing panaliten menika ngginakaken teknik analisis *deskriptif*. *Deskriptif* menika ateges *data* dipunpilah-pilah (*klasifikasi*) adhedhasar menapa wontenipun. *Data* ingkang sampun dipunkempalaken menika lajeng dipunanalisis kanthi cara nglempakaken adhedhasar jinis lan fungsi *kohesi leksikal*, wondene teknik anggenipun mbuktekaken utawi uji leresipun *data* inggih menika kanthi ngicali *satuan lingual* ingkang kalebet *kohesi leksikal* lajeng dipunjumbuhaken kaliyan konteks ewah menapa boten, pramila saged mangertos *data* menika kalebet *kohesi leksikal* menapa boten.

Lampahipun nganalisis *data* inggih menika.

1. *Data* ingkang sampun dipunkempalaken lajeng dipun*identifikasi* adhedhasar jinis lan fungsi *kohesi leksikal* ingkang sampun dipuntemtokaken ing panaliten menika.
2. Nyelarasaken *data* kaliyan teori ingkang dipunginakaken ing panaliten menika. *Data* ingkang boten selaras kaliyan *kriteria* panaliten lajeng dipunreduksi.
3. *Data* ingkang dipunanggep selaras kaliyan *kriteria* kasebut salajengipun dipunanalisis jinis lan fungsi *kohesi leksikal*ipun.

Format tabel analisis *data*.

No	Deskripsi Wacana	Jinis kohesi leksikal						Fungsi										Katrangan		
		R		S	K	H	A	E	a	b	c	d	e	f	g	h	i		j	
		W	S																	
36.	“Mas sing rada banter ben kupinge manungsa ja krungu. Jen lirih rak mung lelembut wae sing tangi iki mengko,” celatune Sukardiman gemeter karo tolah-toleh maspadakake ngisor wit sawo. (18/2)																			banter >< lirih

Katrangan :

- 36 : no data 36
 18/2 : kaca ing novel/paragraf
 a : nedahaken perkawis ingkang wigatos ing paragraf
 b : nyethakaken satunggaling perkawis
 c : *efisiensi* tembung
 d : ndadosaken *variasi* ing teks

e	: nedahaken raos ingkang trep
f	: nuntasaken topik
g	: nedahaken pasangan tembung
h	:ngraketaken gegayutan panguwaosing tembung kaliyan peranganipun
i	: nyethakaken makna kosok wangsulipun
j	: nedahaken sesambetan kesepadanan

F. Caranipun Ngesahaken *Data*

Caranipun ngesahaken *data* ing panaliten menika kanthi *validitas* saha *reliabilitas*. Uji *validitas* ingkang dipunginakaken inggih menika uji *validitas semantik*. *Validitas semantik* inggih menika cara nafsiraken data kanthi nggatosaken tegesipun. *Data* ingkang awujud *satuan lingual* (tembung, frase, klausa) dipunmaknai miturut konteksipun pramila langkung gampang dipunmangertosi. Wondene tuladhanipun inggih menika.

(20) Wiradi manut, pandodoge rada **sora**. Bareng didodog rada **banter**, Wiradi krungu suwarane krusek2 ing ndjero omah. (LLKR 36)

Data (20) nginggil kasusun saking kalih ukara. Kalih ukara kasebat dipunandharaken kados ing ngandhap menika.

(20a) “Mas, sing rada **banter** ben kupinge manungsa ja krungu.

(20b) Jen **lirih** rak mung lelembut wae sing tangi iki mengko, tjelatune Sukardinam gemeter karo tolah-toleh maspadakake ngisor wis sawo.

Tembung **lirih** ing ukara (20b) paragraf nginggil minangka kosok wangsulipun saking tembung **banter** ing ukara (20a). Wontenipun unsur *antonim* ing salah satunggaling ukara ing paragraf kasebut kagolong ing *kohesi leksikal* jinis *antonimi*. Paragraf kasebut kagolong minangka data *kohesi leksikal* jinis *antonimi* adhedhasar pangertosan *kohesi leksikal antonimi* menika piyambak,

inggih menika *satuan lingual* ingkang tegesipun kosok wangsulipun utawi *oposisi* kaliyan *satuan lingual* sanesipun.

Data (20) dipuncariyosaken bilih Wiradi lan Sukardiman sampun wonten ngajeng griyanipun Wiradi. Sukardiman wonten ngajeng griya ningal-ningali mbokmenawi wonten patroli dening Walandi, wondene Wiradi sampun wonten ngajeng konten griyanipun. Sukardiman wicanten bilih Wiradi kedah sora anggenipun ndhodhog konten supados tiyang-tiyang ingkang wonten ing nglebet griya saged mireng. Ing *data* (20) menika wonten *satuan lingual* ingkang tegesipun kosok wangsulipun inggih menika ing tembung ‘banter’ ing ukara (20a) saha tembung ‘lirih’ ing ukara (20b). Menawi dipuntingali ing *konteks* menika, tembung ‘banter’ ing ukara (20a) gadhah teges sora, inggih menika Sukardiman wicanten dhateng Wiradi supados langkung sora anggenipun ndhodhog konten lan kula nuwun. Wondene ing ukara (20b) wonten tembung ingkang minangka kosok wangsulipun saking ‘banter’ inggih menika ‘lirih’. Sukardiman wicanten bilih menawi Wiradi menika lirih anggenipun ndhodhog konten lan kula nuwun, samangke namung lelembut kemawon ingkang tangi, tegesipun tiyang-tiyang ingkang wonten nglebet griya boten mireng pramila boten enggal mbikakaken konten. Pramila tembung ‘banter’ lan ‘lirih’ minangka *satuan lingual* ingkang *berantonim* ing paragraf menika. Wontenipun *kohesi leksikal antonimi* menika ndadosaken *kekohesifan* paragraf.

Fungsi wontenipun *kohesi leksikal antonimi* ing *data* (20) inggih menika nyethakaken gegayutan makna kosok wangsulipun ukara setunggal lan sanesipun ing satunggaling paragraf kangge njurung *kekohesifan* makna wacana kanthi

semantis. Anggenipun ngginakaken *satuan lingual* ingkang minangka kosok wangsulipun ugi saged kangge nyethakaken wosing wicantenan utawi andharan kanthi ngambali *satuan lingual* ngginakaken teges kosok wangsulipun, inggih menika antawisipun tembung ‘banter’ saha ‘lirih’. Awit saking menika, wontenipun *antonimi* ing paragraf kasebat nedahaken bilih ukara setunggal lan sanesipun ing *data* (20) wonten gandheng cenengipun.

Reliabilitas ingkang dipunginakaken inggih menika *reliabilitas intrareter* lan *interreter*. *Reliabilitas intrareter* inggih menika panaliti maos kanthi dipunambali malih pramila pikantuk data ingkang sami boten ewah. *Reliabilitas interreter* inggih menika ateges nyuwun pamrayogi saking ahli inggih menika dosen pembimbing. Kanthi nindakaken diskusi lan konsultasi menika kaajab panaliten menika saged leres lan absah.

BAB IV
ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Asiling Panaliten

Adhedhasar panaliten ingkang sampun dipuntindakaken tumrap novel LLKR, pikantuk asiling panaliten ingkang jumbuh kaliyan wosing perkawis inggih menika jinis *kohesi leksikal* saha fungsi *kohesi leksikal*. Asiling panaliten dipunandharaken kanthi *tabel*, inggih menika tabel 2 ingkang ngewrat jinis *kohesi leksikal*, saha fungsi *kohesi leksikal*. Supados langkung cetha, asiling panaliten menika dipunandharaken ing tabel 2 jinis saha fungsi *kohesi leksikal*.

Tabel 2. Jinis saha fungsi *kohesi leksikal* ing novel LLKR

No.	Jinis <i>kohesi leksikal</i>		Fungsi	Indikator
1	2		3	4
1.	<i>Repetisi (pengulangan)</i>	<i>Repetisi wetah</i>	nedahaken unsur ingkang wigatos	<p>“Kula pun matur ramane, ampun njambut damel kalih Landi. Nanging ramane boten nggega. Kula pun kuwatos mawon kalih ramane niku....” (LLKR 56)</p> <ul style="list-style-type: none"> • Jinis <i>kohesi leksikal</i> : <i>repetisi wetah</i> • Fungsi : nedahaken unsur ingkang wigatos (topik) inggih menika ramane
			nyethakaken satunggaling perkawis	<p>“Aku kudu mulih sadurunge semapat,” pikire. Deweke mlaju maneh. Saiki plajune ngulon. Saiki plajune ora nginggati bedil. Saiki plajune ora merga kepengin tjedak lan krungu kabare adi-adine. Saiki plajune kepengin enggal ambjuk ing pakone wong2 sing pada trisna njang deweke ing ngomah. Saiki plajune kanti nijat jen deweke kudu ditulungi, diupakara, dimesakake. (LLKR 102)</p> <ul style="list-style-type: none"> • Jinis <i>kohesi leksikal</i> : <i>repetisi wetah</i> • Fungsi : nyethakaken satunggaling perkawis (kawontenan) inggih menika saiki plajune

Tabel salajengipun

1	2		3	4
		Repetisi saperangan	efisiensi tembung	<p>Saja suwe Wiranta saja adoh anggone nlusur dasare kali Sala mangsa ketiga. Dasare kali wedi malela kang wis pirang2 minggu ora katjak banju, marga iline banju Bengawan mung prasasat kali tjilik kang ora mingsra. (LLKR 25)</p> <ul style="list-style-type: none"> • Jinis kohesi leksikal : <i>repetisi</i> saperangan • Fungsi : <i>efisiensi</i> tembung saking dasare kali Sala dipunambali saperangan inggih menika dasare kali
2.	<i>Sinonimi (padan kata)</i>		ndadosaken variasi ing teks	<p>“Adja, kangmas! Kuwi mbebajani. Jen ngantija pak Lodang digledah ketemon lajange, mesakke deweke. Lajang apa wae jen wong ndesa kaja pak Lodang sing ngawa mesti dianggep njalawadi, ora wurung ditangkep, dikon djarwaake wadine, dipilara. Kangmas apa ora kemutan pak Karijamentes sing disiksa Landa ana Djurang nganti mati bijen kae?” (LLKR 7)</p> <ul style="list-style-type: none"> • Jinis kohesi leksikal : <i>sinonimi</i> • Fungsi : ndadosaken variasi ing teks inggih menika ngginakaken tembung dipilara kaliyan disiksa
			nedahaken raos ingkang trep	<p>Wajah rembang surup Wiranta sakantja pada mangan bebarengan ing omahe pak lurah. Diladeni Waginah anake Sadikrama lan Kartini putrane den Wira pjaji Bromantakan sing ngungsi mrono, sarta ditunggu para sepuh kaja ta pak lurah sekalijan lan bu Danu, pada rerembungan sing lutju2. (LLKR 17)</p> <ul style="list-style-type: none"> • Jinis kohesi leksikal : <i>sinonimi</i> • Fungsi : nedahaken raos ingkang trep inggih menika tembung anake kangge nyebat masarakat biyasa lan tembung putrane kangge nyebat pyayi.

Tebel salajengipun

1	2	3	4
3.	<i>Kolokasi</i> (sanding kata)	nuntasaken topik	<p><i>Narna kosot2 njedaki mitrane. Swarane bedil-bedilan ndadra maneh, swarane mesin teng ngeden mratandani arep mlaku, sorote lampu tjelorat-tjelorot madangi daerahe sing pada ndelik. Kutjing sing kasorot pada pating blolong, matane melong2. (LLKR 29)</i></p> <ul style="list-style-type: none"> • Jinis kohesi leksikal : kolokasi • Fungsi : nuntasaken topik inggih menika kawontenan perang kanthi tetembungan swarane bedil-bedilan, swarane mesin teng, saha sorote lampu
		nedahaken pasangan tembung	<p><i>“Ora, kangmas. Aku sing netepake kita ora marak sibu waktu iki. Bapak mesti bisa ngarih-arih jen djamane durung marengake awake dewe muntjul ing ngarsane sibu bapak. Bapak mesti pirsaa kaanan kang kaja mengkene iki. (LLKR 5)</i></p> <ul style="list-style-type: none"> • Jinis kohesi leksikal : kolokasi • Fungsi : nedahaken pasangan tembung inggih menika bapak, ibu
4.	<i>Hiponimi (hubungan atas bawah)</i>	ngraketaken gegayutan panguwaosing tembung saha peranganipun	<p><i>“Ora susah ditanggulangi, kantja, gaman kita muspra!”</i> <i>Nanging durung suwe saka tjelatune kuwi, ana suwarane pistol, ora ngerti sapa sing ngunekake. Teng sing isih tjedak panggonan kono bandjur mandek. Sorot kang djembar lan padang ungale dipandjer madangi saidere kono, tolah-toleh kaja kewan aneh kang nggegirisi. Kaanan dadi padang ndjingglang kaja raina, lan bedil pating djledor tjampung ing saindenge kono. (LLKR 28)</i></p> <ul style="list-style-type: none"> • Jinis kohesi leksikal : hiponimi • Fungsi : ngraketaken gegayutan panguwaosing tembung inggih menika gaman kaliyan peranganipun inggih menika pistol, teng, saha bedil.

Tabel salajengipun

1	2	3	4
5.	<i>Antonimi (lawan kata)</i>	nyethakaken gegayutan makna kosok wangsulipun	<i>Nanging pije oleku pertjaja marang bapak, bisa ngarih-araih panggalihe sibu, wong njatane sibu gerah ngono. Jen aku netepake : gerahe sibu kuwi mung bakal bisa senggang jen wis pirsira putra-putrane slamet. (LLKR 6)</i> <ul style="list-style-type: none"> • Jinis kohesi leksikal : <i>Antonimi</i> • Fungsi : nyethakaken gegayutan makna kosok wangsulipun inggih menika tembung gerahe kaliyan senggang
6.	<i>Ekuivalensi (kesepadanan)</i>	nedahaken sesambetan kesepadanan	<i>“Kita liwat Putat apa Beton mas?” salah sidjine kantja kang lumaku pernah ngarep. Kantja kuwi pendek dedege, lakune ora patija rekasa merga gawane ora abot. (LLKR 19)</i> <ul style="list-style-type: none"> • Jinis kohesi leksikal : <i>ekuivalensi</i> • Fungsi : nedahaken sesambetan kesepadanan tembung lumaku kaliyan lakune ingkang tembung lingganipun sami-sami laku

Kados ingkang sampun kaandharaken ing tabel 2, jinis kohesi leksikal

ingkang wonten ing novel LLKR antawisipun *repetisi (pengulangan)* ingkang kaperang dados kalih inggih menika *repetisi* wetah saha *repetisi* saperangan, *sinonimi (padan kata)*, *kolokasi (sanding kata)*, *hiponimi (hubungan atas bawah)*, *antonimi (lawan kata)*, lan *ekuivalensi (kesepadanan)*. Jangkepipun data salajengipun wonten ing lampiran.

Fungsi *kohesi leksikal* ingkang wonten ing novel LLKR antawisipun *repetisi* wetah kangge nedahaken bab ingkang wigatos ing paragraf saha kangge nyethakaken satunggaling bab ing paragraf, *repetisi* saperangan kangge *efisiensi* tembung, *sinonimi* kangge *variasi* ing teks saha kangge nedahaken raos ingkang

trep, *kolokasi* kangge nuntasaken topik saha kangge nedahaken pasangan tembung, *hiponimi* kangge ngraketaken gegayutan panguwaosing tembung saha peranganipun, *antonimi* kangge nyethakaken gegayutan makna kosok wangsulipun, saha *ekuivalensi* kangge nedahaken sesambetan *kesepadanan*.

B. Pirembagan

Pirembagan asiling panaliten menika awujud *deskripsi* jinis saha fungsi *kohesi leksikal* wonten ing novel *Lara Lapane Kaum Republik*. Anggenipun ngrembag jinis saha fungsi *kohesi leksikal* dipundadosaken setungal supados tumata saha boten njuwarehi. Kejawi mekaten, anggenipun ngrembag fungsi *kohesi leksikal* menika gadhah gegayutan kaliyan jinis *kohesi leksikal*. Data ingkang sampun dipunserat wonten ing asiling panaliten salajengipun dipunrembag kanthi langkung wiyar adhedhasar teori kados wonten ing ngandhap menika.

1. Jinis *Kohesi Leksikal*

Kados ingkang wonten ing tabel 2, jinis *kohesi leksikal* ingkang wonten ing novel LLKR antawisipun *repetisi (pengulangan)* ingkang kaperang dados kalih inggih menika *repetisi* wetah saha *repetisi* saperangan, *sinonimi (padan kata)*, *kolokasi (sanding kata)*, *hiponimi (hubungan atas bawah)*, *antonimi (lawan kata)*, lan *ekuivalensi (kesepadanan)*. Ing ngandhap menika pirembagan babagan jinis-jinis *kohesi leksikal* ingkang wonten ing novel LLKR saha tuladhanipun.

a. Repetisi

Kohesi leksikal repetisi (pengulangan) menika minangka gembelngipun unsur-unsur wacana kanthi ngambali *satuan lingual* ingkang wigatos ing satunggaling konteks. Wontenipun *satuan lingual* kadosta tembung, frase, utawi klausa ingkang dipunsebataken ing satunggaling ukara lajeng dipunambali ing ukara-ukara salajengipun menika ingkang kalebet *repetisi*.

Kohesi leksikal repetisi ingkang dipunpanggihaken ing novel LLKR menika kaperang dados kalih, inggih menika *repetisi* wetah saha *repetisi* saperangan. *Repetisi* wetah ingkang dipunpanggihaken inggih menika fungsipun (1) kangge nedahaken perkawis ingkang wigatos ing paragraf, saha (2) kangge nyethakaken satunggaling perkawis ing paragraf. Wondene *repetisi* saperangan ingkang dipunpanggihaken menika fungsipun kangge *efisiensi* tembung. Andharanipun babagan *repetisi* kados ing ngandhap menika.

1) Repetisi Wetah kanthi Fungsi kangge Nedahaken Perkawis ingkang Wigatos

Wontenipun *kohesi leksikal repetisi* wetah menika menawi wonten tembung, frase, utawi klausa ing satunggaling ukara lajeng dipunambali ing ukara-ukara candhkipun kanthi wetah kados menapa ingkang dipunandharaken ing ukara saderengipun tanpa ngirangi peranganipun. *Repetisi* wetah kanthi fungsi kangge nedahaken bab ingkang wigatos ingkang dipunpanggihaken wonten ing novel LLKR menika kadosta ngambali tembung *peri*, tembung *ramane* saha tembung *lawang* ingkang saged dipuntingali ing *data* (1), (2) saha (3) ngandhap menika.

- (1) “*Mas, iki tak kira penggewene **peri** kene : Mas Narna diumpetke. **Peri** ki djare nduwe kraton ana sangisore banju, Mas. Jen panggawene djalma manungsa wae mesti ora ngilang sepi kaja ngene iki...*” (LLKR 23)
- (2) “*Kula pun matur **ramane**, ampun njambut damel kalih Landi. Nanging **ramane** boten nggega. Kula pun kuwatos mawon kalih **ramane** niku....*” (LLKR 56)
- (3) *Pak Naja gemregah marani **lawang**. Pak Wiradad sing uga krungu tok-toking **lawang** uga krenkang2 wungu. Pak Naja mbukak **lawang**, mentjerengake tingale nembus peteng ndedet. Pantjen ora ana apa2. Kok aneh wong telu pada plingak-plinguk, rumangsa diwelehake jen pangrasane kabeh ringkih, rongeh, kemambang ora duwe pantjadan.* (LLKR 106)

Data ing nginggil minangka data saking kohesi leksikal repetisi (*pengulangan*) ingkang wonten ing novel LLKR. Ing *data* (1) menika kasusun saking tigang ukara kados ing ngandhap menika.

- (1a) “*Mas, iki tak kira penggewene **peri** kene : Mas Narna diumpetke.*
- (1b) ***Peri** ki djare nduwe kraton ana sangisore banju, Mas.*
- (1c) *Jen panggawene djalma manungsa wae mesti ora ngilang sepi kaja ngene iki...*”

Ing *data* (1) nginggil, unsur ingkang dipunambali inggih menika tembung ‘peri’ ingkang nembe dipunwicantenaken ing paragraf. Anggenipun ngambali unsur kasebat wonten ing ukara (1a) lan ukara (1b). Ing *data* menika nyariyosaken bilih para kaneman badhe dhateng kitha kanthi rerundhukan supados boten konangan dening Walandi. Nalika ing kedhung kali Bengawan, sedayanipun sami nengga mitranipun inggih menika Narna. Narna menika mlampah ing ngajeng piyambak ananging malah boten ketingal, pramila ing ukara (1a) paraga Wiradi bisik-bisik kaliyan mitranipun inggih menika Sukardiman bilih Narna boten ketingal amargi dipundamel dening ‘peri’. Ing ukara (1b) tembung ‘peri’ dipunambali malih. Ing ukara menika dipunandharaken bilih miturut cariyos peri

menika gadhah kraton ing sangandhapipun toya (kedhung ing kali). Ing ukara (1c) dipunandharaken malih bilih icalipun Narna menika dipundamel dening manungsa boten bakal sepi kados mekaten. Wontenipun tembung ‘peri’ ing ukara (1a) ingkang dipunambali ing ukara (1b) kanthi wetah menika ingkang nedahaken bilih ing *data* (1) menika wonten *kohesi leksikal* ingkang kalebet *repetisi* wetah. Anggenipun mbuktekaken menawi *data* menika kalebet repetisi inggih menika kanthi cara ngicali *satuan lingual* ingkang dipunambali inggih menika tembung ‘peri’ ing ukara (1b). Menawi tembung ‘peri’ ing ukara (1b) menika dipunicali lajeng dipunwaos lan dipunjumbuhaken kaliyan konteks, pramila ngewahi informasi ingkang dipunandharaken saha boten *kohesif*. Awit saking menika, wontenipun ngambali tembung ‘peri’ ing ukara (1b) menika prelu lan ngambali tembung ‘peri’ menika kalebet *repetisi* wetah.

Fungsi wontenipun *repetisi* ing paragraf (1) kanthi ngambali tembung ‘peri’ kasebat amargi ‘peri’ minangka perkawis ingkang nembe dipunwicantenaken lan minangka topik ingkang nembe dipunwicantenaken pramila wigatos ing paragraf kasebat. Kanthi ngambali tembung ‘peri’ menika, pamaos langkung gampang anggenipun ngemut-emut menapa ingkang wigatos dipuncariyosaken saking ukara setunggal lan ukara sanesipun ing wicantenan menika. Awit saking menika, ngambali tembung ‘peri’ menika prelu dipunwontenaken. Kejawi menika, wontenipun *repetisi* tembung ‘peri’ ing paragraf kasebat nedahaken bilih ukara setunggal lan sanesipun menika wonten gandheng cenengipun. Awit saking menika, *repetisi (pengulangan)* menika kangge njurung *kekohesifan* paragrafipun.

Salajengipun, ing data (2) perangan ingkang dipunambali inggih menika ‘ramane’. Ukara-ukara ingkang nyusun data (2) antawisipun.

(2a) “Kula pun matur **ramane**, ampun njambut damel kalih Landi.

(2b) Nanging **ramane** boten nggega.

(2c) Kula pun kuwatos mawon kalih **ramane** niku....”

Ing data (2), tembung ‘ramane’ minangka perkawis ingkang nembe dados topik wicantenan antawisipun paraga Wiradi kaliyan pak Naya. Tembung ‘ramane’ dipunambali ing saben ukara ing *data*, inggih menika saking ukara (2a) dumugi (2c). Ing ukara (2a) nyariosaken bilih Wiradi sampun matur dhateng ramanipun (Pak Wiradad) supados panjenenganipun boten nyambut damel kaliyan Walandi. Ing ukara (2b) tembung ‘ramane’ dipunambali malih. Ing ukara menika dipunandharaken bilih ‘ramanipun’ boten mirengaken ingkang dipunandharaken Wiradi. Salajengipun, ing ukara (2c) tembung ‘ramane’ ugi dipunambali malih. Ing ukara menika dipunandharaken bilih ingkang nembe matur (Wiradi) menika kuwatos kaliyan ramanipun amargi ingkang sampun dipuncariyosaken ing ukara saderengipun inggih menika ukara (2a) saha (2b). Wontenipun tembung ‘ramane’ ing ukara (2a) ingkang dipunambali kanthi wetah ing ukara (2b) saha ukara (2b) menika ingkang nedahaken bilih ing *data* (2) menika wonten *kohesi leksikal* ingkang kalebet *repetisi* wetah. Anggenipun mbuktekaken menawi *data* menika kalebet repetisi inggih menika kanthi cara ngicali *satuan lingual* ingkang dipunambali inggih menika tembung ‘ramane’ ing ukara (2b) saha (2c). Menawi tembung ‘ramane’ ing ukara (2b) saha (2c) menika dipunicali lajeng dipunwaos lan dipunjumbuhaken kaliyan konteks, pramila ngewahi informasi ingkang dipunandharaken saha boten *kohesif*. Awit saking menika, wontenipun ngambali

tembung ‘ramane’ ing ukara (2b) saha (2c) menika prelu lan ngambali tembung ‘ramane’ menika kalebet *repetisi* wetah.

Fungsi wontenipun *repetisi* ing paragraf (2) kanthi ngambali tembung ‘ramane’ kasebat amargi ‘ramane’ minangka bab ingkang nembe dipunwicantenaken lan minangka topik ingkang nembe dipunwicantenaken pramila wigatos ing paragraf kasebat. Kanthi ngambali tembung ‘ramane’ menika, pamaos langkung gampil anggenipun ngemut-emut lan cetha menapa ingkang wigatos dipuncariyosaken saking ukara setunggal lan ukara sanesipun ing wicantenan menika. Awit saking menika, ngambali tembung ‘ramane’ menika prelu dipunwontenaken. Kejawi menika wontenipun *repetisi* tembung ‘ramane’ ing paragraf kasebat nedahaken bilih ukara setunggal lan sanesipun menika wonten gandheng cenengipun. Awit saking menika, *repetisi (pengulangan)* menika kangge njurung *kekohesifan* paragrafipun.

Salajengipun ing *data* (3), *satuan lingual* ingkang dipunambali inggih menika tembung ‘lawang’. *Data* (3) menika kasusun saking gangsal ukara. Ukara-ukara ingkang nyusun *data* (3) antawisipun ing ngandhap menika.

- (3a) Pak Naja gemregah marani **lawang**.
- (3b) Pak Wiradad sing uga krungu tok-toking **lawang** uga krengkang2 wungu.
- (3c) Pak Naja mbukak **lawang**, mentjerengake tingale nembus peteng ndedet.
- (3d) Pantjen ora ana apa2.
- (3e) Kok aneh wong telu pada plingak-plinguk, rumangsa diwelehake jen pangrasane kabeh ringkih, rongeh, kemambang ora duwe pantjadan.

Ing *data* (3) nginggil, perangan *lingual* ingkang dipunambali inggih menika tembung ‘lawang’. Tembung ‘lawang’ dipunambali ing ukara (3a), (3b) saha (3c) ing paragraf kasebat. Ing ukara (3a) dipuncariyosaken bilih Pak Naja

wungu mlampah tumuju ‘lawang’ utawi konten amargi wonten suwanten ingkang ndhodhog. Ing ukara (3b) tembung ‘lawang’ dipunambali. Ing ukara menika dipuncariyosaken bilih Pak Wiradad ugi mireng thothoking konten utawi lawang pramila ugi wungu. Ing ukara (3c) tembung ‘lawang’ ugi dipunambali malih. Ing ukara menika nyariyosaken bilih Pak Naja lajeng mbikak konten utawi lawang, mirsani kanthi saestu nembus peteng ndhedhet kawontenan njawi griya. Wontenipun tembung ‘lawang’ ing ukara (3a) ingkang dipunambali kanthi wetah ing ukara (3b) saha dipunambali ing ukara (3c) menika ingkang nedahaken bilih ing *data* (3) menika wonten *kohesi leksikal* ingkang kalebet *repetisi* wetah. Anggenipun mbuktekaken menawi *data* menika kalebet repetisi inggih menika kanthi cara ngicali *satuan lingual* ingkang dipunambali inggih menika tembung ‘lawang’ ing ukara (3b) saha (3c). Menawi tembung ‘lawang’ ing ukara (3b) saha (3c) menika dipunicali lajeng dipunwaos lan dipunjumbuhaken kaliyan konteks, pramila ngewahi informasi ingkang dipunandharaken saha boten *kohesif*. Awit saking menika, wontenipun ngambali tembung ‘lawang’ ing ukara (3b) saha (3c) menika prelu lan ngambali tembung ‘lawang’ menika kalebet *repetisi* wetah.

Fungsi wontenipun *repetisi* ing paragraf (3) kanthi ngambali tembung ‘lawang’ ing ukara (3a), (3b), saha (3c) amargi tembung ‘lawang’ minangka perkawis ingkang wigatos ing paragraf kasebat. Wigatos ing ngriki tegesipun bilih wontenipun tembung ‘lawang’ ing ukara (3a), (3b) saha ing ukara (3c) amargi tembung menika minangka bab ingkang dados pokok ingkang dipuncariyosaken. Kanthi ngambali tembung ‘lawang’ menika, pamaos langkung gampil anggenipun ngemut-emut lan cetha menapa ingkang wigatos dipuncariyosaken saking ukara

setunggal lan ukara sanesipun ing wicantenan menika. Awit saking menika, ngambali tembung ‘lawang’ menika prelu dipunwontenaken. Kejawi menika wontenipun *repetisi* tembung ‘lawang’ ing paragraf kasebat nedahaken bilih ukara setunggal lan sanesipun menika wonten gandheng cenengipun. Kejawi menika, *repetisi (pengulangan)* menika kangge njurung *kekohesifan* paragrafipun.

2) *Repetisi* Wetah kanthi Fungsi Nyethakaken Satunggaling Perkawis

Repetisi wetah kanthi fungsi kangge nyethakaken satunggaling perkawis ingkang wonten ing novel LLKR kadosta ngambali frase *saiki plajune* ingkang saged dipuntingali ing *data* (4) saha tembung *lali* ing *data* (5) ngandhap menika.

- (4) “*Aku kudu mulih sadurunge semaput,*” pikire. Deweke mlaju maneh. ***Saiki plajune*** ngulon. ***Saiki plajune*** ora nginggati bedil. ***Saiki plajune*** ora merga kepengin tjedak lan krungu kabare adi-adine. ***Saiki plajune*** kepengin enggal ambjuk ing pakone wong2 sing pada trisna njang deweke ing ngomah. ***Saiki plajune*** kanti nijat jen deweke kudu ditulungi, diupakara, dimesakake. (LLKR 102)
- (5) Bareng lawange menga Wiradi agahan metukake wong sing ngengani lawang nganggo tembung: “Pak, kula.... eh,... !!!” Ora tutug ukarane, kaget, ndenggirat, klokap-klakep, gupuh!. Sukardiman mengkono uga, ndjenggirat, tjeker2 mlaju ketantingan ninggalake panggonan kono. Plajune niba-tangi ora idep isin, ***lali*** samubarang, ***lali*** jen lanang, ***lali*** jen dewasa dadi pradjurit, tinggal glanggang nilap kantjane tanpa rikuh2. Wiradi didjarake idjen ngadepi kegirisan. (LLKR 38)

Ing *data* (4), *satuan lingual* ingkang dipunambali inggih menika ‘*saiki plajune*’. *Data* (4) menika kasusun saking pitung ukara. Ukara-ukara ingkang nyusun *data* (4) antawisipun ing ngandhap menika.

- (4a) “*Aku kudu mulih sadurunge semaput,*” pikire.
 (4b) Deweke mlaju maneh.
 (4c) ***Saiki plajune*** ngulon.
 (4d) ***Saiki plajune*** ora nginggati bedil.
 (4e) ***Saiki plajune*** ora merga kepengin tjedak lan krungu kabare adi-adine.

(4f) *Saiki plajune kepengin enggal ambjuk ing pakone wong2 sing pada trisna njang deweke ing ngomah.*

(4g) *Saiki plajune kanti nijat jen deweke kudu ditulungi, diupakara, dimesakake.*

Ing *data* (4) menika nyariyosaken bilih Wiradi nembe kemawon ketembak dening Walandi pramila gadhah pikiran enggal-enggal wangsul dumugi griya. Unsur ingkang dipunambali ing *data* (4) inggih menika ‘saiki playune’ ing ukara (4c), (4d), (4e), (4f), saha (4g). Ing ukara (4a) dipunandharaken bilih Wiradi gadhah pangangen-angen supados piyambakipun kedah wangsul dhateng griya saderengipun semapat. Ing ukara (4b) dipunandharaken bilih Wiradi lajeng mlajeng malih. Ing ukara (4c) dipungambaraken bilih awit saking Wiradi ketembak lajeng gadhah pangangen-angen enggal dumugi griya, Wiradi samenika mlajeng ngilen. Ing ukara (4d) dipunambali unsur ‘saiki plajune’. Ing ukara menika dipungambaraken bilih samenika mlajengipun boten ngendhani bedil. Ing ukara (4e) unsur ‘saiki plajune’ ugi dipunambali. Ing ukara menika dipunadharaken samenika mlajengipun boten amargi kepengin celak lan mireng kabaripun sedherek-sedherekipun. Ing ukara (4f) dipunambali ugi unsur ‘saiki plajune’. Ing ukara menika menika minangka ukara kangge ngiataken malih topikipun, inggih menika samenika Wiradi mlajengipun amargi kepengin enggal kepanggih dhateng tiyang-tiyang ingkang sami tresna dhateng piyambakipun ing griya. Ing ukara (4g) ugi dipunambali unsur ‘saiki plajune’. Ing ukara menika dipuncariyosaken bilih Wiradi samenika mlajeng kanthi niat supados piyambakipun enggal pikantuk pitulungan. Wontenipun frase ‘saiki plajune’ ing ukara (4c) ingkang dipunambali kanthi wetah ing ukara (4d), (4e), saha ukara (4g)

menika ingkang nedahaken bilih ing *data* (4) menika wonten *kohesi leksikal* ingkang kalebet *repetisi* wetah.

Repetisi frase ‘saiki plajune’ ing *data* (4) sanes minangka topik ing paragraf kasebat, amargi ingkang minangka topik inggih menika paraga Wiradi ingkang badhe semaput. Frase ‘saiki plajune’ menawi namung wonten ing ukara (4c) lan boten dipunambali ing ukara-ukara salajengipun ugi boten ngewahi topik ingkang wigatos dipunandharaken. Awit saking menika, fungsi wontenipun *repetisi* ing paragraf (4) kanthi ngambali frase ‘saiki plajune’ kasebat kangge nyethakaken satunggaling bab ing paragraf kasebat, inggih menika nyethakaken kawontenan bilih amargi paraga Wiradi badhe semaput pramila Wiradi kedah mlajeng. Kanthi ngambali frase ‘saiki plajune’ menika nyethakaken mlajengipun Wiradi supados sampun ngantos semaput ing margi. Kejawi menika wontenipun *repetisi* frase ‘saiki plajune’ ing paragraf kasebat nedahaken bilih ukara setunggal lan sanesipun menika wonten gandheng cenengipun. Awit saking menika, *repetisi* wetah menika kangge njurung *kekohesifan* paragrafipun.

Salajengipun ing *data* (5), *satuan lingual* ingkang dipunambali inggih menika tembung ‘lali’. *Data* (5) menika kasusun saking sekawan ukara. Ukara-ukara ingkang nyusun *data* (5) antawisipun ing ngandhap menika.

- (5a) *Bareng lawange menga Wiradi agahan metukake wong sing ngengani lawang nganggo tembung: “Pak, kula.... eh,... !!!” Ora tutug ukarane, kaget, ndenggirat, klokap-klakep, gupuh!*
- (5b) *Sukardiman mengkono uga, ndjenggirat, tjeker2 mlaju ketantingan ninggalake panggonan kono.*
- (5c) *Plajune niba-tangi ora idep isin, **lali** samubarang, **lali** jen lanang, **lali** jen dewasa dadi pradjurit, tinggal glanggang nilap kantjane tanpa rikuh2.*
- (5d) *Wiradi didjarake idjen ngadepi kegirisan.*

Ing ukara (5a) menika nyariyosaken bilih nalika Wiradi saha Sukardiman sampun wonten ngajeng konten griyanipun Wiradi lajeng wonten ingkang mbikakaken konten, Wiradi kaget saha njenggirat. Ing ukara (5b) dipunandharaken bilih Sukardiman ugi kados Wiradi inggih menika kaget, njenggirat, saha mlajeng kethanthingan nilar papan kala wau. Ing ukara (5c) dipuncariyosaken bilih anggenipun Sukardiman mlajeng menika niba-nangi boten kemutan lingsem. Sukardiman mlajeng kanthi kesupen samubarang, kesupen menawi piyambakipun menika jaler, kesupen menawi piyambakipun menika sampun dewasa saha dados prajurit, mlajeng nilar kancanipun tanpa rikuh. Ing ukara (5d) dipuncariyosake bilih Wiradi dipunengaken kemawon piyambak ing ngrika. Ing ukara (5c) kala wau dipunambali tembung ‘lali’ ngantos kaping tiga. Wontenipun tembung ‘lali’ ing ukara (5c) ingkang dipunambali kanthi wetah kaping tiga menika ingkang nedahaken bilih ing *data* (5) menika wonten *kohesi leksikal* ingkang kalebet *repetisi* wetah.

Repetisi tembung ‘lali’ ing *data* (5) sanes minangka topik ing paragraf kasebat, amargi ingkang minangka topik inggih menika paraga Sukardiman ingkang nembe ajrih. Tembung ‘lali’ ingkang dipunambali kaping tiga. Menawi tembung ‘lali’ menika boten dipunambali, boten ngewahi topik ingkang wigatos dipunandharaken. Awit saking menika, fungsi wontenipun *repetisi* ing paragraf (5) kanthi ngambali tembung ‘lali’ kasebat kangge nyethakaken satunggaling perkawis ing paragraf kasebat, inggih menika nyethakaken kawontenan bilih Sukardiman menika ngantos boten kemutan samubarangipun.

3) *Repetisi Saperangan kanthi Fungsi Efisiensi Tembung*

Wontenipun *kohesi leksikal repetisi* saperangan menika menawi wonten tembung, frase, utawi klausa ing satunggaling ukara lajeng dipunambali ing ukara-ukara candhkipun ananging boten kanthi wetah kados menapa ingkang dipunandharaken ing ukara wiwitan namung saperangan kemawon. *Repetisi* saperangan ingkang dipunpanggihaken wonten ing novel LLKR kadosta ngambali frase *dasare kali* saha tembung *nyabrang* ingkang saged dipuntingali ing *data* (6) saha (7) ngandhap menika.

(6) *Saja suwe Wiranta saja adoh anggone nlusur **dasare kali Sala** mangsa ketiga. **Dasare kali** wedi malela kang wis pirang2 minggu ora katjak banju, marga iline banju Bengawan mung prasasat kali tjilik kang ora mingsra.* (LLKR 25)

(7) *Sinambi gujon mengkono kuwi ora krasa jen dedelengan wiwit ora tjeta, lan sedela maneh bakal **njabrang Bengawan**. **Njabrang** iku kudu ngati-ati, merga pemuda2 iku kudu liwat panggonan kang sela, dene kaanan ora ana sing weruh apa ana tengge mungsuh sing nunggoni karo lampu sorot lan duabelas komatudjuh apa ora.* (LLKR 21)

Ing *data* (6) nginggil kasusun saking kalih kalimat. Kalih kalimat kasebat saged dipunandharaken ing nandhap menika.

(6a) *Saja suwe Wiranta saja adoh anggone nlusur **dasare kali Sala** mangsa ketiga.*

(6b) ***Dasare kali** wedi malela kang wis pirang2 minggu ora katjak banju, marga iline banju Bengawan mung prasasat kali tjilik kang ora mingsra.*

Ing ukara (6a) menika nyariyosaken bilih Wiranta tansaya tebih anggenipun nlusur dhasaripun lepen Sala ing mangsa ketiga. Ing ukara menika dipunpanggihaken frase ‘dasare kali Sala’. Frase kasebat dipunambali ing ukara (6b) ananging boten kanthi wetah, namung saperangan kemawon inggih menika

‘dasare kali’. Ing ukara (6b) menika nyariyosaken bilih dhasaripun lepen menika namung wedhi ingkang boten wonten toyanipun. Dipunpanggihaken frase ‘dasare kali Sala’ ing ukara (6a) nginggil lajeng dipunambali ing ukara (6b) kanthi frase ‘dasare kali’ menika nedahaken bilih *data* (6) menika kalebet jinis *kohesi leksikal repetisi*. *Kohesi leksikal repetisi* ing *data* (6) menika kalebet *repetisi* saperangan amargi unsur ingkang dipunambali ing ukara (6b) boten wetah kados ing ukara (6a), ananging namung saperangan kemawon ingkang prelu. Anggenipun mbuktekaken menawi *data* menika kalebet *repetisi* inggih menika kanthi cara ngicali *satuan lingual* ingkang dipunambali inggih menika frase ‘dasare kali’ ing ukara (6b). Menawi frase ‘dasare kali’ ing ukara (6b) menika dipunicali lajeng dipunwaos lan dipunjumbuhaken kaliyan konteks, pramila ngewahi informasi ingkang dipunandharaken saha boten *kohesif*. Awit saking menika, wontenipun ngambali frase ‘dasare kali’ ing ukara (6b) menika prelu lan ngambali frase ‘dasare kali’ saking frase saderengipun ‘dasare kali Sala’ menika kalebet *repetisi* saperangan.

Fungsi wontenipun *repetisi* saperangan ing paragraf (6) kanthi ngambali frase ‘dasare kali’ saking frase ‘dasare kali Sala’ menika supados kangge *efisiensi* tembung. Amargi kanthi frase ‘dasare kali’ kemawon sampun cekap makili menapa ingkang wigatos dipuncariyosaken ing paragraf (6) menika inggih menika dhasaripun lepen. Kejawi menika, wontenipun *repetisi* saperangan ing paragraf kasebat nedahaken bilih ukara (6a) saha (6b) wonten gandheng cenengipun. Awit saking menika, *repetisi* saperangan menika kangge njurung *kekohesifan* paragrafipun.

Salajengipun ing *data* (7), *satuan lingual* ingkang dipunambali inggih menika ‘nyabrang Bengawan’. *Data* (7) kasusun saking kalih ukara. Kalih ukara kasebat saged dipunandharaken kados ing ngandhap menika.

(7a) *Sinambi gujon mengkono kuwi ora krasa jen dedelengan wiwit ora tjeta, lan sedela maneh bakal njabrang Bengawan.*

(7b) *Njabrang iku kudu ngati-ati, merga pemuda2 iku kudu liwat panggonan kang sela, dene kaanan ora ana sing weruh apa ana tengge mungsuh sing nunggoni karo lampu sorot lan duabelas komatudjuh apa ora.*

Ing ukara (7a) menika nyariyosaken bilih para kaneman sinambi guyon boten kraos menawi sampun badhe nyabrang Bengawan. Ing ukara menika dipunpanggihaken frase ‘njabrang Bengawan’. Frase kasebat dipunambali ing ukara (7b) ananging boten kanthi wetah, namung saperangan kemawon inggih menika ‘njabrang’. Ing ukara (7b) nyariyosaken bilih nyabrang menika kedah ngatos-atos, amargi para kaneman kedah liwat panggenang ingkang sela, saha boten wonten ingkang mangertos kawontenanipun menapa wonten tengipun mengsah menapa boten. Dipunpanggihaken frase ‘njabrang Bengawan’ ing ukara (7a) nginggil lajeng dipunambali ing ukara (7b) kanthi tembung ‘njabrang’ menika nedahaken bilih *data* (7) menika kalebet jinis *kohesi leksikal repetisi*. *Kohesi leksikal repetisi* ing *data* (7) menika kalebet *repetisi* saperangan amargi unsur ingkang dipunambali ing ukara (7b) boten wetah kados ing ukara (7a), ananging namung saperangan kemawon minangka ing wigatos saha ingkang prelu. Anggenipun mbuktekaken menawi *data* menika kalebet *repetisi* inggih menika kanthi cara ngicali *satuan lingual* ingkang dipunambali inggih menika tembung ‘njabrang’ ing ukara (7b). Menawi tembung ‘njabrang’ ing ukara (7b) menika dipunicali lajeng dipunwaos lan dipunjumbuhaken kaliyan konteks,

pramila ngewahi informasi ingkang dipunandharaken saha boten *kohesif*. Awit saking menika, wontenipun ngambali tembung ‘nyabrang’ ing ukara (7b) menika prelu lan ngambali tembung ‘njabrang’ saking frase saderengipun ‘njabrang Bengawan’ menika kalebet *repetisi* saperangan.

Fungsi wontenipun *repetisi* saperangan ing paragraf (7) kanthi ngambali tembung ‘njabrang’ saking frase ‘njarang Bengawan’ menika supados kangge *efisiensi* tembung. Amargi kanthi tembung ‘njabrang’ kemawon sampun cekap makili menapa ingkang wigatos dipuncariyosaken ing paragraf (7) menika inggih menika nyabrangi Bengawan. Kejawi menika, wontenipun *repetisi* saperangan ing paragraf kasebat nedahaken bilih ukara (7a) saha (7b) wonten gandheng cenengipun. Awit saking menika, *repetisi* saperangan menika kangge njurung *kekohesifan* paragrafipun.

b. Sinonimi

Kohesi leksikal sinonimi menika minangka *pemaduan* unsur-unsur wacana ingkang dipunwujudaken kanthi ngginakaken tetembungan *sinonim*ipun. *Sinonim* piyambak menika *satuan lingual* kadosta tembung, utawi frase ingkang tegesipun sami utawi meh sami. Wontenipun *satuan lingual* ingkang dipunsebataken ing satunggaling ukara lajeng dipunpanggihaken malih tembung, frase, utawi klausa sanes ingkang tegesipun meh sami ing ukara-ukara salajengipun menika ingkang kalebet *sinonimi*. *Sinonimi* ingkang dipunpanggihaken ing novel LLKR inggih menika fungsipun (1) kangge *variasi* ing teks, saha (2) kangge nedahaken raos ingkang trep. Andharan babagan *sinonimi* saged dipuntingali ing ngandhap menika.

1) *Sinonimi kanthi Fungsi kangge Variasi ing Teks*

*Kohesi leksikal sinonimi kanthi fungsi kangge variasi ing teks ingkang dipunpanggihaken ing novel LLKR menika kadosta tembung **dipilara** ingkang bersinonimi kaliyan **disiksa**, saha tembung **kekarepan** ingkang bersinonimi kaliyan tembung **pepinginan** saged dipuntingali ing data (8) saha (9) ngandhap menika.*

- (8) *“Adja, kangmas! Kuwi mbebajani. Jen ngantija pak Lodang digledah ketemon lajange, mesakke deweke. Lajang apa wae jen wong ndesa kaja pak Lodang sing ngawa mesti dianggep njalawadi, ora wurung ditangkep, dikon djarwaake wadine, **dipilara**. Kangmas apa ora kemutan pak Karijamentes sing **disiksa** Landa ana Djurang nganti mati bijen kae?” (LLKR 7)*
- (9) *Narna ngawasake Wiradi kanti ati-ati, ing batin ngremehake **kekarepane** Wiradi sing kurang pikir kuwi. Djeneh wis dikandani jen uripe pemuda2 ana kuta ki mung gumantung begdja-begdjan wae, kok isih wani nduweni **pepinginan** kaja ngono. (LLKR 14)*

Data ing nginggil minangka data saking kohesi leksikal sinonimi ingkang wonten ing novel LLKR. Ing data (8) menika kasusun saking tigang ukara kados ing ngandhap menika.

- (8a) *“Adja, kangmas! Kuwi mbebajani.*
- (8b) *Jen ngantija pak Lodang digledah ketemon lajange, mesakke deweke. Lajang apa wae jen wong ndesa kaja pak Lodang sing ngawa mesti dianggep njalawadi, ora wurung ditangkep, dikon djarwaake wadine, **dipilara**.*
- (8c) *Kangmas apa ora kemutan pak Karijamentes sing **disiksa** Landa ana Djurang nganti mati bijen kae?”*

Ing data (8) nginggil nyariyosaken bilih Wiranta wicanten kaliyan kangmasipun inggih menika Wiradi ingkang badhe kintun serat dhateng Pak Lodang kagem tiyang sepuhipun ing dalem (kitha), ananging Wiranta boten

marengaken. Unsur ingkang *bersinonim* ing *data* (8) menika wonten ing ukara (8b) saha (8c). Ing ukara (8b) wonten tembung ‘dipilara’ ingkang *bersinonim* kalihan tembung ‘disiksa’ ing ukara (8c). Ing ukara (8a) Wiranta boten marengaken kangmasipun ngintun serat. Ing ukara salajengipun inggih menika ukara (8b) dipunandharaken ingkang ngiataken ukara saderengipun bilih wewatonipun Wiranta boten marengaken kangmasipun kintun serat dhateng pak Lodang amargi menawi pak Lodang ngantos dipungledhah dening Walandi lajeng kepanggih seratipun, pak Lodang saged dipisakit. Ing ukara (8c) wonten unsur *sinonim* saking tembung ‘dipilara’ ing ukara saderengipun inggih menika tembung ‘disiksa’. Ing ukara (8c) menika dipunandharaken bilih nalika rumiyin Pak Karijamentes dipunsiksa dening Walandi ngantos seda. Ing konteks menika, ukara (8b) saha (8c) wonten tembung ‘dipilara’ saha ‘disiksa’ menika menawi dipuntingali saking maknaipun gadhah teges ingkang meh sami. Awit saking menika, kanthi wontenipun teges ingkang meh sami kala wau saged dados unsur kangge nggantos unsur saderengipun lan kalih tembung menika minangka *kohesi leksikal* ingkang *bersinonim*. Anggenipun mbuktekaken menawi *data* menika kalebet *sinonimi* inggih menika kanthi cara ngicali *satuan lingual* ingkang minangka *sinonimipun* inggih menika tembung ‘disiksa’ ing ukara (8c). Menawi tembung ‘disiksa’ ing ukara (8c) menika dipunicali lajeng dipunwaos lan dipunjumbuhaken kaliyan konteks, pramila ngewahi informasi ingkang dipunandharaken saha boten *kohesif*. Awit saking menika, wontenipun *sinonimi* tembung ‘disiksa’ ing ukara (8c) menika prelu lan ngginakaken tembung sanes

ingkang tegesipun meh sami inggih menika tembung ‘disiksa’ kaliyan tembung saderengipun ‘dipilara’ menika kalebet *sinonimi*.

Fungsi wontenipun *sinonimi* ing paragraf (8) kanthi wontenipun tembung ‘disiksa’ ing ukara (8b) ingkang *bersinonimi* kaliyan tembung ‘dipilara’ ing ukara (8a) inggih menika kangge *variasi* ing teks. Kanthi *variasi* saged ndadosaken endahing basa ing novel pramila saged langkung narik kawigatosan pamaos mawi wontenipun tetembungan ingkang dados gantosipun unsur sanesipun kanthi makna ingkang meh sami. Kejawi menika, wontenipun *sinonimi* ing paragraf kasebat nedahaken bilih ukara (8a) saha (8b) wonten gandheng cenengipun. Awit saking menika, wontenipun *sinonimi* menika kangge njurung *kekohesifan* paragrafipun.

Salajengipun *data kohesi leksikal sinonimi* candhakipun wonten ing *data* (9) kasusun saking kalih ukara. Kalih ukara kasebat dipunandharaken ing ngandhap menika.

(9a) *Narna ngawasake Wiradi kanti ati-ati, ing batin ngremehake **kekarepane** Wiradi sing kurang pikir kuwi.*

(9b) *Djeneh wis dikandani jen uripe pemuda2 ana kuta ki mung gumantung begdja-begdjan wae, kok isih wani nduweni **pepinginan** kaja ngono.*

Data (9) ing nginggil nyariyosaken bilih Narna nembe kemawon suka piweling dhateng Wiradi supados boten kintun serat dhateng Pak Lodang kagem tiyang sepuhipun ing kitha, ananging Wiradi tetep gadhah pepenginan mekaten. Ing *data* (9) menika ngginakaken tembung ‘kekarepan’ ingkang maknanipun meh sami kaliyan tembung ‘pepinginan’. Tembung ‘kekarepan’ dipunginakaken ing ukara (9a), wondene tembung ‘pepinginan’ ingkang tegesipun inggih menika

karep dipunginakaken ing ukara (9b). Ing ukara (9a) dipunandharaken bilih ing batos Narna ngremehaken Wiradi ingkang kirang menggalih anggenipun badhe kintun serat dhateng pak Lodang kagem tiyang sepuhipun ing kitha. Ing ukara salajengipun inggih menika (9b) wonten *sinonim* saking tembung ‘kekarepan’ ing ukara saderengipun inggih menika tembung ‘pepinginan’. Ing ukara (9b) menika taksih gegayutan kaliyan ukara saderengipun lan minangka ukara ingkang ngiyataken ukara saderengipun bilih Wiranta ngremehaken Wiradi amargi sampun dipuncrivosi menawi ing kitha para kaneman namung gumantung begja-begjan kemawon, ananging kok taksih gadhah pepenginan kintun serat dhateng Pak Lodang. Ing konteks menika, ukara (9a) saha (9b) wonten tembung ‘kekarepan’ saha ‘pepinginan’ menawi dipuntingali saking mankanipun gadhah teges ingkang meh sami inggih menika maksud, karep, niat. Awit saking menika, wontenipun teges ingkang meh sami kala wau saged dados unsur kangge nggantos unsur saderengipun, saha kalih tembung menika minangka *kohesi leksikal* ingkang *bersinonim*. Anggenipun mbuktekaken menawi *data* menika kalebet *sinonimi* inggih menika kanthi cara ngicali *satuan lingual* ingkang minangka *sinonimipun* inggih menika tembung ‘pepinginan’ ing ukara (9b). Menawi tembung ‘pepinginan’ ing ukara (9b) menika dipunicali lajeng dipunwaos lan dipunjumbuhaken kaliyan konteks, pramila ngewahi informasi ingkang dipunandharaken saha boten *kohesif*. Awit saking menika, wontenipun *sinonimi* tembung ‘pepinginan’ ing ukara (9b) menika prelu lan ngginakaken tembung sanes ingkang tegesipun meh sami inggih menika tembung ‘pepinginan’ kaliyan tembung saderengipun ‘kekarepan’ menika kalebet *sinonimi*.

Fungsi wontenipun *sinonimi* ing paragraf (9) kanthi wontenipun tembung ‘pepenginan’ ing ukara (9b) ingkang *bersinonimi* kaliyan tembung ‘kekarepan’ ing ukara (9a) inggih menika kangge *variasi* ing teks. Kanthi *variasi* saged ndadosaken endahing basa ing novel pramila saged langkung narik kawigatosan pamaos kanthi wontenipun tetembungan ingkang dados gantosipun unsur sanesipun kanthi makna ingkang meh sami. Kejawi menika, wontenipun *sinonimi* ing paragraf kasebat nedahaken bilih ukara (9a) saha (9b) wonten gandheng cenengipun. Awit saking menika, wontenipun *sinonimi* menika kangge njurung *kekohesifan* paragrafipun.

2) *Sinonimi* kanthi Fungsi kangge Nedahaken Raos ingkang Trep

Kohesi *leksikal sinonimi* kanthi fungsi kangge nedahaken raos ingkang trep ingkang dipunpanggihaken wonten ing novel LLKR menika kadosta tembung *anake* ingkang *bersinonimi* kaliyan tembung *putrane* saged dipuntingali ing data (10) saha tembung *ndjrantal* ingkang *bersinonimi* kaliyan *mlaju* ing data (11) ngandhap menika.

(10) *Wajah rembang surup Wiranta sakantja pada mangan bebarengan ing omahe pak lurah. Diladeni Waginah anake Sadikrama lan Kartini putrane den Wira pjaji Bromantakan sing ngungsi mrono, sarta ditunggoni para sepuh kaja ta pak lurah sekalijan lan bu Danu, pada rerembugan sing lutju2. (LLKR 17)*

(11) *Durung tutug anggone pada ngleremake ati, kasar pambengoke Suhebat nangis kedjer mlebu ndjero ngomah. Elok ndjenggirat terus ndjrantal nggoleki adine. Suhebat mlaju njekeli pilingane kiwa mlebu kamare ngabrus bapake sing uga kaget lan arep tetulung. (LLKR 76)*

Data (10) ing nginggil kasusun saking kalih ukara. Kalih ukara kasebat dipunandharaken ing ngandhap menika.

(10a) *Wajah rembang surup Wiranta sakantja pada mangan bebarengan ing omahe pak lurah.*

(10b) *Diladeni Waginah **anake** Sadikrama lan Kartini **putrane** den Wira pjaji Bromantakan sing ngungsi mrono, sarta ditunggoni para sepuh kaja ta pak lurah sekalijan lan bu Danu, pada rerembungan sing lutju2.*

Ing *data* (10) nyariyosaken bilih Wiranta sakanca sami nedha sesarengan ing dalemipun pak lurah. Ing mrika ingkang ngladosi inggih menika Waginah saha Kartini. Ing ukara (10b) menika wonten tembung ‘anake’ saha tembung ‘putrane’. Kalih tembung menika gadhah teges ingkang sami inggih menika turunan saking tiyang sepuhipun. Wontenipun kalih tembung ingkang tegesipun sami ing *data* (10) menika nedahaken wontenipun *sinonimi*. Anggenipun mbuktekaken menawi *data* menika kalebet *sinonimi* inggih menika kanthi cara ngicali *satuan lingual* ingkang minangka *sinonimipun* inggih menika tembung ‘putrane’ ing ukara (10b). Menawi tembung ‘putrane’ ing ukara (10b) menika dipunicali lajeng dipunwaos lan dipunjumbuhaken kaliyan konteks, pramila ngewahi informasi ingkang dipunandharaken saha boten *kohesif*. Awit saking menika, wontenipun *sinonimi* tembung ‘putrane’ ing ukara (10b) menika prelu lan ngginakaken tembung sanes ingkang tegesipun meh sami inggih menika tembung ‘putrane’ kaliyan tembung saderengipun ‘anake’ menika kalebet *sinonimi*.

Fungsi wontenipun *sinonimi* ing paragraf (10) kanthi wontenipun tembung ‘putrane’ ing ukara (10b) ingkang *bersinonimi* kaliyan tembung ‘anake’ ing ukara (10a) inggih menika nedahaken raos ingkang trep. Raos ingkang trep menika tegesipun njumbuhaken kaliyan paraga ingkang dipuncariyosaken. Tembung ‘anake’ dipunginakaken amargi Waginah menika namung keturunan saking masarakat biyasa kemawon inggih menika Sadikrama. Wondene ngginakaken

tembung ‘putrane’ amargi Kartini menika minangka keturunan saking pyayi inggih menika Den Wira. Awit saking menika, wontenipun *sinonimi* ing *data* (10) menika kangge njurung *kekohesifan* paragrafipun.

Salajengipun *data kohesi leksikal sinonimi* candhakupun wonten ing *data* (11) kasusun saking tigang ukara. Tigang ukara kasebat dipunandharaken ing ngandhap menika.

(11a) *Durung tutug anggone pada ngleremake ati, kasar pambengoke Suhebat nangis kedjer mlebu ndjero ngomah.*

(11b) *Elok ndjenggirat terus **ndjrantal** nggoleki adine.*

(11c) *Suhebat **mlaju** njekeli pilingane kiwa mlebu kamare ngabrus bapake sing uga kaget lan arep tetulung.*

Ing *data* (11) nyariyosaken bilih Elok saha Wiradi nembe sami wicantenan lajeng wonten Suhebat ingkang nangis kejer mlebet griya. Mangertos kawontenan mekaten, Elok lajeng kaget lan mlajeng madosi rayinipun kala wau. Suhebat mlajeng sinambi nyepengi pilinganipun ingkang kiwa mlebet kamaripun kepanggih bapakipun. Ing ukara (11b) menika wonten tembung ‘ndjrantal’, wondene ing ukara (11c) wonten tembung ‘mlaju’. Kalih tembung inggih menika ‘ndjrantal’ saha ‘mlaju’ menika gadhah teges ingkang meh sami inggih menika mlampah kanthi banter. Wontenipun kalih tembung ingkang tegesipun sami ing *data* (11) menika nedahaken wontenipun *sinonimi*. Anggenipun mbuktekaken menawi *data* menika kalebet *sinonimi* inggih menika kanthi cara ngicali *satuan lingual* ingkang minangka *sinonimipun* inggih menika tembung ‘mlaju’ ing ukara (11c). Menawi tembung ‘mlaju’ ing ukara (11c) menika dipunicali lajeng dipunwaos lan dipunjumbuhaken kaliyan konteks, pramila ngewahi informasi ingkang dipunandharaken saha boten *kohesif*. Awit saking menika, wontenipun

sinonimi tembung ‘mlaju’ ing ukara (11c) menika prelu lan ngginakaken tembung sanes ingkang tegesipun meh sami inggih menika tembung ‘mlaju’ kaliyan tembung saderengipun ‘ndjrantal’ menika kalebet *sinonimi*.

Fungsi wontenipun *sinonimi* ing paragraf (11) kanthi wontenipun tembung ‘ndjrantal’ ing ukara (11b) ingkang *bersinonimi* kaliyan tembung ‘mlaju’ ing ukara (11c) inggih menika nedahaken raos ingkang trep. Raos ingkang trep menika tegesipun njumbuhaken kaliyan kawontenan ing cariyos. Tembung ‘ndjrantal’ dipunginakaken amargi Elok ing kawontenan menika njenggirat kaget mangertos rayinipun inggih menika Suhebat nangis kanthi sora. Wondene ngginakaken tembung ‘mlaju’ amargi Suhebat ing kawontenan menika namung mlampah kanthi banter kemawon ateges boten amargi kaget. Awit saking menika, wontenipun *sinonimi* ing *data* (11) menika kangge njurung *kekohesifan* paragrafipun.

c. *Kolokasi*

Kohesi leksikal kolokasi menika minangka *pemaduan* unsur-unsur wacana ingkang dipunwujudaken kanthi ngginakaken *satuan lingual* (tembung, frase, utawi klausa) ingkang sesandhingan, adatiipun dipunginakaken ing satunggaling *domain* utawi *jaringan* tartamtu. Wontenipun peranganing *lingual* kadosta tembung, frase, utawi klausa ingkang dipunsebataken ing satunggaling ukara lajeng dipunpangguhaken malih *satuan lingual* sanes ingkang kalebet satunggal *jaringan* ing ukara-ukara salajengipun menika ingkang kalebet *kolokasi*. *Kolokasi* ingkang dipunpangguhaken ing novel LLKR fungsipun inggih menika (1)

kangge nuntasaken topik, saha (2) kangge nedahaken pasangan tembung. Andharan babagan *kolokasi* saged dipuntingali ing ngandhap menika.

1) *Kolokasi kanthi Fungsi kangge Nuntasaken Topik*

Kohesi leksikal kolokasi kanthi fungsi kangge nuntasaken topik ingkang dipunpangguhaken ing novel LLKR menika kadosta frase ingkang sesandhingan inggih menika *swarane bedil-bedilan*, *swarane mesin teng*, saha *sorote lampu*; tetembungan *dahar*, *medja dahar*, *lemari mangan*, saha *lawuh lan sega* saged dipuntingali ing data (12) saha (13) ngandhap menika.

- (12) *Narna kosot2 njedaki mitrane. Swarane bedil-bedilan ndadra maneh, swarane mesin teng ngeden mratandani arep mlaku, sorote lampu tjelorat-tjelorot madangi daerahe sing pada ndelik. (LLKR 29)*
- (13) *Wiradi ora weruh kapan olehe dahar Pak Naja sakeluwarga, bisa uga ora dahar. Bisa uga pada ndelik ana kamar. Wiradi dewe nderek bapake ana medja dahar, dahar salawuhe mangsakane Elok didjupuki dewe saka lemari mangan. Ibune ora kersa dahar lan ora laden kaja adate nalika isih durung gejer. Bubar dahar, piring-piringe diusungi dewe menjang sumur, dene bapake ngusungi turahan lawuh lan sega menjang lemari mangan. Bubar dahar bapake sare. (LLKR 72)*

Data (12) minangka paragraf ingkang wosipun babagan kawontenan nalika perang. Paragraf kasebat kasusun saking kalih ukara kados ing ngandhap menika.

- (12a) *Narna kosot2 njedaki mitrane.*
- (12b) *Swarane bedil-bedilan ndadra maneh, swarane mesin teng ngeden mratandani arep mlaku, sorote lampu tjelorat-tjelorot madangi daerahe sing pada ndelik.*

Data (12) ing nginggil nggambaraken kawontenan ing margi nalika para kaneman badhe mlebet kitha, wonten patrolinipun Walandi. Ing ukara (12a) nyariyosaken bilih Narna nyelaki mitranipun kanthi ngatos-atos supados boten konangan dening Walandi. Ukara (12b) nggambaraken bilih kawontenanipun ing

margi badhe mlebet kitha menika wonten swanten bedhil-bedhilan ingkang ndadra malih, wonten swanten mesing teng ingkang badhe mlampah, saha sorotipun lampu ingkang cumlorot madhangi dhaerah ingkang sami kangge ndhelik. Ing data menika kapanggihaken frase ‘swarane bedil-bedilan’, ‘swarane mesin teng’, saha ‘sorote lampu’ ingkang kagolong ing satunggaling *jaringan* inggih menika kawontenan nalika perang. Wontenipun frase ‘swarane bedil-bedilan’, ‘swarane mesin teng’, saha ‘sorote lampu’ menika ingkang nedahaken bilih ing *data* (12) menika wonten *kohesi leksikal* ingkang kalebet *kolokasi*. Anggenipun mbuktekaken menawi *data* menika kalebet *kolokasi* inggih menika kanthi cara ngicali *satuan lingual* ingkang minangka tembung-tembung ingkang *berkolokasi* inggih menika frase ‘swarane bedil-bedilan’, ‘swarane mesin teng’, saha ‘sorote lampu’ ing ukara (12b). Menawi frase ‘swarane mesin teng’ saha ‘sorote lampu’ ing ukara (12b) menika dipunicali lajeng dipunwaos lan dipunjumbuhaken kaliyan konteks, pramila ngewahi informasi ingkang dipunandharaken utawi boten nuntasaken topikipun saha boten *kohesif*. Awit saking menika, wontenipun *kolokasi* frase ‘swarane bedil-bedilan’, ‘swarane mesin teng’, saha ‘sorote lampu’ ing ukara (12b) menika prelu lan ngginakaken *satuan lingual* ingkang setunggal jaringan menika kalebet *kolokasi*.

Fungsi wontenipun *kolokasi* ing paragraf (12) kanthi ngginakaken frase-frase ‘swarane bedil-bedilan’, ‘swarane mesin teng’, saha ‘sorote lampu’ menika kangge nuntasaken topik, inggih menika kawontenan nalika perang. Kanthi ngginakaken frase-frase ingkang kalebet ing satunggaling *jaringan* kasebat saged langkung nyethakaken menapa topik ingkang dipuncariyosaken inggih menika

kawontenan nalika perang. Kejawi menika, wontenipun *kolokasi* ing paragraf kasebat nedahaken bilih ukara setunggal lan sanesipun menika wonten gandheng cenengipun. Awit saking menika, wontenipun *kolokasi* menika kangge njurung *kekohesifan* paragrafipun.

Salajengipun ing ngandhap menika paragraf ingkang nyariyosaken bab-bab ingkang adatipun dipungayutaken nalika dhahar. *Data* (13) menika kasusun saking enem ukara antawisipun ing ngandhap menika.

- (13a) *Wiradi ora weruh kapan olehe **dahar** Pak Naja sakeluwarga, bisa uga ora dahar.*
- (13b) *Bisa uga pada ndelik ana kamar.*
- (13c) *Wiradi dewe nderek bapak ana **medja dahar, dahar salawuhe mangsakane Elok** didjupuki dewe saka **lemari mangan**.*
- (13d) *Ibune ora kersa **dahar** lan ora laden kaja adate nalika isih durung geger.*
- (13e) *Bubar **dahar, piring-piringe** diusungi dewe menjang sumur, dene bapak ngusungi turahan **lawuh lan sega** menjang **lemari mangan**.*
- (13f) *Bubar **dahar** bapak sare.*

Data (13) ing nginggil nyariyosaken kawontenan nalika dhahar. Ing paragraf nginggil dipunandharaken bilih Wiradi boten nate mangertos wayah menapa Pak Naja sekulawarga dhahar, menapa malah boten dhahar. Wiradi ugi nginten-nginten bilih saged kemawon Pak Naja sekulawarga menawi dhahar wonten kamar. Menawi Wiradi piyambak ndherek bapakipun wonten ing meja dhahar, dhahar saha lawuhipun menika mangsakanipun Elok, menawi badhe dhahar mendhet piyambak saking lemantun dhahar. Wondene ibunipun Wiradi boten kersa dhahar lan boten ladosan kados adatipun. Sasampunipun dhahar, piring-piringipun dipunusungi piyambak dhateng sumur, wondene bapakipun ngasta tirahan lawuh saha sekulipun dhateng lemantun dhahar. Bibar dhahar

bapakipun Wiradi lajeng sare. Kawontenan ing nginggil dipunandharaken kanthi *satuan-satuan lingual* ingkang saged dipungolongaken minangka wujud ingkang *berkolokasi*. Tembung ‘dahar’ ing ukara (13a) ngandharaken bilih ing paragraf menika ngandharaken paraga nembe dhahar. Frase ‘medja dahar’, ‘dahar salawuhe’, saha ‘lemari mangan’ ing ukara (13c) minangka piranti ingkang adatipun dipunbetahaken ing nalika dhahar. Ing ukara (13e) wonten *satuan lingual* ‘piring-piringe’, ‘lawuh lan sega’, saha ‘lemari mangan’ ugi kalebet piranti ingkang dipunbetahaken nalika dhahar. *Satuan-satuan lingual* kadosta ‘dahar’, ‘medja dahar’, ‘dahar salawuhe’, ‘lemari mangan’, ‘lawuh lan sega’, saha ‘lemari mangan’ menika kalebet ing satunggal *jaringan* inggih menika bab-bab ingkang adatipun wonten nalika dhahar, pramila nedahaken bilih ing *data* (13) menika wonten *kohesi leksikal* ingkang kalebet *kolokasi*. Anggenipun mbuktekaken menawi *data* menika kalebet *kolokasi* inggih menika kanthi cara ngicali *satuan lingual* ingkang minangka *satuan lingual* ingkang *berkolokasi* ing nginggil. Menawi *satuan lingual* ingkang *berkolokasi* dipunicali lajeng dipunwaos lan dipunjumbuhaken kaliyan konteks, pramila ngewahi informasi ingkang dipunandharaken utawi boten nuntasaken topikipun saha boten *kohesif*. Awit saking menika, wontenipun *kolokasi* ‘medja dahar’, ‘dahar salawuhe’, ‘lemari mangan’, ‘dahar’, ‘piring-piringe’, ‘lawuh lan sega’, saha ‘lemari mangan’ menika prelu lan ngginakaken *satuan lingual* ingkang setunggal jaringan menika kalebet *kolokasi*.

Fungsi wontenipun *kolokasi* ing paragraf (13) kanthi ngginakaken *satuan lingual* ‘dahar’, ‘medja dahar’, ‘dahar salawuhe’, ‘lemari mangan’, ‘lawuh lan

sega', saha 'lemari mangan' menika kangge nuntasaken topik, inggih menika bab-bab ingkang adatipun wonten nalika dhahar. Kanthi ngginakaken *satuan lingual* ingkang kalebet ing satunggaling *jaringan* kasebat saged langkung nyethakaken menapa topik ingkang dipuncariyosaken. Kejawi menika, wontenipun *kolokasi* ing paragraf kasebat nedahaken bilih ukara setunggal lan sanesipun menika wonten gandheng cenengipun. Awit saking menika, wontenipun *kolokasi* menika kangge njurung *kekohesifan* paragrafipun.

2) *Kolokasi kanthi Fungsi Nedahaken Pasangan Tembung*

Kohesi leksikal kolokasi kanthi fungsi kangge nedahaken pasangan tembung ingkang dipunpanggihaken ing novel LLKR menika kadosta tembung ingkang sesandhingan inggih menika *sibu* saha *bapak* saged dipuntingali ing data (14) ngandhap menika.

- (14) “Ora, kangmas. Aku sing netepake kita ora marak *sibu* waktu iki. **Bapak** mesti bisa ngarih-arih jen djamane durung marengake awake dewe muntjul ing ngarsane *sibu bapak*. **Bapak** mesti pirsane kaanan kang kaja mengkene iki. (LLKR 5)

Data (14) kasusun saking tigang ukara. Tigang ukara menika sagd dipunandharaken kados ing ngandhap menika.

- (14a) “Ora, kangmas. Aku sing netepake kita ora marak *sibu* waktu iki.
 (14b) **Bapak** mesti bisa ngarih-arih jen djamane durung marengake awake dewe muntjul ing ngarsane *sibu bapak*.
 (14c) **Bapak** mesti pirsane kaanan kang kaja mengkene iki.

Data (14) ing nginggil nyariyosaken bilih Wiranta sampun melingi dhateng kangmasipun inggih menika Wiradi bilih ing wekdal menika para kaneman sampun ngantos mlebet kitha kangge nuweni tiyang sepuhipun rumiyin

amargi ing kitha taksih kathah Walandi pramila dereng wancinipun kangge nuweni tiyang sepuhipun. Wiranta ugi sampun pitados bilih bapakipun mesthi sampun ngendika kaliyan ibu bilih Wiradi saha Wiranta dereng wancinipun manggihi tiyang sepuhipun. Wiradi ugi pitados bilih bapakipun mesthi pirsu kawontenan ingkang taksih dereng marengaken para kaneman mlebet kitha. Ing *data* menika kapanggihaken tembung ‘sibu’ saha ‘bapak’ ingkang kagolong ing satunggaling *jarangan* inggih menika kulawarga. Ing konteks menika, wontenipun tembung ‘ibu’ saha ‘bapak’ menika ingkang nedahaken bilih ing *data* (14) menika wonten *kohesi leksikal* ingkang kalebet *kolokasi*. Anggenipun mbuktekaken menawi *data* menika kalebet *kolokasi* inggih menika kanthi cara ngicali *satuan lingual* ingkang minangka *satuan lingual* ingkang *berkolokasi* ing nginggil. Menawi *satuan lingual* ingkang *berkolokasi* dipunicali lajeng dipunwaos lan dipunjumbuhaken kaliyan konteks, pramila ngewahi informasi ingkang dipunandharaken saha boten *kohesif*. Awit saking menika, wontenipun *kolokasi* ‘bapak’ kaliyan ‘sibu’ menika prelu lan ngginakaken *satuan lingual* ingkang setunggal jaringan menika kalebet *kolokasi*.

Fungsi wontenipun *kolokasi* ing paragraf (14) kanthi ngginakaken tembung ‘ibu’ saha ‘bapak’ menika kangge nedahaken pasangan tembung. Kanthi ngginakaken pasangan tembung menika ingkang kalebet ing satunggaling *jarangan* kasebat saged langkung nyethakaken bab ingkang nembe dipunwicantenaken. Kejawi menika, wontenipun *kolokasi* ing paragraf kasebat nedahaken bilih ukara setunggal lan sanesipun menika wonten gandheng

cenengipun. Awit saking menika, wontenipun *kolokasi* menika kangge njurung *kekohesifan* paragrafipun.

d. **Hiponimi kanthi Fungsi kangge Ngraketaken Gegayutan Panguwaosing Tembung saha Peranganipun**

Kohesi leksikal hiponimi menika minangka *pemaduan* unsur-unsur wacana kanthi ngginakaken *satuan lingual* ingkang nggayutaken teges umum kaliyan teges kusus. Wontenipun *satuan lingual* kadosta tembung, frase, utawi klausa ingkang dipunsebataken ing satunggaling ukara ingkang minangka panguwaosipun, lajeng ing ukara-ukara salajengipun dipunpanggihaken *satuan lingual* sanes ingkang minangka peranganipunpun; utawi wonten tembung, frase, utawi klausa minangka perangan lajeng ing ukara-ukara salajengipun dipunpanggihaken panguwaosipun menika ingkang kalebet *hiponimi*. *Kohesi leksikal hiponimi* kanthi fungsi kangge ngraketaken gegayutan panguwaosing tembung saha peranganipun ingkang dipunpanggihaken wonten ing novel LLKR menika kadosta tetembungan **wong tuwane** **ibune**, **gaman** **pistol**, **teng**, **bedil**, saha **ranine** **alise**, **lambene**, **tjangkeme**, saha **mripate** ingkang saged dipuntingali ing *data* (15), (16), saha (17) ngandhap menika.

(15) *Kabar saka kuta mratelaake jen **wong tuwane** sakloron wis bali saka pangungsen lan bisa ngenggoni daleme maneh. Amung **ibune** katjaritaake nandang gerah maras, bisa uga ngrasaake barang-barange diadul-adul wong nalika ditinggal ngili. (LLKR 1)*

(16) “Ora susah ditanggulangi, kantja, **gaman** kita muspra!”

*Nanging durung suwe saka tjelatune kuwi, ana suwarane **pistol**, ora ngerti sapa sing ngunekake. **Teng** sing isih tjedak panggonan kono bandjur mandek. Sorot kang djembar lan padang ungal dipandjer madangi saidere kono, tolah-toleh kaja kewan aneh kang nggegirisi. Kaanan dadi padang ndjingglang kaja raina, lan **bedil** pating djledor tjampuh ing saindenge kono. (LLKR 28)*

(17) *Elok njawang pak Lodang, kaget. **Raine** pak Lodang pada pating brendjul, **alise** petjah abuh, dene **lambene** njremumuh abang. Elok ngempet djerit, tangane nutupi **tjangkeme** kang menga, **mripate** melek amba. (LLKR 112)*

Data (15) ing nginggil kasusun saking kalih ukara. Kalih ukara kasebat dipunpisahaken kados ing ngandhap menika.

(15a) *Kabar saka kuta mratelaake jen **wong tuwane** sakloron wis bali saka pangungsen lan bisa ngenggoni daleme maneh.*

(15b) *Amung **ibune** katjaritaake nandang gerah maras, bisa uga ngrasaake barang-barange diadul-adul wong nalika ditinggal ngili.*

Data (15) menika nyariyosaken bilih wonten pawarta saking kitha bab tiyang sepuhipun Wiranta saha Wiradi sampun kondur saking pangungsen lan sampun saged nglenggahi dalemipun malih. Ananging ing pawarta kasebat ugi nyariyosaken bilih ibunipun Wiranta saha Wiradi nembe gerah, saged ugi amargi ngraosaken kawontenan nalika dipuntilar ngungsi. Ing *data* (15) menika wonten jinis *kohesi leksikal hiponimi* kanthi titikan wontenipun *superordinat* saha *hiponimipun*. Inggang dipunwastani *superordinat* utawi ingkang minangka panguwaosipun ing *data* menika wonten ing ukara (15a) inggih menika frase ‘wong tuwane’, saha wonten *hiponimipun* utawi peranganipun inggih menika tembung ‘ibune’ ingkang wonten ing ukara (15b). Anggenipun mbuktekaken menawi *data* menika kalebet *hiponimi* inggih menika kanthi cara ngicali *satuan lingual* ingkang minangka tembung peranganipun inggih menika tembung ‘ibune’ ing ukara (15b). Menawi tembung ‘ibune’ ing ukara (15b) menika dipunicali lajeng dipunwaos lan dipunjumbuhaken kaliyan konteks, pramila ngewahi informasi ingkang dipunandharaken saha boten *kohesif*. Awit saking menika, wontenipun perangan tembung ‘ibune’ ing ukara (15b) saking panguwaosing frase

‘wong tuwane’ ing ukara (15a) menika prelu lan ngginakaken *satuan lingual* ingkang kalebet perangan tembung saha panguwaosipun menika kalebet *hiponimi*.

Fungsi wontenipun *hiponimi* ing paragraf (15) inggih menika kangge ngraketaken gegayutan panguwaosing tembung saha peranganipun ing wacana kanthi semantis. Pamaos saged langkung cetha menawi unsur ingkang asipat umum menika dipunsukani pirembagan kanthi bab-bab kusus, antawisipun kanthi wontenipun frase ‘wong tuwane’ ing ukara (15a) minangka panguwaosipun saha wontenipun tembung ‘ibune’ ing ukara (15b) minangka peranganipun. Kejawi menika, wontenipun *hiponimi* ing paragraf kasebat nedahaken bilih ukara (15a) saha (15b) wonten gandheng cenengipun. Awit saking menika, wontenipun *kolokasi* menika kangge njurung *kekohesifan* paragrafipun.

Salajengipun inggih menika *data* (16) kasusun saking gangsal ukara kados ing ngandhap menika.

(16a) “*Ora susah ditanggulangi, kantja, **gaman** kita muspra!*”

(16b) *Nanging durung suwe saka tjelatune kuwi, ana suwarane **pistol**, ora ngerti sapa sing ngunekake.*

(16c) **Teng** sing isih tjedak panggonan kono bandjur mandek.

(16d) *Sorot kang djembar lan padang ungale dipandjer madangi saidere kono, tolah-toleh kaja kewan aneh kang nggegirisi.*

(16e) *Kaanan dadi padang ndjingglang kaja raina, lan **bedil** pating djledor tjampuh ing saindenge kono.*

Ing *data* (16) kacariyosaken bilih kawontenan menika nalika para kaneman sumerep wonten patroli Walandi ingkang ngginakaken gegaman ingkang ageng-ageng. Pramila Wiranta melingi supados boten nglawan amargi gamanipun para kaneman menika kalah *canggih*. Ananging ing papan ngriku malah wonten suwanten pistol ingkang dipunungelaken. Teng ingkang wonten ing

dhaerah ngriku lajeng mandhek. Lampu sorot ugi dipungesangaken pramila madhangi kiwa tengenipun. Kawontenan dados padhang njingglang kados wayah rinten, saha suwanten bedhil pating djledhor campuh ing ngrika. Ing *data* (16) menika kalebet jinis *kohesi leksikal hiponimi* amargi ing *data* menika wonten ingkang minangka *superordinat* saha *satuan lingual* sanesipun minangka unsur-unsuripun. Ing ukara (16a) wonten tembung ‘gaman’ minangka *superordinat* utawi ingkang gadhah makna umum. Wondene ingkang minangka *hiponim* utawi ingkang gadhah makna khusus wonten ing ukara (16b) inggih menika tembung ‘pistol’. Ing ukara (16c) ugi wonten *hiponim* utawi ingkang gadhah makna khusus inggih menika tembung ‘teng’. Ing ukara (16e) ugi wonten tembung ‘bedil’ ingkang minangka *hiponim*. Wontenipun tembung ‘gaman’ ing ukara (16a) minangka panguwaosipun utawi *superordinat* saha wontenipun tembung-tembung ‘pistol’ ing ukara (16b), ‘teng’ ing ukara (16c), saha ‘bedil’ ing ukara (16e) minangka peranganipun utawi *hiponim* nedahaken bilih ing *data* (16) menika kalebet jinis *kohesi leksikal hiponimi*. Anggenipun mbuktekaken menawi *data* menika kalebet *hiponimi* inggih menika kanthi cara ngicali *satuan lingual* ingkang minangka tembung peranganipun inggih menika tembung ‘pistol’, ‘teng’ saha ‘bedil’. Menawi tembung tembung ‘pistol’, ‘teng’ saha ‘bedil’ menika dipunicali lajeng dipunwaos lan dipunjumbuhaken kaliyan konteks, pramila ngewahi informasi ingkang dipunandharaken saha boten *kohesif*. Awit saking menika, wontenipun perangan tembung tembung ‘pistol’, ‘teng’ saha ‘bedil’ saking panguwaosing tembung ‘gaman’ ing menika prelu lan ngginakaken *satuan lingual* ingkang kalebet perangan tembung saha panguwaosipun menika kalebet *hiponimi*.

Fungsi wontenipun *hiponimi* ing paragraf (16) inggih menika kangge ngraketaken gegayutan panguwaosing tembung saha peranganipun ing wacana kanthi semantis. Pamaos saged langkung cetha menawi unsur ingkang asipat umum menika dipunsukani pirembagan kanthi bab-bab kusus, antawisipun kanthi wontenipun tembung ‘gaman’ ing ukara (16a) minangka panguwaosipun saha wontenipun tembung ‘pistol’ ing ukara (16b), ‘teng’ ing ukara (16c), saha ‘bedil’ ing ukara (16e) minangka peranganipun. Kejawi menika, wontenipun *hiponimi* ing paragraf kasebat nedahaken bilih ukara setunggal lan sanesipun ing *data* (16) wonten gandheng cenengipun. Awit saking menika, wontenipun *kolokasi* menika kangge njurung *kekohesifan* paragrafipun.

Salajengipun inggih menika *data* (17) kasusun saking tigang ukara kados ing ngandhap menika.

(17a) *Elok njawang pak Lodang, kaget.*

(17b) ***Raine** pak Lodang pada pating brendjul, **alise** petjah abuh, dene **lambene** njremumuh abang.*

(17c) *Elok ngempet djerit, tangane nutupi **tjangkeme** kang menga, **mripate** melek amba.*

Ing *data* (17) dipuncariyosaken bilih Pak Lodang dipunbeta Walandi wonten griyanipun Pak Wiradad kangge madosi Wiradi. Ing papan menika sedaya kaget, kalebet Elok ingkang saderengipun kintun serat dhateng Pak Lodang pramila ndadosaken Pak Lodang dipuncepeng dening Walandi. Awit saking menika, Elok rumaos getun sanget. Ing *data* (17) menika wonten jinis *kohesi leksikal* inggih menika *hiponimi*. Ing ukara (17b) wonten tembung ‘*raine*’, tembung menika saged dipunwastani *superordinat* utawi ingkang gadhah makna umum. Wondene ing ukara (17b) ugi wonten tembung ‘*alise*’ saha ‘*lambene*’, lan

ing ukara (17c) wonten tembung ‘tjankeme’ saha ‘mripate’ minangka *hiponim* utawi ingkang gadhah makna kusus. Panganggening tembung ‘alise’, ‘lambene’, ‘tjankeme’, saha ‘mripate’ minangka *hiponim* saking *superordinat* ‘raine’ ndadosaken *kohesi leksikal hiponimi*. Anggenipun mbuktekaken menawi *data* menika kalebet *hiponimi* inggih menika kanthi cara ngicali *satuan lingual* ingkang minangka tembung peranganipun inggih menika tembung ‘alise’, ‘lambene’, ‘tjankeme’, saha ‘mripate’ ing ukara (17b) saha (17c). Menawi tembung ‘alise’, ‘lambene’, ‘tjankeme’, saha ‘mripate’ menika dipunicali lajeng dipunwaos lan dipunjumbuhaken kaliyan konteks, pramila ngewahi informasi ingkang dipunandharaken saha boten *kohesif*. Awit saking menika, wontenipun perangan tembung ‘alise’, ‘lambene’, ‘tjankeme’, saha ‘mripate’ saking panguwaosing tembung ‘raine’ ing menika prelu lan ngginakaken *satuan lingual* ingkang kalebet perangan tembung saha panguwaosipun menika kalebet *hiponimi*.

Fungsi wontenipun *hiponimi* ing paragraf (17) inggih menika kangge ngraketaken gegayutan panguwaosing tembung saha peranganipun ing wacana kanthi semantis. Pamaos saged langkung cetha menawi unsur ingkang asipat umum menika dipunsukani pirembagan kanthi bab-bab kusus, antawisipun kanthi wontenipun tembung ‘raine’ ing ukara (17b) minangka panguwaosipun, saha wontenipun tembung ‘alise’ saha ‘lambene’ ugi ing ukara (17b) ugi wontenipun tembung ‘tjankeme’ saha ‘mripate’ ing ukara (17c) minangka peranganipun. Kejawi menika, wontenipun *hiponimi* ing paragraf kasebat nedahaken bilih ukara-ukara ing *data* (17) menika wonten gandheng cenengipun. Awit saking menika, wontenipun *kolokasi* menika kangge njurung *kekohesifan* paragrafipun.

e) **Antonimi kanthi Fungsi Nyethakaken Gegayutan Makna Kosok Wangsulipun**

Kohesi leksikal antonimi menika minangka *pemaduan* unsur-unsur wacana kanthi ngginakaken wujud ingkang nggayutaken teges kosok wangsulipun. Wontenipun *satuan lingual* kadosta tembung, frase, utawi klausa ingkang dipunsebataken ing satunggaling ukara lajeng dipunpanggihaken malih *satuan lingual* ing ukara-ukara salajengipun ingkang gadhah teges kosok wangsulipun menika ingkang kalebet *antonimi*. *Kohesi leksikal antonimi* kanthi fungsi nyethakaken gegayutan makna kosok wangsulipun ingkang dipunpanggihaken wonten ing novel LLKR kadosta tembung **gerah** ingkang *berantonimi* kaliyan **senggang**, frase **pating djledor** ingkang *berantonimi* kaliyan **sepi-mamring**, saha tembung **banter** ingkang *berantonimi* kaliyan **lirih** saged dipuntingali ing *data* (18), (19), saha (20) ngandhap menika.

(18) *Nanging pije oleku pertjaja marang bapak, bisa ngarih-arih panggalihe sibu, wong njatane sibu gerah ngono. Jen aku netepake : gerahe sibu kuwi mung bakal bisa senggang jen wis pirsira putra-putrane slamet. (LLKR 6)*

(19) *Dene suwarane bedil pating djledor lan suwara metralijur kang sadjak diempet-empet ngratani kuta ora mratelaake jen akeh wong tangi; sing muni kuwi sadjak mung barang mati, bledos karepe dewe. Nanging jen ditamat-tamatake kanggone wong kang wis kulina, enggal pada weruh jen sawatarane dalan sing sepi-mamring iku pada ana wong pating djruntul, wong obah2 metu saka pangumpetan sidji menjang pandelikan sidjine. (LLKR 27)*

(20) *“Mas, sing rada banter ben kupinge manungsa ja krungu. Jen lirih rak mung lembut wae sing tang iki mengko, tjelatune Sukardinam gemeter karo tolah-toleh maspadakake ngisor wis sawo. (LLKR 36)*

Tigang *data* ing nginggil wonten unsur-unsur ingkang *berantonimi* minangka wujud saking salah satunging jinis *kohesi leksikal*. *Data* (18) kasusun saking kalih ukara kados ing ngandhap menika.

(18a) *Nanging piye oleku pertjaja marang bapak, bisa ngarih-arih panggalihe sibu, wong njatane sibu gerah ngono.*

(18b) *Jen aku netepake : **gerahe** sibu kuwi mung bakal bisa **senggang** jen wis pirsu putra-putrane slamet.*

Ing *data* (18) nginggil nyariyosaken bilih Wiradi ing pengungsan kemutan kaliyan tiyang sepuhipun mliginipun ibunipun ingkang nembe gerah. Wiradi sajak boten pitados kaliyan bapakipun menawi bapakipun saged ngarih-arih panggalihipun ibu amargi ing kasunyatan ibu gerah. Ing panggalihipun Wiradi bilih gerahipun sibu menika namung badhe senggang menawi sampun pirsu bilih putra-putranipun slamet. Ing *data* (18) menika katingal tembung ingkang *berantonim* inggih menika antawisipun tembung ‘gerahe’ ing ukara (18b) kaliyan ‘senggang’ ing ukara (18b) ugi. Menawi dipuntingali ing *konteks* menika, tembung ‘gerah’ ing ukara (18b) menika minangka wujud krama inggil ingkang tegesipun lara. Wondene tembung ‘senggang’ ugi ing ukara (18b) menika wujud krama inggil ingkang tegesipun waras. Pramila tembung ‘gerah’ lan ‘senggang’ menika minangka tembung-tembung ingkang *berantonim* ing paragraf menika. Anggenipun mbuktekaken menawi *data* menika kalebet *antonimi* inggih menika kanthi cara ngicali *satuan lingual* ingkang minangka tembung kosok wangsulipun inggih menika tembung ‘senggang’. Menawi tembung ‘senggang’ menika dipunicali lajeng dipunwaos lan dipunjumbuhaken kaliyan konteks, pramila ngewahi informasi ingkang dipunandharaken saha boten *kohesif*. Awit saking

menika, wontenipun tembung kosok wangsulipun inggih menika tembung ‘senggang’ ingkang minangka kosok wangsulipun saking tembung ‘gerah’ menika prelu lan ngginakaken *satuan lingual* ingkang minangka kosok wangsulipun menika kalebet *antonimi*.

Fungsi wontenipun *kohesi leksikal antonimi* ing *data* (18) inggih menika nyethakaken gegayutan makna kosok wangsulipun ukara setunggal lan sanesipun ing satunggaling paragraf kangge njurung *kekohesifan* makna wacana kanthi semantis. Anggenipun ngginakaken *satuan lingual* ingkang minangka kosok wangsulipun ugi saged kangge nyethakaken wosing wicantenan utawi andharan kanthi ngambali *satuan lingual* ngginakaken teges kosok wangsulipun, inggih menika antawisipun tembung ‘gerahe’ saha ‘senggang’. Awit saking menika, wontenipun *antonimi* ing paragraf kasebat nedahaken bilih ukara setunggal lan sanesipun ing *data* (18) wonten gandheng cenengipun.

Salajengipun *data* (19) kasusun saking kalih ukara inggih menika.

(19a) *Dene suwarane bedil pating djledor lan suwara metralijur kang sadjak diempet-empet ngratani kuta ora mratelaake jen akeh wong tangi; sing muni kuwi sadjak mung barang mati, bledos karepe dewe.*

(19b) *Nanging jen ditamat-tamatake kanggone wong kang wis kulina, enggal pada weruh jen sawatarane dalan sing sepi-mamring iku pada ana wong pating djruntul, wong obah2 metu saka pangumpetan sidji menjang pandelikan sidjine.*

Salajengipun ing *data* (19) nyariyosaken kawontenan nalika ndalu ing kitha. Suwanten bedhil kepireng ing pundi-pundi, semanten ugi suwanten metraliyur ingkang wonten ing kitha ingkang boten nedahaken menawi kathah tiyang wungu amargi ingkang mungel menika mbokmenawi namung barang mati, mungel kajengipun piyambak. Ing *data* (19) menika wonten *satuan lingual*

ingkang minangka kosok wangsulipun, inggih menika frase ‘pating djledor’ ing ukara (19a) kaliyan frase ‘sepi-mamring’ ing ukara salajengipun inggih menika ukara (19b). Frase ‘pating djledor’ ing ukara (19a) menika tegesipun bilih ing kitha menika wonten kathah suwanten antawisipun suwanten bedhil. Wondene frase ‘sepi-mamring’ ing ukara (19b) menika tegesipun bilih ing margi menika kawontenanipun sepi. Frase ‘sepi-mamring’ menika kala wau minangka kosok wangsulipun saking frase ingkang wonten ukara saderengipun inggih menika ‘pating djledor’. Awit saking menika nedahaken bilih ing data menika wonten ingkang kalebet *kohesi leksikal antonimi* ingkang njurung *kekohesifan* paragraf. Anggenipun mbuktekaken menawi *data* menika kalebet *antonimi* inggih menika kanthi cara ngicali *satuan lingual* ingkang minangka tetembungan kosok wangsulipun inggih menika frase ‘sepi-mamring’. Menawi tembung ‘sepi-mamring’ menika dipunicali lajeng dipunwaos lan dipunjumbuhaken kaliyan konteks, pramila ngewahi informasi ingkang dipunandharaken saha boten *kohesif*. Awit saking menika, wontenipun tembung kosok wangsulipun inggih menika frase ‘sepi-mamring’ ingkang minangka kosok wangsulipun saking frase ‘pating djledor’ menika prelu lan ngginakaken *satuan lingual* ingkang minangka kosok wangsulipun menika kalebet *antonimi*.

Fungsi wontenipun *kohesi leksikal antonimi* ing *data* (19) inggih menika nyethakaken gegayutan makna kosok wangsulipun ukara setunggal lan sanesipun ing satunggaling paragraf kangge njurung *kekohesifan* makna wacana kanthi semantis. Anggenipun ngginakaken *satuan lingual* ingkang minangka kosok wangsulipun ugi saged kangge nyethakaken wosing wicantenan utawi andharan

kanthi ngambali *satuan lingual* ngginakaken teges kosok wangsulipun, inggih menika antawisipun frase ‘pating djledor’ saha ‘sepi mamring’. Awit saking menika, wontenipun *antonimi* ing paragraf kasebat nedahaken bilih ukara setunggal lan sanesipun ing *data* (19) wonten gandheng cenengipun.

Salajengipun *data* (20) kasusun saking kalih ukara ing ngandhap menika.

(20a) “Mas, sing rada **banter** ben kupinge manungsa ja krungu.

(20b) Jen **lirih** rak mung lelembut wae sing tangi iki mengko, tjelatune Sukardinam gemeter karo tolah-toleh maspadakake ngisor wis sawo.

Data (20) dipuncariyosaken bilih Wiradi lan Sukardiman sampun wonten ngajeng griyanipun Wiradi. Sukardiman wonten ngajeng griya ningal-ningali mbokmenawi wonten patroli dening Walandi, wondene Wiradi sampun wonten ngajeng konten griyanipun. Sukardiman wicanten bilih Wiradi kedah sora anggenipun ndhodhog konten supados tiyang-tiyang ingkang wonten ing nglebet griya saged mireng. Ing *data* (20) menika wonten *satuan lingual* ingkang tegesipun kosok wangsulipun inggih menika ing tembung ‘banter’ ing ukara (20a) saha tembung ‘lirih’ ing ukara (20b). Menawi dipuntingali ing *konteks* menika, tembung ‘banter’ ing ukara (20a) gadhah teges sora, inggih menika Sukardiman wicanten dhateng Wiradi supados langkung sora anggenipun ndhodhog konten lan kula nuwun. Wondene ing ukara (20b) wonten tembung ingkang minangka kosok wangsulipun saking ‘banter’ inggih menika ‘lirih’. Sukardiman wicanten bilih menawi Wiradi menika lirih anggenipun ndhodhog konten lan kula nuwun, samangke namung lelembut kemawon ingkang tangi, tegesipun tiyang-tiyang ingkang wonten nglebet griya boten mireng pramila boten enggal mbikakaken konten. Pramila tembung ‘banter’ lan ‘lirih’ menika minangka *satuan lingual*

ingkang *berantonim* ing paragraf menika. Wontenipun *kohesi leksikal antonimi* menika ndadosaken *kekohesifan* paragraf. Anggenipun mbuktekaken menawi *data* menika kalebet *antonimi* inggih menika kanthi cara ngicali *satuan lingual* ingkang minangka tembung kosok wangsulipun inggih menika tembung ‘lirih’. Menawi tembung ‘sepi-mamring’ menika dipunicali lajeng dipunwaos lan dipunjumbuhaken kaliyan konteks, pramila ngewahi informasi ingkang dipunandharaken saha boten *kohesif*. Awit saking menika, wontenipun tembung kosok wangsulipun inggih menika tembung ‘lirih’ ingkang minangka kosok wangsulipun saking tembung ‘banter’ menika prelu lan ngginakaken *satuan lingual* ingkang minangka kosok wangsulipun menika kalebet *antonimi*.

Fungsi wontenipun *kohesi leksikal antonimi* ing *data* (20) inggih menika nyethakaken gegayutan makna kosok wangsulipun ukara setunggal lan sanesipun ing satunggaling paragraf kangge njurung *kekohesifan* makna wacana kanthi semantis. Anggenipun ngginakaken *satuan lingual* ingkang minangka kosok wangsulipun ugi saged kangge nyethakaken wosing wicantenan utawi andharan kanthi ngambali *satuan lingual* ngginakaken teges kosok wangsulipun, inggih menika antawisipun tembung ‘banter’ saha ‘lirih’. Awit saking menika, wontenipun *antonimi* ing paragraf kasebat nedahaken bilih ukara setunggal lan sanesipun ing *data* (20) wonten gandheng cenengipun.

f) Ekuivalensi kanthi Fungsi Nedahaken Sesambetan Kesepadanan

Kohesi leksikal ekuivalensi menika minangka *pemaduan* unsur-unsur wacana kanthi ngginakaken wujud ingkang nggayutaken *kesepadanan* ing satunggaling *paradigama* kadosta tembung-tembung asiling proses *afiksasi*.

Wontenipun *satuan lingual* kadosta tembung utawi frase asiling *afiksasi* ingkang dipunsebataken ing satunggaling ukara lajeng ing ukara-ukara salajengipun dipunpanggihaken malih *satuan lingual* sanes ingkang tembung lingganipun sami ananging ugi minangka asiling proses afiksasi menika ingkang kalebet *ekuivalensi*. *Kohesi leksikal ekuivalensi* kanthi fungsi nedahaken sesambetan *kepadanan* ingkang dipunpanggihaken ing novel LLKR kadosta tembung *lumaku* ingkang *berekuivalensi* kaliyan tembung *lakune*, *omahe* ingkang berekuivalensi kaliyan tembung *ngomah*, saha *nggropjok* ingkang berekuivalensi kaliyan tembung *digropjok* saged dipuntingali ing *data* (21), (22), saha (22) ngandhap menika.

- (21) “Kita liwat Putat apa Beton mas?” salah sidjine kantja kang *lumaku* pernah ngarep. Kantja kuwi pendek dedege, *lakune* ora patija rekasa merga gawane ora abot. (LLKR 19)
- (22) Wong lumrahe seneng ana *omahe* dewe ditunggoni ibu-bapake. Nanging ana wektune wong ora krasan suwe2 ana *ngomah*; ja kaja sing dialami dening Wiradi. (LLKR 52)
- (23) Apa deweke mengko sadina ana ngomah ta? Deweke dewe ora ngerti. Mestine ja ana ngomah. Nanging deweke kuwatir jen Landa awan iki bakal *nggropjok* omahe. Dadi betjike deweke ontjat sadurunge *digropjok*. (LLKR 53)

Paragraf (21) ing nginggil kasusun saking kalih ukara. Kalimat ingkang nyusun *data* ing nginggil inggih menika.

- (21a) “Kita liwat Putat apa Beton mas?” salah sidjine kantja kang *lumaku* pernah ngarep.
- (21b) Kantja kuwi pendek dedege, *lakune* ora patija rekasa merga gawane ora abot.

Ing *data* (21) nyariyosaken bilih Wiradi, Wiranta saha kanca-kancanipun sampun wiwit bidhal badhe dhateng kitha, dhateng griyanipun Wiradi lan Wiranta

saprelu tuwi tiyang sepuhipun mliginipun ibunipun ingkang dipunwartakaken gerah. Sukardiman nyuwun pirsu dhateng Wiranta. Ing *data* (21) menika dipunandharaken bab Sukardiman inggih menika salah satunggalipun kanca ingkang ndherek dhateng kitha. Sukardiman menika mlampah ing ngajeng. Piyambakipun dedegipun andhap lan lampahipun boten rekaos amargi boten mbeta gawan ingkang awrat. Ing ukara (21a) menika wonten tembung ‘lumaku’ lan ing ukara (21b) wonten tembung ‘lakune’. Kalih tembung menika minangka asil proses *afiksasi* saking tembung lingga ingkang sami inggih menika laku. Tembung ‘lumaku’ ing ukara (21a) pikantuk seselan -um-, wondene tembung ‘lakune’ ing ukara (21b) pikantuk panambang -ne. Awit saking wontenipun asiling *afiksasi* saking *morfem asal* ingkang sami nedahaken bilih ing *data* (21) wonten *kohesi leksikal ekuivalensi*. Anggenipun mbuktekaken menawi *data* menika kalebet *ekuivalensi* inggih menika kanthi cara ngicali *satuan lingual* ingkang minangka tembung ingkang *sepadan* inggih menika tembung ‘lakune’. Menawi tembung ‘lakune’ menika dipunicali lajeng dipunwaos lan dipunjumbuhaken kaliyan konteks, pramila ngewahi informasi ingkang dipunandharaken saha boten *kohesif*. Awit saking menika, wontenipun tembung ingkang *sepadan* inggih menika tembung ‘lakune’ ing ukara (21b) ingkang *sepadan* kaliyan tembung saderengipun inggih menika ‘lumaku’ ing ukara (21a) menika prelu lan ngginakaken *satuan lingual* ingkang *sepadan* menika kalebet *ekuivalensi*.

Fungsipun wonten *ekuivalensi* ing *data* (21) inggih menika nedahaken sesambetan kesepadanan ing ukara setunggal saha ukara sanesipun ing paragraf

amargi wontenipun tembung ‘lumaku’ ing ukara (21a) saha tembung ‘lakune’ ing ukara (21b) minangka *ekuivalensi*. Awit saking menika, wontenipun *ekuivalensi* ing paragraf kasebat nedahaken bilih ukara setunggal lan sanesipun ing *data* (21) wonten gandheng cenengipun pramila *ekuivalensi* ugi njurung *kekohesifan* paragraf.

Salajengipun *data kohesi leksikal ekuivalensi* wonten *data* (22) ingkang kasusun saking kalih ukara. Kalih ukara kasebat dipunandharaken ing ngandhap menika.

(22a) *Wong lumrahe seneng ana **omahe** dewe ditungoni ibu-bapake.*

(22b) *Nanging ana wektune wong ora krasan suwe2 ana **ngomah**; ja kaja sing dialami dening Wiradi.*

Ing *data* (22) nyariyosaken bilih Wiradi sampun dumugi wonten griyanipun piyambak lan pinanggih kaliyan bapak ibunipun. Ananging Wiradi kedah enggal-enggal medal saking griyanipun saderengipun wonten pangledhahan dening Walandi. Limrahipun tiyang menika remen wonten griyanipun piyambak dipuntengga dening tiyang sepuhipun. Ananing wonten wekdal ingkang ndadosaken tiyang boten kraos dangu-dangu ing griya, inggih kados ingkang dipunlampahi dening Wiradi. Ing ukara (22a) menika wonten *satuan lingual* ‘omahe’ lan ing ukara (22b) wonten *satuan lingual* ‘ngomah’. Tembung kekalih menika minangka asil proses *afiksasi* saking tembung lingga ingkang sami inggih menika omah. Tembung ‘omahe’ ing ukara (22a) pikantuk panambang –e , wondene tembung ‘ngomah’ ing ukara (22b) pikantuk ater-ater anuswara ng-. Awit saking wontenipun asiling *afiksasi* saking *morfem asal* ingkang sami ing *data* (22) nginggil nedahaken wontenipun *hubungan ekuivalensi* ingkang

nedahaken *kekohesifan* paragraf. Anggenipun mbuktekaken menawi *data* menika kalebet *ekuivalensi* inggih menika kanthi cara ngicali *satuan lingual* ingkang minangka tembung ingkang *sepadan* inggih menika tembung ‘ngomah’. Menawi tembung ‘ngomah’ menika dipunicali lajeng dipunwaos lan dipunjumbuhaken kaliyan konteks, pramila ngewahi informasi ingkang dipunandharaken saha boten *kohesif*. Awit saking menika, wontenipun tembung ingkang *sepadan* inggih menika tembung ‘ngomah’ ing ukara (22b) ingkang *sepadan* kaliyan tembung saderengipun inggih menika ‘omahe’ ing ukara (22a) menika prelu lan ngginakaken *satuan lingual* ingkang *sepadan* menika kalebet *ekuivalensi*.

Fungsipun wonten *ekuivalensi* ing *data* (22) inggih menika nedahaken sesambetan *kesepadanan* ing ukara setunggal saha ukara sanesipun ing paragraf amargi wontenipun tembung ‘omahe’ ing ukara (22a) saha tembung ‘ngomah’ ing ukara (22b) minangka *ekuivalensi*. Awit saking menika, wontenipun *ekuivalensi* ing paragraf kasebat nedahaken bilih ukara setunggal lan sanesipun ing *data* (22) wonten gandheng cenengipun pramila *ekuivalensi* ugi njurung *kekohesifan* paragraf.

Salajengipun *data kohesi leksikal ekuivalensi* wonten *data* (23). *Data* (23) ing nginggil kasusun saking sekawan ukara. Sekawan ukara kasebat dipunandharaken ing ngandhap menika.

(23a) *Apa deweke mengko sadina ana ngomah ta? Deweke dewe ora ngerti.*

(23b) *Mestine ja ana ngomah.*

(23c) *Nanging deweke kuwatir jen Landa awan iki bakal **nggropjok** omahe.*

(23d) *Dadi betjike deweke ontjat sadurunge **digropjok**.*

Ing *data* (23) nyariosaken bilih nalika ing griya, Wiradi bingung menapa sedinten menika badhe tetep wonten griya menapa boten. Mesthinipun inggih

piyambakipun wonten griya. Ananging Wiradi ugi kuwatos menawi tetep wonten ing griya lajeng Walandi nggropyok griyanipun. Pramila prayoginipun Wiradi medal saking griyanipun saderengipun dipungropyok dening Walandi. Ing ukara (23c) menika wonten *satuan lingual* ‘nggropjok’ lan ing ukara (23d) wonten *satuan lingual* ‘digropjok’. Tembung kekalih menika minangka asil proses *afiksasi* saking tembung lingga ingkang sami inggih menika *gropjok* utawi *gropyok*. Tembung ‘nggropjok’ ing ukara (23c) pikantuk ater-ater anuswara ng-, wondene tembung ‘digropjok’ ing ukara (23d) pikantuk ater-ater di-. Awit saking wontenipun asiling *afiksasi* saking *morfem asal* ingkang sami ing *data* (23) nginggil nedahaken wontenipun *ekuivalensi*. Anggenipun mbuktekaken menawi *data* menika kalebet *ekuivalensi* inggih menika kanthi cara ngicali *satuan lingual* ingkang minangka tembung ingkang *sepadan* inggih menika tembung ‘digropjok’. Menawi tembung ‘digropjok’ menika dipunicali lajeng dipunwaos lan dipunjumbuhaken kaliyan konteks, pramila ngewahi informasi ingkang dipunandharaken saha boten *kohesif*. Awit saking menika, wontenipun tembung ingkang *sepadan* inggih menika tembung ‘digropjok’ ing ukara (23b) ingkang *sepadan* kaliyan tembung saderengipun inggih menika ‘nggropjok’ ing ukara (23a) menika prelu lan ngginakaken *satuan lingual* ingkang *sepadan* menika kalebet *ekuivalensi*.

Fungsipun wonten *ekuivalensi* ing *data* (23) inggih menika nedahaken sesambetan kesepadanan ing ukara setunggal saha ukara sanesipun ing paragraf amargi wontenipun tembung ‘nggropjok’ ing ukara (23c) saha tembung ‘digropjok’ ing ukara (23d) minangka *ekuivalensi*. Awit saking menika,

wontenipun *ekuivalensi* ing paragraf kasebat nedahaken bilih ukara setunggal lan sanesipun ing *data* (23) wonten gandheng cenengipun pramila *ekuivalensi* ugi njurung *kekohesifan* paragraf.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembaran ngengingi *kohesi leksikal* ing novel Lara Lapane Kaum Republik (LLKR), saged kapendhet dudutanipun kados ing ngandhap menika.

1. Jinis *kohesi leksikal*

Kohesi leksikal minangka piranti kangge njurung *kepaduan* wacana kadosta ingkang wonten ing wacana novel LLKR. Jinis *kohesi leksikal* ingkang dipunpanggihaken ing novel menika wonten 6 jinis antawisipun (1) *repetisi (pengulangan)* ingkang kaperang dados kalih inggih menika *repetisi wetah saha repetisi saperangan*, (2) *sinonimi (padan kata)*, (3) *kolokasi (sanding kata)*, (4) *hiponimi (hubungan atas bawah)*, (5) *antonimi (lawan kata)*, sarta (6) *ekuivalensi (kesepadanan)*.

2. Fungsi *kohesi leksikal*

Fungsi *kohesi leksikal* ingkang wonten ing wacana novel LLKR antawisipun *repetisi wetah* kangge nedahaken bab ingkang wigatos ing paragraf saha kangge nyethakaken satunggaling bab ing paragraf, *repetisi saperangan* kangge *efisiensi* tembung, *sinonimi* kangge *variasi* ing teks saha kangge nedahaken raos ingkang trep, *kolokasi* kangge nuntasaken topik saha kangge nedahaken pasangan tembung, *hiponimi* kangge ngraketaken gegayutan panguwaosing tembung saha peranganipun,

antonimi kangge nyethakaken gegayutan makna kosok wangsulipun, saha *ekuivalensi* kangge nedahaken sesambetan *kese padanan*.

Umumipun, panganggening *kohesi leksikal* ing wacana novel LLKR menika kangge njurung *kepaduan* cariyos. Kanthi ngginakaken *kohesi leksikal* menika nggampilaken dhateng pamaos anggenipun mangertosi gegayutanipun ukara setunggal mbaka setunggal ing saben paragraf pramila ketingal *kepaduan* wacana novel LLKR. Panganggening *kohesi leksikal* ing novel LLKR ingkang dipunginakaken ugi *variatif*. *Variatif*ipun *kohesi leksikal* menika supados karya sastra ingkang awujud wacana novel LLKR menika gadhah fungsi *kebahasaan* ingkang cetha saha endah.

B. Implikasi

Panaliten ngengingi bab *kohesi leksikal* menika minangka panaliten ingkang gegayutan kaliyan panganggening basa ingkang dipunginakaken kangge sesrawungan ing padintenan, ananging dipunwujudaken mawi sarana ingkang arupi satunggaling asil karya sastra inggih menika novel. Asiling panaliten saha pirembaganipun ing novel *Lara Lapane Kaum Republik* ngengingi bab *kohesi leksikal* menika saged dipunginakaken ing pasinaon ingkang gegayutan kaliyan *kohesi*. Kanthi pasinaon bab *kohesi* menika saged nambahi seserepan bidang *linguistik* kangge para mahasiswa ingkang badhe sinau bidang *linguistik* saha saged dipungladhi kangge damel wacana ingkang *kohesif* satemah ndadosaken wacana ingkang sae. Kejawi menika ugi saged dipunginakaken dening guru minangka materi kangge mucal mliginipun ing kaprigelan nyerat kadosta damel karangan.

C. Pamrayogi

Kajian bab aspek *kohesi* mliginipun *kohesi leksikal* menika wiyar. Kangge panaliti sanesipun, adhedhasar panaliten menika saged kangge dhasar panaliten sanes ingkang langkung lebet amargi asiling panaliten menika taksih winates. Panaliti sanes ingkang badhe nлити babagan kajian wacana mliginipun *kohesi* menika saged nлити bab-bab sanes kangge njangkepi panaliten menika kadosta wosing perkawis sanes ingkang gegayutan kaliyan *kohesi*, utawi *kohesi* kanthi subjek sanesipun wonten ing kalawarti, wonten ing iklan, utawi sapanunggalanipun.

DHAFTAR PUSTAKA

- Alkhadiyah, Sabarti, dkk. 1988. *Pembinaan Kemampuan Menulis Bahasa Indonesia*. Jakarta : Erlangga.
- Alwi, Hasan dkk. 1998. *Tata Bahasa Baku Bahasa Indonesia*. Jakarta : Balai Pustaka.
- Anggono, Priyo. 2008. Analisis Kohesi antarkalimat Kolom Tajuk Rencana Harian Suara Merdeka. *Skripsi S1*. Yogyakarta : Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia, FBS UNY.
- Aritonang, Buha, dkk. 2009. *Kohesi Leksikal dalam Editorial Surat Kabar Nasional*. Jakarta : Departemen Pendidikan Nasional
- Chaer, Abdul. 1994. *Linguistik Umum*. Jakarta : Rineka Cipta.
- Djajasudarma, Fatimah. 1994. *Wacana : Pemahaman dan Hubungan antarunsur*. Bandung : Eresco.
- Fakultas Bahasa dan Seni. 2012. *Panduan Tugas Akhir*. Yogyakarta : FBS UNY
- Indiyastini, Titik. 2009. *Kohesi dan Koherensi Paragraf Deskriptif dalam Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Balai Bahasa yogyakarta.
- Januari, Kukira. 2010. Kohesi dan Koherensi Wacana dalam Novel Mendhung Kesaput Angin Karya AG Suharti. *Skripsi S1*. Yogyakarta : Program Studi Pendidikan Jawa, FBS UNY.
- Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah. 2012. *Suplemen Panduan Tugas Akhir Skripsi*. Yogyakarta : FBS UNY.
- Keraf, Gorys. 2004. *Komposisi*. Ende : Nusa Indah.
- Kridalaksana. 1983. *Kamus Linguistik*. Jakarta : Gramedia.
- Mulyana. 2005. *Kajian Wacana*. Yogyakarta : Tiara Wacana.
- Nurgiyantoro, Burhan. 1995. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta : Gadjah Mada University Press.
- Rani, Abdul, Bustanul Arifin dan Martutik. 2006. *Analisis Wacana Sebuah Kajian Bahasa dalam Pemakaiannya*. Malang : Banyumedia.

- Ramlan, M. 1993. *Paragraf Alur Pikiran dan Kepaduannya dalam Bahasa Indonesia*. Yogyakarta : Andi Offset.
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2001. *Paramasastra Gagrak Anyar Basa Jawa*. Jakarta : Yayasan Paramalingua.
- Setiyono, Edi. 2007. *Kohesi dan Koherensi dalam Wacana Dialog Bahasa Jawa*. Yogyakarta : Balai Bahasa Yogyakarta.
- Sudaryanto. 1988. *Metode Linguistik*. Yogyakarta : Gadjah Mada University Press.
- Sudaryat, Yayat. 2008. *Makna dalam Wacana*. Yogyakarta : Yrama Widya.
- Suladi dkk. 2000. *Kohesi dalam Media Cetak Bahasa Indonesia*. Jakarta : Pusat Bahasa Depdiknas.
- Sumadi, dkk. 1995. *Kohesi dan Koherensi dalam Wacana Naratif Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Proyek Pembinaan Bahasa dan Sastra Indonesia dan Daerah.
- Sumarlam. 2003. *Teori dan Praktik Analisis Wacana*. Solo : Pustaka Cakra Surakarta.
- Tarigan, Henry Guntur. 1987. *Pengajaran Wacana*. Bandung : Angkasa.
- Tim Penyusun. 2001. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta : Balai Pustaka.
- Tim TAS Jurusan. 2012. *Suplemen Panduan Penulisan Tugas Akhir Skripsi (TAS)*. Yogyakarta : Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FBS UNY.
- Universitas Negeri Yogyakarta. 2011. *Pedoman Penulisan Tugas Akhir*. Yogyakarta : UNY
- Wedhawati. 2006. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir*. Yogyakarta : Kanisius.
- Wikipedia. 2013. Kohesi Kimia. [http://id.m.wikipedia.org/wiki/kohesi-\(kimia\)/](http://id.m.wikipedia.org/wiki/kohesi-(kimia)/) .
Diunduh 11 Juli 2013.

No.	Deskripsi wacana	Jinis kohesi leksikal						Fungsi										Katrangan		
		R		S	K	H	A	E	a	b	c	d	e	f	g	h	i		j	
		W	S																	
1.	<p>Kabar saka kuta mratelaake jen wong tuwane sakloron wis bali saka pangungsen lan bisa ngenggoni daleme maneh. Amung ibune katjaritaake nandang gerah maras, bisa uga ngrasaake barang-barange diadul-adul wong nalika ditinggal ngili. Nanging saka pamikire Wiradi, gerahe ibune merga ngrasaake dene bubar geger dar dor kok putra-putrane telu pisan ora ana sing pada katon. Sebab jen mung barang wae wis wiwit satekane Djepang bijen, wong tuwane nandang kemlaratan sakatoge, njatane ibune ja seger meger2 wae, bagas – kuwarasan. (5/1)</p>																			<p>wong tuane ibune</p> <p>➤ wong tuwane ➤ ibune</p> <p>seger meger2 = bagas-kuwarasan</p>
2.	<p>“Keprije dimas, apa ora prajoga kita ngaton ing ngarsane sibu sedela, supaja</p>																			<p>sibu</p>

No.	Deskripsi wacana	Jenis kohesi leksikal						Fungsi										Katrangan				
		R		S	K	H	A	E	a	b	c	d	e	f	g	h	i		j			
		W	S																			
	bisa ngarih-arih panggalihe sibu , wong njabatane sibu gerah ngono. Jen aku netepake : gerahe sibu kuwi mung bakal bisa senggang jen wis pirsane putra-putrane slamet. (5/8)																					gerah >< senggang
7.	“Adja, kangmas! Kuwi mbebajani. Jen ngantija pak Lodang digledah ketemon lajange, mesakke deweke. Lajang apa wae jen wong ndesa kaja pak Lodang sing ngawa mesti dianggep njalawadi, ora wurung ditangkep, dikon djarwaake wadine, dipilara . Kangmas apa ora kemutan pak Karijamentes sing disiksa Landa ana Djurang nganti mati bijen kae?” (6/1)																					dipilara = disiksa

No.	Deskripsi wacana	Jenis kohesi leksikal						Fungsi										Katrangan	
		R		S	K	H	A	E	a	b	c	d	e	f	g	h	i		j
		W	S																
8.	La jen tanpa lajang tulisane kene, apa ja sibu-bapak pertjaja ? Karo meneh gerah maras kaja ngana ora gampang pertjaja menjang kabar angin, apa maneh sing ngabarake wong tani ala kaja pak Lodang. Elinga lo di, ibu kita ki mung sidji. Jen ilang ora bisa ditemu maneh. (6/2)																		<ul style="list-style-type: none"> ➤ sibu >< bapak ➤ pertjaja >< ora gampang pertjaja
9.	“Ah, kangmas ki kok neka2. Tak aturi menggalih kaanane ta kangmas . La wong Landa olehe ngintjim-intjim njang pemuda2 kepati-pati kok kita klujur2 mlebu kuta. Iki mengko rak ora sido ngleremake penggalihhe sibu, nanging ngulungake pati-uripe dewe menjang mungsuh”. Wiranta tjelatu rada songol. Deweke sanadyan kaprenah enom, kantja-kanjane pada ngreti jen pangretene luwih																		kangmas

No.	Deskripsi wacana	Jinis kohesi leksikal						Fungsi										Katrangan			
		R		S	K	H	A	E	a	b	c	d	e	f	g	h	i		j		
		W	S																		
	lantip tinimbang kangmase. (6/3)																				
10.	Wong loro mau saikine isih pada tjekel bedil belani negara ana desa bawah Bekonang wetan Sala. Landa kang ngedjeki kuta lagi greget-gregete nanggulangi pemuda kang saben bengi nlusup mlebu kuta lan nganakake serangan2 menjang tangsi2. (6/4)																				kuta
																					desa, kuta
																					desa >< kuta
11.	Wiradi durung lega atine. Saploke krungu kabar saka kuta bab kondure wong tuwane saka pangungsen lan ibune nandang gerah maras, deweke tansah																				<ul style="list-style-type: none"> ➤ kabar, ➤ kuta, ➤ ibune, ➤ deweke

No.	Deskripsi wacana	Jenis kohesi leksikal						Fungsi										Katrangan		
		R		S	K	H	A	E	a	b	c	d	e	f	g	h	i		j	
		W	S																	
	tontomen kepingin ketemu ibune wae. Bareng ngerti jen adine mantep ora gelem marak ibune , deweke bandjur marani Kusnarna, kantja sing wingenane sedina bisa mlebu dedelikan menjang kuta lan saiki nggawa kabar keluarga2 lan kaanan kuta wektu iki. (6/5)																			kulawarga ibune, adine
12.	“Embuh ja mas. Aku dewe uga ora kanti sowan njang Widuran , nanging miturut dawuhe sibu –sibuku- bu Wiradad wis kondur njang Widuran . Mung putra-putrane telu pisan durung ana sing katon kondur . (7/1)																			➤ kondur, ➤ Widuran
13.	Wirastuti iku sedulure ragil , sedela sadurunge Landa mlebu kuta sekolahe diliburake merga geger P.K.I ing Madiun lan deweke bijantu ana Biro Perdjuwangan																			Landa mlebu
																				sedulure ragil adine ragil

No.	Deskripsi wacana	Jinis kohesi leksikal						Fungsi										Katrangan		
		R		S	K	H	A	E	a	b	c	d	e	f	g	h	i		j	
		W	S																	
	awan2 djare. (8/3)																			
15.	Sawise Wiranta ngandarake kabar kang digawa Narna bab gerahing ibune lan karepe arep sowan ibune bengi iki perlu nentremake penggalihe, sakantja pada sarudjuk bengi iku mlebu kuta. Tjatjahe kabeh ana telulas uwong, sanadjan gegamane ora pati lengkap ora kabeh nduweni karaben utawa bedil adoh lijane, nanging kabeh nduwe tjekelan, ora ketan pistol utawa granat . (10/1)																			ibune gegamane bedil, pistol, granat
16.	Wektu iki mangsa ketiga , sasi Djuli 1949, wis suwe ora ana udan , dalan2 ing pradesan bleduke muleg , sawah2 pada garing lan kalen2 asat . Kang kaja mangkono mau mung ndadekake bisane gegantjangan mengko anggone pada																			mangsa ketiga ora ana udan, bleduke muleg, garing, asat

No.	Deskripsi wacana	Jinis kohesi leksikal						Fungsi										Katrangan	
		R		S	K	H	A	E	a	b	c	d	e	f	g	h	i		j
		W	S																
	lumaku dedemitan mlebu kuta. (10/2)																		
17.	Wajah rembang surup Wiranta sakantja pada mangan bebarengan ing omahe pak lurah, diladeni Waginah anake Sadikrama lan Kartini putrane den Wira pjaji Bromantakan sing ngungsi mrono, sarta ditunggoni para sesepuh kaja ta pak lurah sekalijan lan bu Danu, pada rerembungan sing lutju2. (10/3)																		anake = putrane
																			para sesepuh lurah

No.	Deskripsi wacana	Jenis kohesi leksikal						Fungsi										Katrangan	
		R		S	K	H	A	E	a	b	c	d	e	f	g	h	i		j
		W	S																
18.	Sakwise rampung mangan kabeh pada pamitan sing pada ditinggal, bandjur budalan. Lakune ora liwat dalan , nanging nratas liwat galengan , marga jen liwat dalan isih pada kuwatir jen kepranggul patroli2 Landa sing nekat metu saka pos2 pendjagaan, saora-orane ja njingkiri pangulate mata2 mungsuh. Dene bebajane liwat galengan kuwi kadjaba rada repot lakune marga tjijut ora rata, kanggone sing pada ora sepaton ja wedi Kjai Otot, jaiku ula sing uga tlusuran liwat galengan . Mula, mumpung tjandikala isih madangi bumi, botjah2 pada gegantjangan lakune, mangulon parane. (11/1)																		liwat dalan, liwat galengan
19.	“Kita liwat Putat apa Beton mas?” salah sidjine kantja kang lumaku pernah																		kantja

No.	Deskripsi wacana	Jenis kohesi leksikal						Fungsi										Katrangan					
		R		S	K	H	A	E	a	b	c	d	e	f	g	h	i		j				
		W	S																				
	ora. (12/2)																						
22.	Saiki lakune pada rerundukan kaja ketju ndedepi, pating djruntul kaja botjah djelungan. Narna kaja adat saben nguduni perenge Bengawan disik dewe. Kantja-kantjane pada ana tangguling kali ngenteni sasmitane, pada ngampet ambegan. Sedela																						
	dienteni , ora ana baneke. Dienteni rada																						
	suwe , isih ora ana sasmita apa2. Wiranta bandjur njingsoti mitrane, takon apa deweke slamet. Narna ora mangsuli. Kantja2 saja trataben.(12/4)																						

No.	Deskripsi wacana	Jinis kohesi leksikal						Fungsi										Katrangan		
		R		S	K	H	A	E	a	b	c	d	e	f	g	h	i		j	
		W	S																	
23.	“Mas, iki tak kira penggewene peri kedung kene : mas Narna diumpetke. Peri ki djare nduwe kraton ana sangisore banju, mas. Jen panggawene djalma manungsa wae mesti ora ngilang sepi kaja ngene iki...” (13/1)																			panggawene, peri
24.	Wiranta ora mangsuli, ilang ambles menjang petengan . Deweke grajang2 lemah kang bakal dipidak, gremetan tjenunak-tjenunuk ing batin sumpeg atine .																			petengan, petenge
	Jen ngantija kelangan Narna deweke mesti bakal tjoto, sebab Narna kedjaba botjah																			grajang2 = gremetan Sumpeg atine = anjel banget
	kendel, graitane adoh lan mumpuni . Mula deweke anjel banget dene petenge kok ndumuk irung. (13/3)																			kendel, graitane adoh lan mumpuni
25.	Saja suwe Wiranta saja adoh anggone																			dasare kali

No.	Deskripsi wacana	Jenis kohesi leksikal						Fungsi										Katrangan																	
		R		S	K	H	A	E	a	b	c	d	e	f	g	h	i		j																
		W	S																																
	nlusur dasare kali Sala mangsa ketiga. Dasare kali wedi malela kang wis pirang2 minggu ora katjak banju , marga iline banju Bengawan mung prasasat kali tjilik kang ora mingsra. (13/4)																																		banyu
